**WO`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI' JOQARI' HA`M WORTA ARNAWLI' BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATI'NDAG`I' QARAQALPAQ MA`MLEKETLIK UNIVERSITETI**

*Qol jazba huqi'qi'nda*

*UDK 894.375: 80*


## Qaniyazova Feruza Adilbaevna


# Qaraqalpaq a'debiyati'nda balladalardi'n' janrli'q ko'rkemlik wo'zgesheligi

### 5A-120101 A`debiyattani'w (Qaraqalpaq a`debiyati')

**Magistr da`rejesin ali'w ushi'n jazi'lg`an dissertaciya**

MAK da jaqlawg`a ruxsat
Magistratura bo'limi baslig`i'
_______doc. Gulimov A.

Kafedra baslig`i:__________f.i.k.doc. Qoni'sbay Yusupov

Ilimiy basshi:___________f.i.d. prof. Quwani'shbay Worazi'mbetov

**No`kis-2013**

MINISTRY OF HIGHER AND SECONDARY SPECIALIZED EDUCATION OF THE RESPUBLIC UZBEKISTAN

KARAKALPAK STATE UNIVERSITY NAMED AFTER BERDAKH

Faculty: Postgraduate department

Chair: The Theory of literature and the methodology of teaching

Academic year: 2011-2012/2012-1013

The scientific leader: K.Orazimbetov

Postgraduate: F.Kaniyazova

Specialization: "Literary Criticism"

## THE ANNOTATION OF THE DISSERTATION FOR THE MASTER DEGREE

**The importance of the theme.** At the beginning of 30-s in XX century there were written works in style of ballads, but on these way there were not written any science work. Among the most of scientists were debates, opinions about the style of ballads, what kind of style was it. Not to learn full of the specific diffeence of the style ballads we will not difference of this problems. This gave us the actualization of the theme on its turn.

**The goal and objectives of the study.** The aim of the work – to open the relationship of the style of ballads. By this aim we have learnt the ballads in karakalpak literature to the ages, to point the developing evolution and trends, and put the problems to analyse by artistic sides.

**The object and the subject of research**. The subject of the work – to open the style of ballads and the artistic difference, the thematic varieties. The object of research we take the words on the style of ballads B.Qaypnazarov, I.Yusupov, J.Aymurzaev, M.Karabaev, U.Pirjanov, J.Izbasqanov, K.Karimov and gave analyse.

**Research methodology and methods.** During the research of the theme, we made use of President I.A.Karimov's work and the methods of discussing and analyzing of literary works from the scientific-theoretical books by Russian, Uzbek and Karakalpak literary scientists.

**The level of scientific innovation of the results of research.** We have learnt the ballads of its devoloping evolution ways, also difference the style, artistic, the themaical ideas.

**The result of research, its importance inpractice and its suggestion**. From our works results who works to study literatury conduct, seachers, students may use from our works results.

**The structure and contents of the study.** The work consists of 94 pages, introduction of the work, 4 chapter, conclusion and the list of using literatures.

**The basic results of the completed work**. The master's dissertation was carried out at the department of the Theory of Literature and Methods of Teaching of Karakalpak State University named after Berdakh and underwent a discussion at the joint meeting of the lecturers and professors of this department and the department of Karakalpak Literature and Folklore. Three articles were published on the scientific results of the dissertation.

**A short generalized from of the conclusion and proposals.** The researching of ballads have learnt not only in theoretically but it was importance in practically. We have tried the difference of the style of ballads legislation and analyse the famous world literature's works. This meant that there will be write famous works in karakalpak literature and we think it helps the developing the karakalpak ballads in our future life.

Scientific advisor: ________________ K.Orazimbetov.
The doctor of philology science, professor.

Postgraduate: _________________ Feruza Kaniyazova

WO’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

Fakultet: Magistratura bo’limi

Kafedra: A’debiyat teoriyasi’ ha’m woqi’ti’w metodikasi’

Woqi’w ji’li’: 2011-2012/2012-1013

Ilimiy basshi’: Quwani’shbay Worazi’mbetov

Magistratura studenti: Qaniyazova Feruza

Qa’nigeligi: A’debiyattani’w

## MAGISTRLIK DISSERTACIYASI’ ANNOTACIYASI’

**Temani’n’ a’hmiyeti**. Qaraqalpaq a’debiyati’nda XX a’sirdin’ 30-ji’llari’nan baslap ballada janri’nda shi’g’armalar do’retilse de, bul bag’darda usi’ ku’nge shekem ilimiy jumi’s islenbedi. Ko’pshilik ilimpazlar arasi’nda ballada janri’n qaysi’ tu’rge kirgiziw kerekligi haqqi’nda tarti’sli’ pikirler ushi’raydi’. Balladani’n’ janrli’q wo’zgesheligin, sfecifikasi’n toli’q u’yrenip shi’qpay turi’p bul ma’seledegi shatasli’qlardi’ sheshiw qi’yi’n.

**Jumi’sti’n’ maqset ha’m wazi’ypalari’**. Jumi’sti’n’ maqseti – balladalardi’n’ janrli’q qa’siyetin ashi’p beriwden ibarat. Usi’ maqsetti a’melge asi’ri’wda qaraqalpaq a’debiyati’nda do’retilgen balladalardi’ da’wirlerge bo’lip, woni’n’ evolyuciyali’q rawajlani’w tendenciyasi’n ani’qlaw, ko’rkemlik jaqtan anali’zlew siyaqli’ wazi’ypalar qoyi’ldi’.

**Izertlew obiekti ha’m predmeti**. İzertlew obiekti si’pati’nda B.Qayi’pnazarov, I.Yusupov, J.Aymurzaev, M.Qarabaev, U.Pirjanov, J.Izbasqanov, K.Karimovlardi’n’ ballada janri’nda jazi’lg’an shi’g’armalari’n analizge tartti’q.

**Izertlew metodologiyasi’ ha’m usi’llari’.** Izertlewde Prezident İ.A.Karimovti’n’ miynetlerindegi a’debiyat ha’m woni’n’ ja’miyettegi worni’, ko’rkem-estetikali’q woy-pikirler metodologiyali’q tiykar yetip ali’ndi’. Jumi’sta sal?st?rma-tipologiyal?q, ko’rkem-estetikal?q, struktural?q metodlar’?han paydalani’ldi’.

**Izertlew na’tiyjelerinin’ ilimiy ta’repten jan’ali’q da’rejesi**. Jumi’si’mi’zda qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ balladalardi’n’ evolyuciyali’q rawajlani’w bag’darlari’n, sonday-aq balladalardi’n’ janrli’q, ko’rkemlik, ideya-tematikali’q wo’zgesheligin u’yrendik.

**Izertlew na’tiyjelerinin’ a’meliy a’hmiyeti ha’m qollani’li’wi’**. Izertlew jumi’si’mi’zdi’n’ na’tiyjelerinen a’debiyattani’w ilimi menen shug’i’llani’wshi’lar, izleniwshiler studentler paydalani’wi’ mu’mkin.

**Jumi’sti’n’ du’zilisi ha’m qurami’.** Jumi’s kirisiw, 4 bap, juwmaq, paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat. Jumi’sti’n’ ko’lemi 94 betti quraydi’.

**Wori’nlang’an jumi’sti’n’ tiykarg’i’ na’tiyjeleri**. Magistrlik dissertaciya jumi’si’ Qaraqalpaq Ma’mleketlik Universitetinin’ a’debiyat teoriyasi’ ha’m woqi’ti’w metodikasi’ kafedrasi’nda wori’nlandi’ ha’m basqospa ma’jilisinde dodalawdan wo’tti. Dissertaciyani’n’ ilimiy na’tiyjeleri boyi’nsha 3 maqala ja’riyalandi’.

**Juwmaq ha’m usi’ni’slardi’n’ qi’sqasha uli’wmalasti’ri’lg’an si’patlamasi’.** Biz jumi’si’mi’zda janrdi’n’ wo’zine ta’n ni’zamli’qlari’n ko’rip shi’g’i’wg’a ha’reket yettik ha’m ja’ha’n a’debiyati’ndag’i’ yen’ u’lgili shi’g’armalardi’ analizge tartti’q. Bul keleshekte qaraqalpaq a’debiyati’nda qunli’ do’retpeler jazi’li’wi’na, solay yetip, qaraqalpaq balladashi’li’g’i’ni’n’ rawajlani’wi’na tiykar boladi’ dep woylaymi’z.

Ilimiy basshi’:________________________f.i.d. prof. Quwani’shbay Worazi’mbetov

Magistrant:__________________________Feruza Qaniyazova

**MAZMUNI’**

**Kirisiw……………………………………………………………………….2-5**

1-BAP. **Ballada janri’ni’n’ payda boli’w tariyxi’ ha’m teoriyali’q si’patlamasi’**

1.1. Ballada janri’ni’n’ payda boli’w tariyxi’nan…………………………6-14

1.2. Ballada janri’ni’n’ teoriyali’q si’patlamasi’…………………………15-19

2-BAP. **XX a’sirdin’ 40-60-ji’llari’ndag’i’ balladalardi’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligi**

2.1. Da’slepki balladalarda Watandarli’q uri’s ha’m social turmi’s ma’selelerinin’ su’wretleniwi……………………………………20-24

2.2. 40-60-ji’llardag’i’ balladalardi’n’ ko’rkemlik ma’seleleri…………..24-29

2.3. Obraz jasawdag’i’ wo’zgeshelik. Obrazlarda tragediyali’q ha’m qaharmanli’q pafosti’n’ beriliwi…………………………………………30-34

3-BAP. **XX a’sirdin’ 70-80-ji’llari’ndag’i’ balladalarda ko’rkem sheberlik**

3.1. Syujet du’ziwdegi ko’rkem sheberlik. Lirikali’q, liro-epikali’q ha’m epikali’q balladalar…………………………………………………...35-45

3.2. Balladalarda obraz do’retiw wo’zgeshelikleri………………………46-52

3.3. 70-80-ji’llardag’i’ balladalardi’n’ ideya-tematikali’q bag’darlari’….52-56

4-BAP. **G’a’rezsizlik da’wirindegi balladalarda ko’rkemlik izleniwshilik**

4.1. Balladalardi’n’ formali’q tu’rleniwi……………………………....57-66

4.2. Balladalarda ko’rkem til ma’seleleri……………………………...67-77

Juwmaq…………………………………………………………………...78-81

Paydalani’lg’an a’debiyatlar……………………………………………..82-86

Bibliografiyali’q ko’rsetkish……………………………………………..87-94

# KIRISIW

**Temani'n' aktualli'g'i':** «Biz Wo'zbekstani'mi'zdi' du'nyag'a tani'tpaqshi', woni'n' a'yyemgi tariyxi' ha'm jarqi'n keleshegin uli'g'law, woni' a'wladlar yadi'nda ma'n'gilik saqlamaqshi' bolsaq, yen' da'slep ulli' jazi'wshi'lardi', ulli' shayi'rlardi', ulli' do'retiwshilerdi ta'rbiyalawi'mi'z kerek. Nege degende, ulli' jazi'wshi' Sholpanni'n' aytqani'nday, «a'debiyat jasasa – millet jasaydi'»[1] - degen yedi jurtbasshi'miz I.A.Karimov a'debiyatti'n' ja'miyette tutqan worni' haqqi'nda.

Usi' ko'zqarastan qaraqalpaq a'debiyati' da bu'gingi ku'ni janrli'q, formali'q jaqtan tezlik penen rawajlani'p barmaqta. Wo'tken a'sirdin' 20-ji'llari'nan baslap a'debiyati'mi'zda wo'mirdegi unamli' ha'm unamsi'z waqi'yalardi', insanlardi'n' ruwxi'y du'nyasi'n ha'r ta'repleme sa'wlelendiriwshi ideyali'q, ko'rkemlik ha'm mazmunli'q jaqtan wo'zinshelikke iye iri-iri romanlar, povestler, gu'rrin'ler, ocherkler, peesalar, poemalar, balladalar ha'm basqa janrlarda san-sanaqsi'z shi'g'armalar jarati'ldi'. Bu'gingi ku'nde a'ne usi' janrlardi'n' ha'r birinin' ta'biyati'n, sfecifikasi'n u'yreniw a'debiyatshi'-ilimpazlardi'n' basli' wazi'ypalari'ni'n' birine aylandi'.

Balladalar janrli'q jaqtan insan wo'mirinin' ayri'qsha bir momentin joqari' pafosta, ku'shli lirizm ha'm dramatizm menen sa'wlelendiriwshi ko'rkem shi'g'arma. Soni'n' ushi'n da wonda epikali'q syujet te, lirikali'q sezim de aralasi'p keledi. Usi'nday wo'zgesheligi menen balladalar ilimpazlar arasi'nda tarti'sli' pikirlerdi tuwdi'rmaqta. Woni' ayi'ri'm ilimpazlar a'debiyatti'n' epika tu'rine kirgizse, ayi'ri'mlar lirika tu'rine jatqari'p u'yrenedi, al, ayi'ri'mlar woni' ayri'qsha tu'r si'pati'nda qaraydi'. Ko'pshilik ilimpazlar wonda epikali'q ha'm lirikali'q elementlerdin' qosi'ndi'si' bar dep qarap, woni' «liro-epikali'q janr» dep ju'ritedi. Balladani'n' janrli'q wo'zgesheligin, woni'n' sfecifikasi'n toli'q u'yrenip shi'qpay turi'p bul ma'selerge ani'q juwap beriw qi'yi'n. Bul wo'z na'wbetinde temani'n' aktualli'g'i'n keltirip shi'g'aradi'.

**İzertlew obiekti ha'm predmeti**: Magistrlik dissertaciyami'z ushi'n tan'lang'an jumi'si'mi'zdi'n' predmeti – qaraqalpaq a'debiyati'nda do'retilgen balladalardi'n' janrli'q ha'm ko'rkemlik wo'zgesheligin, soni'n' menen birge, tematikali'q ko'ptu'rliligin ashi'p beriwden ibarat. İzertlew obiekti si'pati'nda

[1] Karimov I.A. Joqari ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. –Tashkent: Manaviyat, 2008. –B.140.

B.Qayi'pnazarov, J.Aymurzaev, I.Yusupov, G'.Seytnazarov, M.Qarabaev, T.Sa'rsenbaev, U.Pirjanov, J.Izbasqanov, K.Karimov h.t.basqalardi'n' ballada janri'ndag'i' shi'g'armalari'n analizge tartti'q.

**Temani'n' izertleniw da'rejesi:** Rus a'debiyati'nda R.V.İezutovani'n' «İz istorii russkoy balladi' 1790-pervoy polovini' 1820-x gg»[1] miyneti balladalardi'n' tariyxi'y tami'rlari' haqqi'nda so'z yetedi. Son'g'i ji'llari' V.Ivanovti'n' "Ruskaya literaturnaya ballada 1840-1890-x godov"[2] (Smolensk, 2000), A.Kovilinni'n' "Ruskaya narodnaya ballada: proisxojdenie i razvitie janra"[3] (Moskva 2003) kandidatli'q dissertaciyalari jazildi'. Wo'zbek a'debiyati'nda balladalardi' arnawli' izertlegen ilimpaz M.İbrahimovti'n' «Wo'zbek balladasi'» (janrdi'n' kelip shi'g'i'wi' ha'm qa'siyetleri)[4] atli' monografiyasi' bar. Ha'zir usi' tema boyi'nsha M.Bollieva doktorli'q jumi's islep ati'r. Qaraqalpaq a'debiyati'nda liro-epikali'q janr boyi'nsha, soni'n' ishinde poemalar boyi'nsha A'.Nasrullaevti'n' «Zaman ha'm liro-epikali'q poeziya»[5] atli' miyneti jazi'ldi'. Ballada janri' boyi'nsha qaraqalpaq a'debiyati'nda yele arnawli' izertlew jumi'si' qolg'a ali'nbadi'. Tek g'ana a'debiyatshi' T.Ma'mbetniyazovti'n' «Poeziya haqqi'nda woylar»[6] miynetinin' bir bo'liminde «Ballada janri'ni'n' rawajlani'wi'» degen maqalasi'nda, sonday-aq ayi'ri'm sabaqli'qlarda ha'm so'zliklerde ushi'rati'wi'mi'z mu'mkin.

**İzertlewdin' maqset ha'm wazi'ypalari'**: Biz balladalardi'n' qaraqalpaq a'debiyati'nda yele arnawli' tu'rde izertlenilmegeninen kelip shi'g'i'p, jumi'si'mi'zda qaraqalpaq a'debiyati'nda XX a'sirde do'retilgen balladalardi'n' evolyutsiyali'q rawajlani'w bag'darlari'n da'wirlerge bo'lip, woni'n' janrli'q ta'biyati'n, ko'rkemlik wo'zgesheligin ashi'p beriwdi wo'z aldi'mi'zg'a maqset yetip qoydi'q, ha'm usi' tiykarda to'mendegi wazi'ypalardi' belgilep aldi'q:

- ja'ha'n a'debiyati' tariyxi'ndag'i' balladani'n' payda boli'w tariyxin u'yreniw;

---

[1] Иезутова Р.В. Из истории русской баллады 1790-первой половины 1820-х гг. (Жуковский и Пушкин): Канд.дисс. афтореф. –Ленинград, 1966.

[2] Иванов В.А. Русская литературная баллада 1840-1890-х годов. Канд.дисс. —Смоленск. 2000. — http://cheloveknauka.com/

[3] Ковылин А.В. Русская народная баллада: происхождение и развитие жанра. Канд.дисс. —Москва. 2003. http://www.dissercat.com/content

[4] Иброҳимов М. Ўзбек балладаси. (жанрнинг келиб чиқиши ва хусусиятлари). –Тошкент: Фан. 1974.

[5] Насруллаев Ә. Заман ҳәм лиро-эпикалық поэзия. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1965.

[6] Мәмбетниязов Т. Поэзия ҳаққында ойлар. Нөкис: Қарақалпақстан. 1985.

- qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ da’slepki balladalardi’n’ ideya-tematikali’q bag’dari’n ani’qlaw;
- da’slepki balladalarda syujet ha’m obraz jasaw sheberligin analizlew ha’m wolarg’a si’n ko’zqaras bildiriw;
- 70-80-ji’llardag’i’ balladalardi’n’ rawajlani’w tendenciyasi’n ani’qlaw;
- bul ji’llarda balladalardi’n’ janrli’q ko’p tu’rliligin ko’rip shi’g’i’w;
- balladalardag’i’ simvolli’q obrazlar ha’m ko’rkem detaldi’n’ a’hmiyetin ashi’p ko’rsetiw;
-g’a’rezsizlik da’wirdegi balladalarda ko’rkem formaliq izleniwshilikti ani’qlaw.
- Balladalarda ko’rkem til ma’selesin ashi’p ko’rsetiw.

**Jumi’sti’n’ tiykarg’i’ ma’seleleri ha’m gipotezalar:**

- qaraqalpaq a’debiyati’nda ballada janri’nda jazi’lg’an shi’g’armalardi’n’ toli’q talapqa juwap beretug’i’nli’gi’;
- balladalardi’n’ qraqalpaq a’debiyati’nda wo’z hawazi’na iye yekenligi;
- balladalardi’n’ ideya-tematikali’q jaqtan ra’n’ beren’ligi si’yaqli’ ma’seleler quraydi.

**İzertlewdin’ teoriyali’q ha’m metodologiyali’q tiykarlari’**: İzertlewde Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti İ.A.Karimovti’n’ miynetlerindegi a’debiyat ha’m woni’n’ ja’miyettegi worni, ko’rkem-estetikali’q woy-pikirler metodologiyali’q tiykar yetip ali’ndi’.

Sonday-aq, jumi’si’mi’zda bir qansha a’debiyatshi’ ali’mlar L.M.Timofeev, V.G.Belinskiy, N.D.Tamorcenko, A.Kvyatkovskiy, V.Jirmunskiy, T.Boboev, E.Xudayberdiev, H.Umurov, K.Ma’mbetov, Q.Jarimbetov, Q.Worazi’mbetov, B.Genjemuratov h.t.b. ali’mlardi’n’ ilimiy juwmaqlari’nan paydalandi’q.

**İzerlewdin’ ilimiy jan’ali’g’i’**: Janrdi’n’ ta’biyati’n toli’q tu’sinbey turi’p shi’g’arma jazi’w jazi’wshi’-shayi’rlari’mi’zg’a da birqansha qi’yi’nshi’li’q tuwdi’rdi’. Bizin’ bul jumi’si’mi’z bolsa, qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde ballada janri’ ha’m woni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin ken’ tu’rde u’yreniwge arnalg’an da’slepki jumi’slardan boli’p yesaplanadi’. Usi ko’zqarastan jumi’si’mi’zda balladalardi’n’ evolyuciyali’q rawajlani’w bag’darlari’n da’wirlerge bo’lip u’yrendik:

1. XX a’sirdin’ 40-60-ji’llari’ndag’i’ balladalardi’n’ da’slepki a’debiyati’mi’zg’a kirip kelgen waqti’;

2. 70-80-ji’llardag’i’ balladalardi’n’ gu’llep-rawajlang’an da’wiri;

3. G’a’rezsizlik jillari’ndag’i balladalardi’n’ formaliq jaqtan tu’rlengen da’wiri;

Sonday-aq jumi’si’mi’zda usi’ ji’llari’ jazi’lg’an balladalardi’n’ ko’rkemlik, ideya-tematikali’q bag’dari’, obraz jasaw wo’zgesheligi boyi’nsha da teoriyali’q pikirler alg’a su’rildi. Bular jumi’si’mi’zdi’n’ ilimiylik da’rejesin ko’rsetedi.

**İzertlewdin’ teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyeti.** Magistrlik dissertaciya jumi’si’mi’zdi’n’ juwmaqlari’nan ha’m ilimiy izertlew bari’si’nda ali’ng’an analiz na’tiyjelerinen a’debiyatqa qi’zi’g’i’wshi’lar, a’debiyat ilimi menen shug’i’llani’wshi’lar, studentler, paydalani’wi’ mu’mkin. Sonday-aq a’debiyat teoriyasi’ boyi’nsha lekciya tekstlerin qayta islewde de qollani’wg’a boladi’.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’:** Bizin’ bul jumi’simi’z kirisiw, juwmaq, paydalani’lg’an a’debiyatlar, bibliografiyali’q ko’rsetkishten basqa 4 bapqa bo’lip u’yrenildi.

1-bap: “Ballada janri’ni’n’ payda boli’w tariyxi’ ha’m teoriyali’q si’patlamasi’” dep atali’p, bul bap wo’z gezeginde 2 bo’limge bo’lip u’yrenildi: 1.“Ballada janri’ni’n’ payda boli’w tariyxi’nan”, 2.“Ballada janri’ni’n’ teoriyali’q si’patlamasi’” dep ataladi’.

2-bap: “XX a’sirdin’ 40-60-ji’llari’ndag’i’ balladalardi’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligi” dep atalip, wol 3 bo’limge aji’rati’p u’yrenildi. 1-bo’lim “Da’slepki balladalarda Watandarli’q uri’s ha’m social turmi’s ma’selelerinin’ su’wretleniwi” dep ataladi’. 2-bo’lim “40-60-ji’llardag’i’ balladalardi’n’ ko’rkemlik ma’seleleri”, al 3-bo’lim “Obraz jasawdag’i’ wo’zgeshelik. Obrazlarda tragediyali’q ha’m qaharmanli’q pafosti’n’ beriliwi” dep ataladi’.

3-bap: “XX a’sirdin’ 70-80-ji’llari’ndag’i’ balladalarda ko’rkem sheberlik” dep atali’p, bulda wo’z na’wbetinde 3 bo’limge aji’rati’p u’yrenildi. 1-bo’lim “Syujet du’ziwdegi ko’rkem sheberlik. Lirikali’q, liro-epikali’q ha’m epikali’q balladalar”, 2-bo’lim “Balladalarda obraz do’retiw wo’zgeshelikleri”, 3-bo’lim “70-80-ji’llardag’i’ balladalardi’n’ ideya-tematikali’q bag’darlari’” dep ataladi’.

4-bap: “G’a’rezsizlik da’wirindegi balladalarda ko’rkemlik izleniwshilik” dep atali’p, bul bap 2 bo’limge aji’rati’p u’yrenildi. 1-bo’lim “Balladalardi’n’ formali’q tu’rleniwi”, 2-bo’lim “Balladalarda ko’rkem til ma’selesi” dep ataladi.

Jumi’sti’n’ son’i’nda bibliografiyali’q ko’rsetkish dizimi berilgen.

# 1-BAP. BALLADA JANR'I'NI'N' PAYDA BOLI'W TARI'YXI' HA'M TEORIYALI' SI'ATLAMASI'

## 1.1. Ballada janri'ni'n' payda boli'w tariyxi'nan

A'debiy tu'rler ha'm janrlar ma'selesi Aristotel da'wirinen baslap u'yrenilip kiyati'r. Ja'ha'n a'debiyati'nda bul ma'selege arnalg'an ko'plegen monografiyalar, izertlew jumi'slari' ha'm maqalalar jarati'lg'ani'na qaramay, wol u'lken izertlew jumi'si'n talap yetpekte. Bul pikirdin' duri'sli'g'i'n bu'gingi a'debiyattani'w iliminde «janr»di'n' wo'zi ne, degen sorawg'a berilgen ha'r tu'rli juwaplardi'n' wo'zi tasti'yi'qlaydi'.

Ayi'ri'm ilimpazlar a'debiy tu'rler bolg'an lirika, epika, dramani' ji'ni's (rod) dep ataydi', al ayi'ri'mlar a'debiy tu'rdi janrlar menen almasti'ri'p ta qollanadi'. Waqi'yalarg'a bolg'an estetikali'q qatnasi'ni'n' ko'rkem shi'g'armada sa'wleleniwine qaray «janr» terminin («satira janri'», «yumor janri'») qollanatug'i'n a'debiyatshi'lar da joq yemes.

A'debiyatshi' ali'mlar, izertlewshi ha'm jazi'wshi'lar arasi'nda a'debiy janrlardi' ta'n almawshi'lar da ushi'rap turadi'. Wolardi'n' pikirinshe, janrlardi'n' wo'zine ta'n qa'siyetlerin, ni'zamli'qlari'n yesapqa ali'wdi'n' keregi joq, jazi'wshi' aldi'nda turg'an u'lken wazi'ypa woqi'wshi' ushi'n jaqsi' shi'g'arma jarati'wdan ibarat. Bul haqqi'nda ilimpaz U.Normatov: «Jaqsi', qi'zi'qli' shi'g'arma jarati'w ma'selesin janr talaplari'na qarsi' qoyi'w tuwri' yemes. Janrdi'n' ni'zamli'qlari'n ha'r ta'repleme bilmey turi'p, jaqsi' shi'g'arma jarati'w, u'lken qa'biletke (novatorli'qqa) yerisiw qi'yi'n»[1]- dep jazadi'.

A'debiyatshi', izertlewshi ha'm jazi'wshi'lardi'n' ja'ne bir topari' bolsa, da'stu'riy a'debiy janrlar ni'zam ha'm qag'i'ydalari'n wo'zgermes dep bilip, a'debiyatti'n' ni'zamli' wo'siwi, rawajlani'wi' na'tiyjesinde payda bolg'an jan'a janrlar tiplerin biykarlaydi', wol yamasa bul shi'g'armani' «janr» talabi'na juwap bermeydi» dep wori'nsi'z si'ng'a aladi'. Sebebi «Ko'rkem wo'ner, - dep jazg'an yedi ulli' rus jazi'wshi'si' A.Tolstoy, - bir qa'lipke tu'setug'i'n shen'berdi ta'n almaydi'. Wol u'zliksiz dawam yetedi, wo'zgeredi, ha'r bir ha'diyse qatnasi' menen jan'a-jan'a formalardi' keltirip shi'g'aradi'. Wog'an temir qa'lip ta'rizinde jantasi'wshi', ko'rkem wo'ner do'retpesi usi' qa'lipke

[1] Норматов У. Баллдада давр ва қалб драмаси. –Тошкент: Шарқ юлдузи. 1967, №3.

si'ysa, demek, jaqsi' dewshi, si'ymasa, woni' joqqa shi'g'ari'wshi' si'nshi'lar qa'telesedi»[1].

«Degen menen ko'rkem a'debiyatta shi'g'armalardi'n' sonday tu'rleri bar, wolardi' toli'g'i' menen ya lirikag'a yaki epikag'a, yaki dramag'a kirgizip bolmaydi'. Aytayi'q ballada, poema janri'nda jazi'lg'an shi'g'armalar wo'zinde lirikali'q qa'siyetti de, epikali'q qa'siyetlerdi de ja'mleydi. …Bunday bir neshe janrli'q belgilerdi wo'zinde ja'mleytug'i'n shi'g'armalardi' a'debiyattani'wda «qospaq janrlar» dep te ju'ritedi. Ko'rkem a'debiyattag'i' usi'nday ha'm basqa da janrli'q qubi'li'slardi' u'yrengen a'debiyatshi' ali'mlar wolardi' a'debiyatti'n' 4-tu'ri dep belgilewdi usi'nadi'. Wolardi'n' birewleri satirani' wo'z aldi'na tu'r dep qarap, woni' a'debiyatti'n' 4-tu'ri dep yesaplawdi' usi'ni's yetedi[2]. Yekinshileri liro-epikali'q janrdag'i' shi'g'armalardi' (poema, ballada, ti'msal), sonday-aq a'debiy publicistikali'q shi'g'armalardi' ayri'qsha tu'rlerge jatqaradi'[3]. …Soni'n' menen birge joqari'da keltirilgen qospaq janrlardi' a'debiyatti'n' arali'q tu'rleri dep, al a'debiy-publicistikali'q janrdag'i' shi'g'armalardi' (ocherk, esse h.t.b) a'debiy tu'rlerge qosi'lmaytug'i'n bo'lek formalar dep qabi'llawdi' usi'natug'i'n a'debiyatshi'lar da bar.[4] Biraq bul pikirler yele usi'ni'slar da'rejesinde turi'pti'»[5]

Ulli' si'nshi' V.G.Belinskiy: «U'sh tu'rdin' ha'mmesi bir tiykar – wo'mirden azi'qlansa da, boli'wi' mu'mkin bolg'an a'lemdi do'retse de, a'yne waqi'tta, wolardi'n' ha'r birinin' wo'zine ta'nligin ta'miynlewshi predmeti (belgisi) bar. Epostiki – waqi'ya, lirikaniki – ruwxi'y keshirme, dramaniki – ha'reket». Eposti'n' qaharmanlari' – waqi'ya, dramani'n' qaharmanlari' – insan shaxsi', lirikaniki – insanni'n' ishki tuyg'i'lari'. «Sol sebepli, – deydi, rus a'debiyatshi'si' L.Timofeev, – bu'gingi ku'nde liro-epikali'q tu'rdi yamasa «tariyxi'y ko'rkem tu'r» (ocherk, reportaj, ku'ndelik)di 4-tu'r dep ataw tiykarsi'z». Sebebi wolardi'n' wo'zine g'ana tiyisli bolg'an predmeti (belgisi)

[1] Толстой О. О литературе. –Москва. 1956, –стр. 96-97.
[2] Эльсберг Я. Сатира // Словарь литературоведских терминов. –Москва: Просвещение. 1974, стр. 342-343.
[3] Гуляев Н.А., Богданов А.Н., Юдкевич Л.Т. Теория литературы в связи с проблемами эстетики. –Москва: Высшая школа, 1970, –стр. 324-331, 335-339.
[4] Хализев В.Е. Теория литературы. Изд. 2. Москва: Высшая школа. 2000, –стр. 316-318.
[5] Ja'rimbetov Q. A'debiyattani'wdan sabaqlar. –No'kis: Qaraqalpaqstan. 2012. –B. 19.

joq. Soni’n’ ushi’n da Belinskiy atap wo’tkenindey, «Poeziyani’n’ barli’q tu’rleri… tek u’shew, bunnan arti’q boli’wi’ mu’mkin yemes».[1]

Bizin’she bul pikir wori’nli’day, jan’a tu’r boli’wi’ ushi’n wol a’lbette, wo’zine ta’n belgilerge, formag’a iye boli’wi’ kerek. Biz so’z yetip woti’rg’an ballada, poema, ti’msalda bunday belgiler ushi’raspaydi’. Sol sebepli wolar ayri’qsha tu’r bola almaydi’. Bizin’she wolardi’ liro-epikali’q janrlar yamasa qospaq janrlar dep ataw jetkilikli.

Rus ilimpazi’ T.Bondarenko: «Wonsha u’lken yemes ko’lemdegi fabulali’ temadag’i’, yag’ni’y ishinde waqi’yalar dizbegi haqqi’nda gu’rrin’ bolatug’i’n sebep-waqi’tli’q maqsetke baylani’sli’ ha’m yen’ aqi’ri’nda sheshim beriletug’i’n qosi’q taza (sap) lirikadan aji’raladi’. Fabulali’ qosi’qlar uli’wma at penen «ballada» dep ju’ritiledi. Balladadan syujetli poeziyani’n’ basqa bir tu’ri «ti’msal» aji’rali’p shi’qqan»[2],– dep yesaplaydi’.

Wo’zbek a’debiyatshi’lari’ bolsa biz so’z yetip woti’rg’an ballada janri’n qaysi’ tu’rge kiritiw tuwrali’ yele bir toqtamg’a kelgen joq. A’debiyatshi’ H.Umurov woni’ epika tu’rine kirgizse, T.Boboev woni’ liro-epikali’q janrg’a kirgizedi. Qaraqalpaq a’debiyati’nda ilimpaz A’.Nasrullaev woni’ liro-epikali’q poeziyani’n’ ishinde qaraydi’. Wo’z na’wbetinde qaraqalpaq a’debiyattani’wi’nda «liro-epikali’q» degen termindi povestlerge baylani’sli’ naduri’s qollang’an a’debiyatshi’lar da boldi’[3].

Bizin’she, a’debiyatti’n’ ha’mme tu’r ha’m janrlari’ teoriyasi’n puxta u’yrenbey turi’p, bul ma’seledegi shatasli’qlardi’ sheshiw mu’mkin yemes. Prof. G.N.Pospelov duri’s ko’rsetkenindey, «a’debiyatti’n’ ha’r bir janri’n bo’lek-bo’lek u’yreniw, wolardi’n’ genezisi ha’m rawajlani’wi’n puxta tekseriw, ilimiy ta’repten da’liyllep beriw lazi’m. Tek g’ana usi’ jol menen tu’r ha’m janrlar boyi’nsha bul shatasli’qlardi’ tuwri’ sheshiw mu’mkin».[4]

Ballada janri’ wo’zbek a’debiyati’nda da, qaraqalpaq a’debiyati’nda da ju’da’ az izertlengen janrlardan biri.

---

[1] Умуров Ҳ. Адабиётшунослик асослари. Тошкент: А.Қодирий номидаги «Халқ мероси» нашриёти. 2004. –Б. 202.
[2] Бондоренко Тимофей. Источник: http: webpoet. narod/ru/workshop/1/fhtm/@copyright/ Правда Горькая. 2004
[3] Камалов Қ. Қарақалпақ повести (жанрдың эволюциясы). – Нөкис: Қарақалпақстан. –Б. 1978. – 78.
[4] Поспелов Г.Н. К вопросу о поэтических жанрах: Доклады и сообщения филологического факультета МГУ, вып. 5 М., 1948.

Ja’ha’n a’debiyati’ tariyxi’nda ballada poeziyani’n’ yeski ha’m rawajlang’an janrlari’nan boli’p yesaplanadi’. Neshe a’sirlerden berli ja’ha’n shayi’rlari’ bul janrda wo’z xalqi’ni’n’ woy-sezimleri, arzi’w-a’rmanlari’n insan ta’g’diri menen baylani’sli’, qaharmanli’q waqi’yalardi’ sa’wlelendiriwshi shi’g’armalar jarati’p kelmekte. Balladani’n’ sol da’wirlerden kiyati’rg’an wo’zine ta’n ni’zamli’qlari’ ha’m tradiciyalari’ bolg’an. Wol uzaq ji’llar ha’m a’sirler dawami’nda tu’rli xali’qlar awi’zeki ha’m jazba a’debiyati’nda qa’liplesip, uzaq basqi’shlardan wo’tip, yeski formalari’n wo’zgertip bizge shekem kelip jetken.

Ballada janri’ yen’ da’slep xali’q awi’zeki do’retiwshiliginde ushi’rasadi’. Biraq bul balladalardi’n’ ji’ynali’wi’ ha’m basi’p shi’g’ari’li’wi’ jazba a’debiyatta ballada janri’ni’n’ do’reliwinen keyingi a’sirlerge tuwra keledi. Da’slepki xali’q balladalari’ 3 element: qosi’q teksti, muzi’ka ha’m ayaq woyi’nni’n’ birge qosi’li’wi’nan payda bolg’an. Bunday balladalardi’n’ teksti qi’sqa, lirikali’q qosi’q xarakterinde boli’p, woni’n’ kompoziciyasi’ ushi’n naqi’rat ha’m basqa da ta’kirarlardi’n’ boli’wi’ sha’rt yesaplang’an. Ayaq woyi’n menen antifonikali’q tu’rde ayti’lg’an xor tez tempti talap qi’lg’anli’g’i’ ushi’n qosi’q teksti qi’sqa ha’m dinamikali’q xarakterde bolg’an. Bunday balladalar a’sirese Franciyani’n’ shi’g’i’si’ Provansta ken’ tarqalg’an. Bul xali’qlar ha’r tu’rli bayramlarda (ko’binese ba’ha’r bayramlari’nda) balladag’a mu’ra’ja’a’t yetken. Provans xalqi’ hayal-qi’zlar ta’repinen xor menen atqari’latug’i’n ayaq-woyi’nli’ qosi’qti’ ballada dep ataydi’. Bunday balladalardi’n’ naqi’rati’ xor ta’repinen ta’kirarlang’an. Bul tiptegi balladalardi’n’ temalari’ ba’ha’r, i’shqi’-muhabbat, qi’zg’ani’sh temalari’na quri’lg’an. Ballada tekstinin’ barli’q mazmuni’: yeki jasti’n’ bir-birine sadi’qli’g’i’, pa’k muhabbatti’n’ sag’i’ni’sh-ku’yinishleri, qi’zg’anshaq ku’yewinin’ hayalg’a beretug’i’n azaplari’, qi’zg’ani’w aqi’betinde ju’zege kelgen tragediyali’q waqi’yalar h.t.b. muzi’ka ha’m ayaq woyi’n arqali’ ashi’lg’an.

Da’wirler wo’tip xali’q balladalari’ni’n’ da ko’lemi ha’m mazmuni’ wo’zgerip baradi’. Xali’q balladalari’ wo’z rawajlani’wi’ni’n’ 2-basqi’shi’nda woyi’nnan aji’raladi’. Bul bolsa, woni’n’ poetikasi’na ku’shli ta’sir yetedi. Qosi’q tekstinin’ ha’r ba’ntinen keyin ta’kirarlani’p keletug’i’n naqi’rat

uli’wmali’qqa tu’sip qaladi’ yamasa qosi’q tekstinin’ ayi’ri’m jerlerinde ushi’rasadi’. Bul tiptegi balladalar ko’lemi jag’i’nan u’lken boli’p, wolar atqari’wshi’lar ta’repinen ya qosi’q qi’li’p ayti’lg’an yamasa ayti’p berilgen.

Bunday shi’g’armalar XVI-XVIII a’sirlerde francuz, provans, italyan, nemec, rus ha’m basqa xali’qlarda ko’plep ushi’rasadi’. Du’nya folkloristikasi’nda xali’q balladalari’n toplap yen’ da’slep basti’ri’p shi’g’arg’an Tomas Persi («Qa’dimgi ingliz poeziyasi’ yestelikleri» - 1765) ati’ menen baylani’sli’. Wonnan keyin Volter Skott Shotlandiya xali’q balladalari’n toplap «Menestrellerdin’ Shotlandiya shegarashi’lari’ haqqi’ndag’i’ qosi’qlari’» (1802) toplami’n basi’p shi’g’ardi’. Nemec a’debiyati’nda xali’q balladalari’n toplaw isleri 1778-1779-ji’llarda İogann Gotfrid Gerder ta’repinen qolg’a ali’ndi’. Woni’n’ «Xali’q dawi’si’ qosi’qlarda» atli’ antologiyasi’ basti’ri’li’p shi’g’ari’ldi’. XIX a’sir romantik shayi’rlar İ.Arni ha’m K.Bretano nemec folklori’na u’lken bayli’q qosadi’. Wolar 1000g’a shamalas nemec balladalari’ ha’m qosi’qlari’n toplap «Balani’n’ si’rli’ sesi» («Volshebniy rog malchika») ati’ menen basti’ri’p shi’g’aradi’.

Xali’q balladalari’ni’n’ basi’p shi’g’ari’li’wi’ menen ilim balladalardi’n’ ne yekenligin tu’sindire baslaydi’. Bul da’wir XVIII a’sir aqi’ri’ XIX a’sir baslari’na tuwri’ keledi. Yevropada da’slep xali’q balladalari’n izertlewde tu’sinbewshilikler de bolg’an. Wolar wo’z aldi’na shi’g’arma yemes, al epikali’q poemalardi’n’, u’zindileri, ayi’ri’m epizodlari’ yamasa ayi’ri’m bo’limlerinin’ qayta islengeni bolsa kerek dep tu’singen. Keyinala xali’q balladalari’ni’n’ kollektiv ta’repinen do’retilgen g’a’rezsiz shi’g’arma yekenligi ani’qlanadi’.

V.M.Jirmunskiydin’ «İngliz xali’q balladasi’» maqalasi’ ja’riyalang’ang’a shekem, uli’wma Yevropa ha’m slaviyan xali’q balladalari’ sinkretizm (muzi’ka, qosi’q ha’m woyi’nni’n’ bir-birinen aji’ralmag’an da’slepki halati’) da’wirinde kelip shi’qqan, wolardi’n’ naqi’rati’ xor menen atqari’latug’i’n qosi’q formasi’nda boli’p, wolar epostan aldi’n kelip shi’qqan degen teoriya hu’kim su’rer yedi.

V.Jirmunskiy joqari’da ayti’p wo’tilgen maqalasi’nda: «Meyli xali’q balladalari’ a’yyemgi ja’miyettegi woyi’nli’ qosi’qlardi’n’ elementi bolsa da, bizge shekem jetip kelgen balladalardi’n’ barli’g’i’na da bul ani’qlama tiyisli

yemes. Wolardi'n' konkret formasi' bunshelli a'yyemgi da'wirlerge taqalmaydi'. Wolar epostan aldi'n yemes, ba'lkim epostan keyin, epikali'q qosi'q formasi'nda kelip shi'qqan»[1]-degen yedi.

Al jazba a'debiyatta ballada janri' birinshi ma'rte Franciyani'n' qublasi'ndag'i' provans xalqi' ma'deniyati'nda ko'rinedi. Ballada janri' birinshi ma'rte a'ne usi' provans shayi'rlari' ta'repinen do'retilgen.

Akademik V.F.Shishmarev wo'zinin' «Worta a'sir aqi'ri'ndag'i' lirika ha'm lirikler» (Francuz ha'm Provans poeziyasi' tariyxi' ocherkleri) atli' ilimiy miynetinde francuz poeziyasi'nda jarati'lg'an balladalardi'n' poetikasi', janrli'q qa'siyetleri haqqi'nda mag'li'wmat beredi.

Francuz poeziyasi'nda balladani'n' to'mendegi ni'zamli'qlari'na a'mel qi'li'wi' sha'rt yesaplang'an. 1) shi'g'armani'n' ko'lemi 28 qatardan aspawi' kerek; 2) 24 qatar tek g'ana 3 ba'nt (3 segizlik)ke ajrati'li'wi' lazi'm; 3) aqi'rg'i' ba'nt 4 qatardan ibarat boli'p, wol lnvoi (arnaw) dep atalg'an. Balladani'n' juwmag'i' bolg'an arnawda shayi'r wo'z balladasi'n kimge arnap jazg'an bolsa, sol shaxsqa mu'ra'ja'a't yetedi. Biraq, balladada bul shaxsti'n' ati', jo'ni hesh qashan ani'q ko'rsetilmeydi. Aqi'rg'i' ba'nttin' birinshi qatari' princh (shahzada, patsha, taqsi'r, ulli' ma'rtebeli) so'zi menen baslanadi'; 4) shi'g'armani'n' birinshi ba'ntinin' aqi'rg'i' qatari' qalg'an ha'mme ba'ntlerdin' aqi'ri'nda hesh wo'zgerissiz ta'kirarlanadi'; 5) 3 toli'q ba'nt ko'binshe aass ha'm «arnaw» ss sxemasi'nda uyqasi'p kelgen.[2]

XIII a'sir wortalari'nan XIV a'sir baslari'na shekem bolg'an da'wirde francuz poeziyasi'ni'n' yen' rawajlang'an janri' ballada yesaplang'an. Gilom de Masho, Estash Deshan, Fruassar, Xristina Pizanskaya, Alen Sharte h.t.b. shayi'rlar ko'plep balladalar jazi'p bul janrdi' wo'z xalqi' poeziyasi'ni'n' jetekshi janri'na aylandi'rg'an. Mashoni'n' da'slepki balladalari'nda lnvoi arnaw bolmag'an, Fruassar balladalari' bolsa arnawsi'z bolmag'an.

XVI a'sirdin' baslari'na kelip Franciya a'debiyati'nda balladag'a bolg'an qi'zi'g'i'w pa'seyedi. Wol wo'z worni'n sonet, oda, elegiya ham basqa janrlarg'a bosati'p beredi. XVI-XVII a'sirlerde Franciya a'debiyati'nda ballada uli'wma umi'ti'ladi'. Ronear, Bualo wog'an yeskilik tamg'asi'n basadi'.

[1] Жирмунский В. Английская народная баллада: http://feb-web.ru/feb/litenc/encyclop/le2/le2-0491
[2] Сонда, 71-б

Ayi’ri’m mag’li’wmatlarg’a qarag’anda ballada Provans ha’m Franciyadan İtaliya poeziyasi’na wo’tken[1]. Biraq italyan shayi’rlari’ni’n’ balladalari’ forma jag’i’nan francuz a’debiyati’ndag’i’ balladalardan pari’qlanadi’: 1) ba’nt du’zilisi ani’q ni’zamli’qlarg’a boysi’nbag’an; 2) ba’ntlerde belgili bir qatarlardi’n’ u’zliksiz ta’kirarlani’p keliwi ushi’ramaydi’; 3) lnvoi (arnaw)di’ wolar «lntrate» dep atag’an ha’m wol shi’g’armani’n’ basi’nda berilgen.

Nemec a’debiyati’nda balladalardi’n’ payda boli’wi’ 1773 ji’l dep qabi’l yetilgen. Usi’ ji’li’ Gotfrid Byurger bir wa’layat miymanxanasi’nda wo’zine qon’si’ xanadan wo’li ku’yew haqqi’ndag’i’ xali’q qosi’g’i’n yesitip qaladi’. Byurger usi’ qosi’q syujeti tiykari’nda belgili «Lenora» balladasi’n jazadi’. Byurger bul balladasi’nda jas qi’z Lenorani’n’ tragediyali’q wo’limi haqqi’nda jazadi’. Avtor biygu’na’ qi’zdi’n’ wo’limine tiykarg’i’ sebep yetip feodal uri’slar, ha’m hu’kimet basshi’lari’ni’n’ zali’mli’g’i’ dep ko’rsetedi. Byurgerden baslang’an tuxi’m u’lken miywe beredi: Gyote, Shiller, Geyne, Uland, Platen h.t.b. shayi’rlar ballada janri’nda ju’da’ ko’p shi’g’armalar do’retedi.

«Lenora» balladasi’ barli’q Yevropa a’debiyati’na tarali’p, daniya, shved, golland, ingliz, portugal, flamand, lati’n, francuz ha’m basqa tillerge awdari’ladi’. Yeger Persidin’ kitabi’ xali’q awi’zeki a’debiyati’nda ballada janri’ni’n’ barli’g’i’ haqqi’nda ashi’li’w bolg’an bolsa, Byurgerdin’ «Lenora»si’ ja’ha’n a’debiyati’nda ballada janri’ni’n’ jan’a tipin belgilep berdi.

Nemec poeziyasi’nda jarati’lg’an balladalar francuz ha’m italyan poeziyasi’ndag’i’ balladalardan pu’tkilley parq qi’ladi’. Francuz ha’m italyan shayi’rlari’ni’n’ balladalari’ i’shqi’-muhabbat ha’m ila’hiy temalarda jazi’li’p, forma belgileri zan’li’ ni’zamli’qlar menen sheklengen lirikali’q qosi’q xarakterinde bolg’an bolsa, nemec poeziyasi’nda baslang’an balladani’n’ jan’a tipi liro-epikali’q xarakterdegi kishkene poema formasi’nda yedi. Bul tu’rdegi balladalar ko’lemi jag’i’nan sheklenbegen ha’m ba’nt du’zilisi, uyqasi’w sistemasi’ yerkin bolg’an.

Nemec a’debiyati’nda Gyote balladalardag’i’ kanonli’q sistemani’ buzadi’, bayan u’shinshiden yemes, al, birinshi adamnan baslanadi’. Woni’n’ balladalari’nda lirikali’q «men» yemes, al bayan yetiwshinin’ wo’zi ballada

[1] Бул ҳаққында, Иброҳимов М. Ўзбек балладаси. (жанрнинг келиб чиқиши ва хусусиятлари). –Тошкент: Фан. 1974.

qaharmani’ boli’p yesaplanadi’. Ha’zirgi ma’ha’lde wol balladag’a lirikali’q «men»di kirgizildi. Qosi’qtag’i’ ha’r bir so’zge u’lken itibar beredi. Mi’sali’, «Loreleya» «men» degen so’zden baslang’an bolsa «men» degen so’z benen tamamlanadi’. Ballada qaharmani’ ha’m lirikali’q «men» wortasi’nda qandayda bir sezimli baylani’s wornati’li’p, wolardi’n’ birdey ta’g’dirlerin boljaw ruhsat yetiledi.

Rus a’debiyati’nda nemec romantik balladalari’ tipindegi shi’g’armalar XVIII a’sirdin’ aqi’rlari’nda payda boladi’. Birinshi rus balladalari’ sentimentalizm ag’i’mi’ndag’i’ a’debiy jurnallarda basi’li’p shi’g’adi’. XIX a’sirde bolsa u’lken wori’ndi’ (V.A.Jukovskiy, Katenin, A.S.Pushkin, M.Yu.Lermontov, A.K.Tolstoy, Mey, A.Maykov ha’m basqa shayi’rlar do’retiwshiliginde) iyeleydi.

Rus balladalari’ ko’binese romantikali’q xarakterde boli’p keledi. Sol sebepli ha’zirgi ku’nde wolardi’ yerteklik syujettegi qosi’qlar menen ayi’ri’w ma’selesi biraqansha shatasli’qlardi’ payda yetpekte. Bul haqqi’nda N.D.Tamarcenko bi’lay deydi. S?yq?rl? yerteklerde ha’zirgi du’nyadag’? personaj wol du’nyag’a tu’sip qal?wg’a umt?lad?, shegaradan wo’tip, wol du’nyada s?naqtan wo’tip, wo’limdi jen’ip, wo’zine kerekli bolg’an buy?m yamasa suyikli yar?n al?p izine qaytad?. Balladada wol du’nyadag’? personaj shegaradan wo’tip, ha’zirgi du’nyag’a tiyisli bolg’an qaharman menen qatnas?qqa kirip ha’m us? ush?ras?w aq?r?nda jen’is yamasa wo’zgeris penen yemes, al, apatsh?l?q penen tamamlanad?. Wo’li ku’yew balan?n’ keliwi-wolimnin’ keliw syujettin’ da’stu’rge aylang’an ko’rinisi bol?p, baz?da jaratqang’a bag’?nbag’anl?g’? sebepli jazalan?w aq?r?nda ironiyal?q juwmaqqa aylanad?[1].

V.A.Jukovskiy rus a’debiyati’nda ballada janri’ni’n’ tiykari’n sali’wshi’ ha’m rawajlandi’ri’wshi’ shayi’r si’pati’nda ko’zge taslanadi’. Wol «Lyudmila», «Kassandra», «Svetlana», «Alina ha’m Alsim», «Elvina ha’m Edvin», «Uyqi’dag’i’ won yeki qi’z», «Bali’qshi’», «Ricar», «Lenora», «Ullip ha’m woni’n’ qi’zi’» si’yaqli’ qi’ri’qtan aslam balladalardi’n’ avtori’.

Rus a’debiyati’ni’n’ quyashi’ A.S.Pushkin liceyde woqi’p ju’rgen waqi’tlardan-aq ballada janri’na qi’zi’g’i’p, «Koliana», «Osgar» «Evlega» atli’

[1] Теория литературы. 2 том. Под редакция Тамарченко Н.Д. 1-том. –Тверь. 2001. –стр.330.

balladalari’n jazadi’. «Kazak», «Jawi’nger ricar» «Suw perisi», «Ka’ramatli’ Oleg haqqi’nda qosi’q» atli’ balladalar cikli de A.S.Pushkin qa’lemine tiyisli.

Wo’zbek a’debiyati’nda ballada janri’n izertlegen M.İbrahimov wo’zbek a’debiyati’nda balladani’n’ payda boli’wi’n yerterekten (XIV a’sirde jasag’an wo’zbek a’debiyati’ni’n’ ulli’ shayi’ri’ Sayfi Sarayiy «Suhayl ha’m Gu’ldirsin» shi’g’armasi’nan) baslaydi’. Woni’n’ pikirinshe, «Suhayl ha’m Gu’ldirsin»de bir qatar waqi’yalar (ma’selen, waqi’ya ishinde keltirilgen waqi’ya) ha’m syujetler berilmeydi. Bul shi’g’arma wo’z janr wo’zgeshelikleri (sa’wlelendiriw ushi’n tan’lang’an waqi’yasi’, syujet jo’nelisi, kompozicion du’zlisi, su’wretlew usi’llari’ ha’m basqalar) menen XIV-XV a’sirlerdegi ingliz xali’q balladalari’ ha’mde XVIII a’sirde (nemec poeziyasi’nda) payda bolg’an a’debiy balladalarg’a jaqi’n turadi’»[1], dep ayti’p wo’tedi. Sonday-aq wol ulli’ woyshi’l A.Nawayi’ni’n’ birqatar da’stanlari’nda keltirilgen ayi’ri’m ra’wa’yatlarda da ballada elementleri ushi’rasatug’i’nli’g’i’n da bildiredi.

Qaraqalpaq jazba a’debiyati’nda balladani’n’ da’slepki ko’rine baslawi’ 30-40-ji’llarg’a tuwri’ keledi. 1937-ji’li’ jazi’lg’an B.Qayi’pnazarovti’n’ «Jetim»[2] balladasi’ qaraqalpaq a’debiyati’nda da’slepki balladalardi’n’ biri yesaplanadi’. Son’i’nan shayi’rdi’n’ bir neshe balladalari’ «Ko’k yemen», «Mo’ldir bulaq», «Bag’ ha’m bag’man», «Yeki soldat», «Ko’k yemen ha’m Zoya haqqi’nda ballada», «Shoq gu’l», «Qan tamg’an qayi’n’» h.t.b. do’retildi.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda wo’zinin’ bir qatar a’jayi’p lirikali’q toplamlari’ menen tani’lg’an ulli’ so’z sheberi İ.Yusupov ta ballada janri’ni’n’ baslawshi’lari’ni’n’ biri boli’p tabi’ladi’. Woni’n’ «Shayi’r ha’m a’jel», «Bulaq haqqi’nda ballada», «Gradustnik haqqi’nda ballada» «Shetkeridegi xata» shi’g’armalari’ ballada janri’ni’n’ yen’ jaqsi’ u’lgileri boli’p tabi’ladi’.

Sonday-aq J.Aymurzaev, T.Jumamuratov, M.Qarabaev, X.Seytov, U.Pirjanov, T.Sa’rsenbaev, J.İzbasqanov, K.Karimov, X.Da’wletnazarov, h.t.blar qaraqalpaq a’debiyati’nda ballada janrini’n’ rawajlani’wi’na u’les qosti’.

---

[1] Сонда, 78-б

[2] Қайыпназаров Б. Таңламалы шығармалары. 1 томлық, –Нөкис: Қарақалпақстан. 1981. –Б. 9.

## 1.2. Ballada janri’ni’n’ teoriyali’q si’patlamasi’

Tu’r ha’m janrlar ma’selesindegi shatasli’qlar (ballada janri’n qaysi’ tu’rge kirgiziw kerekligi haqqi’ndag’i’ tarti’si’wlar) wo’z na’wbetinde balladani’n’ teoriyali’q ani’qlamalari’n beriwde de bir qansha tu’sinbewshiliklerge ali’p keldi. Ko’pshilik sabaqli’q, a’debiy so’zlikler ha’m basqa tu’rli kitaplarda balladag’a tiyisli ayi’ri’m pikirler ayti’ladi’. Biraq wolardi’n’ ko’pshiliginde balladag’a u’stirtin ani’qlamalar beriledi, janrdi’n’ wo’zine ta’n qa’siyetleri toli’q ashi’p berilmeydi. Mi’sali’, B.Tomashevskiy wo’zinin’ «Poetikadan qi’sqa kurs» atli’ kitabi’nda: «Ha’zirgi balladalar woqi’wshi’ sezimine ta’sir yetiwshi… kishkene lirikali’q ra’wiyat boli’p, wol lirikali’q poeziya neni talap yetse, sol talaplarg’a a’mel qi’ladi’. Soni’n’ ushi’nda wol liro-epikali’q shi’g’arma dep te ju’ritiledi»[1]. Ko’rinip turg’ani’nday, bul ani’qlamada balladani’n’ sfecifikasi’, woni’n’ basqa fabulali’ (syujetli) lirikali’q shi’g’armalardan ayi’rmashi’li’g’i’ yesapqa ali’nbag’an. Sonday-aq, ballada janri’ qa’liplesip, rawajlani’w basqi’shi’na jetken da’wirlerde jazi’lg’an miynetlerde de ko’binese «ballada qi’sqa syujetli qosi’q», «wonsha u’lken bolmag’an syujetli qosiq ballada bolip esaplanadi» degen pikirlerdi ushiratamiz.

A’debiyatshi’ A.Kvyatkovskiy balladag’a ta’riyp beriwde shi’g’armani’n’ ritmine ha’m syujetine itibar beredi: «Sovet balladasi’ zamanago’y temadag’i’ ritmi ku’shli, puxta syujetli qosi’q boli’p yesaplanadi’»[2]. Avtordi’n’ balladani’n’ ritmi ha’m syujeti haqqi’nda pikirleri duri’s. Biraq bul qag’i’yda da balladani’n’ ta’biyati’n toli’q ashi’p bere almaydi’. Sebebi ha’r qanday «ritmi ku’shli, puxta syujetli» shi’g’arma ballada bola bermeydi. Bul ani’qlama poemag’a da, lirikali’q novellag’a da tiyisli. Ja’ne bul ani’qlamadan «ballada tek zamanago’y temada jazi’ladi’» degen naduri’s juwmaq kelip shi’g’adi’.

Biz balladani’n’ qa’siyetlerine tiyisli tu’sinbewshiliklerdi tek g’ana a’debiyat teoriyasi’na tiyisli kitaplar yamasa so’zliklerde g’ana yemes, arnawli’ ilimiy jumi’slarda da ushi’ratami’z. Mi’sali’, belorus sovet poeziyasi’ haqqi’nda izertlew ju’rgizip, kitabi’ni’n’ bir babi’n balladag’a arnag’an L.İ.Zalesskaya ha’m qazaq balladasi’ haqqi’nda izertlew ali’p barg’an K.Lekerov balladani’n’

[1] Томашевский Б. Краткий курс поэтики, М-Л., 1931, –стр. 134.
[2] Квятковский А. Поэтический словарь, –Москва: Советская энциклопедия. 1966. –стр 56.

wo'zine ta'n qa'siyetleri haqqi'nda bir ta'repleme ayti'p wo'tedi: Zalesskaya «Ha'zirgi ballada sovet adami'ni'n' ta'rbiya normasi' yesaplang'an qaharmanli'g'i'n uli'g'law maqsetinde wo'mirden ali'ng'an ayri'qsha epizodti' sa'wlelendiriwshi kishi syujetli poetikali'q shi'g'arma»[1]. Al, Lekerovti'n' ani'qlamasi' to'mendegishe: «Ha'zirgi zaman qazaq balladasi' sovet xalqi'ni'n' qaharmanli'g'i' menen baylani'sli' ayri'qsha epizodti' sa'wlelendiriwshi kishi syujetli poetikali'q shi'g'arma si'pati'nda qa'liplesti»[2].

Demek bunnan ko'rinip turga'ni'nday bul ilimpazlarda wo'zlerinen aldi'n'g'i' ilimpazlardi'n' pikirlerin ta'kirarlaw menen sheklengen.

Professor H.İ.Yoqubovti'n' ballada haqqi'ndag'i' pikirleri basqa a'debiyatshi'lardi'n' pikirlerine qarag'anda wo'zinin' tiykarli'li'g'i' ha'm ilimiyliligi menen ayri'qsha di'qqatqa iye. Ali'm wo'zinin' «Shayi'rdi'n' sheberligi» atli' kitabi'nda da bir qansha teoriyali'q ma'seleler menen bir qatarda bir-birine jaqi'n bolg'an lirikali'q novella, lirikali'q poema ha'm ballada janrlari', wolardi'n' ayi'rmashi'li'qlari' haqqi'nda pikirler bildiredi. Avtordi'n' pikirinshe, «Lirikali'q novella tipindegi shi'g'armalarda personaj wo'mirinen social qari'm-qatnasi'q foni'nda 1-2 epizod ali'ni'p su'wretlenedi, bul epizodta obrazlardi'n' tiykarg'i' shtrixlari' ko'rsetiledi. Biraq, avtor personajlardi'n' ishki sezimlerine kemnen-kem itibar berse-de, wol menen ha'rdayi'm pikirles boli'p turadi'. Wol bayanlawshi' si'pati'nda woni'n' basqan qa'demin gu'zetedi, ju'reginde tolqi'nlang'an da'rtti yamasa quwani'shti' ara-arasi'nda shi'ra jag'i'p ko'rsetedi. Shayi'r qi'ssaxanli'q intonaciyasi' menen wo'zin tani'ti'p qoymay, arasi'nda wo'z keshirmelerin lirikali'q qosi'qqa da saladi'».

«Poemani'n' bul tipinde (lirikali'q poema) syujet bir qansha epizodlardan quraladi', ha'mme epizodlardi' avtordi'n' keshirmeleri birlestiredi, woni'n' obrazi' poemani'n' aktiv komponentine aylanadi', wol wo'z intonaciyasi', sezim-tuyg'i' ha'm ishki debdiwleri: siyasiy ha'm filosofiyali'q ko'z-qaraslari', ruwxi'y du'nyasi'ni'n' bayli'g'i', waqi'yalarg'a qi'zg'i'n qatnasi' menen real wo'mirden ali'ng'anday ko'rinedi. Personaj obrazi'ni'n' individual belgileri minimum qi'sqaradi' yaki ja'miyetlik turmi'sti'n' jalpi' uli'wmali'q obrazi' menen almasadi'».

---

[1] Залесская Л.И. Поэзия советской Белоруссии. Лирика, поэма, баллада. –Москва. 1960. –стр. 158.
[2] Лекеров К. Развитие баллады в казахской литературе: Автореф. канд. дисс. –Алма-Ата. 1967. –стр. 20.

Ballada, ali'mni'n' ani'qlawi'nsha, lirikali'q novella ha'm lirikali'q poemadan «syujettin' ju'da' keskin ha'm arti'q da'rejede emotsional-ta'sirli boli'wi' ta'repinen aji'rali'p turadi'». Wonda «syujet ushi'n ku'shli intigralli' moment saylap ali'nadi', personaj yaki lirikali'q qaharmanni'n' keshirmeleri sol momentke qarap ko'terin'ki ruwhta su'wretlenedi. Balladada tipik sha'rayat ha'm personajdi'n' jag'dayi' shiyelenisken ko'riniste ha'm yen' joqari' shi'n'i'nda su'wretlenedi. Usi'g'an baylani'sli' lirikali'q qaharmanni'n' ishki du'nyasi' da yen' shiyelenisken jag'dayda g'ana sa'wlelenedi. Balladada dramatik kolliziya elementleri payda boladi', syujettin' epikali'q ha'm lirikali'q tarmaqlari' bir-birine muwapi'q ra'wishte rawajlandi'ri'ladi'»[1].

XX a'sir rus a'debiyati'nda Bati's Yevropa ha'm basqa xali'qlar folklori'ndag'i' balladalarg'a arnalg'an V.Jirmunskiydin' «Angliyskiy narodnaya ballada» ha'm V.Yarcevani'n' «Problema balladi' v anglo-amerikanskoy folkloristike» atli' maqalalari' teoriyali'q ta'repten puxta jazi'lg'anli'g'i' menen di'qqatqa i'layi'q.

50-60-ji'llarg'a kelip rus folklorshi' ali'mlari' wo'z xalqi' ta'repinen do'retilgen balladalar u'stinde u'lken ilimiy-izertlew jumi'slardi' ali'p bardi' ha'm ju'da' u'lken jetiskenliklerge yeristi. Bul tarawda D.M.Balashovti'n' «A'yyemgi rus epikali'q balladasi'»[2] atli' izertlewi, «Rus balladasi' rawajlani'wi'ni'n' tariyxi'»[3] atli' kitabi' ha'm «Xali'q balladalari'» kitabi'na jazg'an kiris so'zinde rus xali'q balladalari'na tiyisli bahali' pikirler bildirilgen. Balashovti'n' bul jumi'slari'nda rus xali'q balladalari'ni'n' kelip shi'g'i'w tariyxi', janrli'q qa'siyetleri, basqa xali'qlar folklori'ndag'i' balladalardan ayi'rmashi'li'g'i' so'z yetiledi.

G.N.Kalandadzenin' ilimiy jumi'si'nda[4] gruzin folklori'ndag'i' balladalar ha'r ta'repleme u'yrenilgen. Ukrain xali'q awi'zeki poeziyasi'ndag'i' ballada janri' P.V.Lintur ta'repinen izertlengen. Al, K.Lekerov[5] bolsa qazaq folklori'nda da ballada janri'na tiyisli shi'g'armalar bar yekenligin da'lillep berdi.

[1] Ёқубов Ҳ.И. Адибнинг маҳорати. –Тошкент: Фан. 1966. –Б. 31.
[2] Балашов Д.М. Древняя русская эпическая баллада: Автореф. кан.дисс. –Ленинград. 1962.
[3] Балашов Д.М. История развития жанра русской баллады. –Петрозаводск. 1966.
[4] Каландадзе Г.А. Грузинская народная баллада: Автореф.канд.дисс. –Тбилиси. 1954.
[5] Лекеров К. Развитие баллады в казакской литературе: Автореф.канд.дисс. –Алмата. 1967.

Rus shayi’ri’ V.Jukovskiydin’ «Lyudmila» (1808) balladasi’ basi’li’p shi’qqan da’wirden baslap, sol da’wir estetikasi’ ha’m a’debiy kritikasi’nda ballada janri’na u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q woyandi’. Rus balladalari’n u’yreniw isleri menen da’slep V.G.Belinskiy, B.V.Tomashevskiy, Yu.N.Tinyanov, P.N.Berkov, Ts.S.Volpe ha’m basqalar wo’z di’qqati’n qaratqan yedi. Biraq wolardi’n’ miyneti tikkeley balladag’a arnalmag’an. 1966-ji’lg’a shekemgi rus balladasi’ haqqi’nda F.V.Noymanni’n’ «Rus balladasi’ tariyxi’» (1937) kitabi’nda g’ana tikkeley balladani’n’ ta’biyati’ ken’ planda ashi’p berildi. Biraqta bul kitapta ayi’ri’m pikirler haqi’yqatqa duri’s kelmeydi. Ma’selen, ali’mni’n’ rus balladasi’ni’n’ kelip shi’g’i’wi’ haqqi’nda «rus balladalari’ Bati’s balladalari’ni’n’ awdari’li’wi’, wolarg’a yeliklep jazi’w tiykari’nda kelip shi’qqan»[1], - degen pikirdi ilgeri su’redi.

Rus balladasi’ tariyxi’na arnalg’an u’lken, ilimiy-a’meliy jaqtan puxta jazi’lg’an shi’g’arma R.V.İezutovani’n’ qa’lemine tiyisli[2].

Wo’zbek a’debiyati’nda balladalardi’ arnawli’ izertlegen ilimpaz M.İbrahimovti’n’ «Wo’zbek balladasi’» (janrdi’n’ kelip shi’g’i’wi’ ha’m qa’siyetleri) atli’ monografiyasi’ jazi’ldi’[3]. Bul jumi’sta wo’zbek balladalari’ du’nya a’debiyati’ndag’i’ balladalar menen ha’r ta’repleme sali’sti’ri’li’p izertlengen. İlimpazdi’n’ ani’qlawi’nsha, wo’zbek a’debiyati’ndag’i’ ballalardi’n’ tu’p sag’asi’ awi’zeki xali’q do’retpelerinde dep ko’rsetedi.

Al, qaraqalpaq a’debiyati’nda balladalarg’a arnalg’an arnawli miynet yele islenbedi. Bul haqqi’nda biz sabaqli’qlardan, so’zliklerden g’ana mag’li’wmat ali’wi’mi’z mu’mkin. A’debiyatshi’ K.Ma’mbetovti’n’ «A’debiyat teoriyasi’» sabaqli’g’i’nda: «Ballada – shag’i’n syujetli shayi’rdi’n’ ishki debdiwleri tiykari’nda payda bolg’an liro-epikali’q xarakterdegi shi’g’arma. Ballada qaharmanlari’ yeste qalarli’qtay u’lken qaharmanli’qlar isleydi de, biraq tez wopat boladi’. Ashi’qlar haqi’yqi’y ashi’qli’qti’ basi’nan keshiredi, biraq tez ayrali’qqa tu’sedi. Bati’r u’lken qaharmanli’qlar isleydi, biraq wo’ledi. Soni’n’ ushi’n da balladada tragediyali’q elementler basi’m boli’p keledi»[4] - dep jazadi’.

---

[1] Иброҳимов М. Ўзбек балладаси: Автореф.канд.дисс. –Тошкент: Фан. 1974. –Б. 16.
[2] Иезутова Р.В. Из истории русской баллады 1790-первой половины 1820-х гг. (Жуковский и Пушкин): Автореф. канд.дисс. –Ленинград. 1966.
[3] Иброҳимов М.Ўзбек балладаси: Автореф.канд.дисс. –Тошкент: Фан. 1974
[4] Мәмбетов К. Әдебият теориясы. –Нөкис: Билим. 1995. –Б. 185.

İlimpazdi’n’ bul bildirgen pikiri haqi’yqatli’qqa jaqi’n keledi, sebebi qaraqalpaq a’debiyati’nda do’retilgen ko’pshilik balladalarda tragizm ku’shli boli’p keledi. Biraq bul ha’mme balladalar ushi’n da ta’n yemes. Sol sebepli balladalarda tragizm ku’shli beriledi degennen go’re, ju’da’ keskin, shiyelenisken syujet joqari’ pafosta, ku’shli dramatizm menen lirikali’q qaharmanni’n’ ayri’qsha bir momentin ashi’p beriwdi wo’z aldi’na maqset yetip qoyadi’ desek, bul – balladalardi’n’ sfecifikasi’n toli’q ashi’p beredi dep woylaymi’z.

Sonday-aq ha’zirgi waqi’tta roman, novella, poema terminleri si’yaqli’ terminge aylang’an ballada termininin’ etimologiyasi’n ani’qlawda da bir-birine qarama-qarsi’ ayi’ri’m pikirler bar. Bul termin haqqi’nda pikir ju’ritken ha’mme dereklerde de ballada yen’ da’slep “woynaw”, “woyi’ng’a tu’siw” ma’nilerinde jumsalg’anli’g’i’ tuwri’ ko’rsetiledi. Biraq wol birinshi ma’rte qaysi’ xali’qti’n’ leksikasi’nda payda bolg’an, bul termin qalay jasalg’an degen sorawlarg’a ilimiy miynetlerde ha’r qi’yli’ pikirler bildirilgen. L.İ.Timofeev ha’m N.Vengerovlardi’n’[1] pikirinshe ballada italyansha “ballare” so’zinen, D.M.Balashovti’n’ miynetinde bul termin lati’nsha “ballare” so’zinen payda bolg’anli’g’i’ ayti’ladi’. Woni’n’ pikirinshe «italyansha “ballare” termini menen baylani’si’ joq»[2]. Akademik V.F.Shishmarevti’n’ basshi’li’g’i’nda basti’ri’li’p shi’g’ari’lg’an «Yeski francuz tilinin’ so’zligi»[3] kitabi’nda “bal” so’zinin’ etimologiyasi’ to’mendegishe keltiriledi: francuzsha “ball”, “baule” (“baler”) “danse” woynaw. Bul so’z 2 ma’nide qollani’lg’an.

1) “baler”, “beler” (“balare”, “belare”) “zvukopodor”. (dawi’sqa yeliklew), ma’selen, “man’raw” ma’nisinde qollani’lg’an.
2) “baler” (plat., V-VI vv. “balare” iz grech) “danser” (woyi’ng’a tu’siw). Demek “baler” so’zinin’ 2-ma’nisi “woyi’ng’a tu’siw” yeken.

Uli’wma, grekshe “balare” so’zinen francuz tilindegi “baler” so’zi kelip shi’qqan. Bul so’zden bolsa “bal” so’zi jasalg’an. “bal” so’zi bolsa ko’p g’ana xali’q tillerinde bir neshe jan’a so’zlerdin’, ma’selen, italyan tilindegi “ballata”, francuz tilindegi “ballade”, ingliz tilindegi “ballad”, rus ha’m basqa tillerdegi “ballada” terminlerinin’ jasali’wi’ ushi’n tiykar xi’zmetin atqarg’an.

---

[1] Тимофеев Л., Венгеров Н. Краткий словарь литературоведческих терминов. –Москва. 1958. –стр. 18.
[2] Балашов.Д.М. Древняя русская эпическая баллада: Автореф. кан.дисс. –Ленинград. 1962 –стр. 92
[3] Словарь старофранцузского языка: составили М.А.Бородина, М.В.Гордина, В.Ф.Шишмарев. –Москва-Ленинград: Академии наук. 1955. –стр. 27.

## 2-bap: XX a’sirdin’ 40-60-ji’llardag’i’ balladalardi’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligi

### 2.1. Da’slepki balladalarda Watandarli’q uri’s ha’m social turmi’s ma’seleleri

Qaraqalpaq a’debiyati’nda balladalardi’n’ payda boli’wi’ Ulli’ Watandarli’q uri’s ji’lllari’na tuwra keldi. Uri’s sebepli ju’z bergen awi’r tragediyali’q jag’daylar ja’miyetimizdin’ qaysi’ bir tarawi’na bolmasi’n wo’z ta’sirin tiygizbey qoymadi’. A’ne usi’ quramali’ sha’rayatta uri’sqa ketken jawi’ngerlerdi, ti’ldag’i’ miynetkeshlerdin’ ruwhi’y jag’dayi’n ji’rlaw ma’selesi jazi’wshi’-shayi’rlari’mi’zdi’n’ basli’ wazi’ypasi’ yetip qoyi’ldi’. Watandarli’q uri’s ji’llari’ a’debiyatti’n’ basli’ jawi’nger janri’ poeziya boldi’. A’sirese, joqari’ ruwhtag’i’ shi’g’armalarg’a za’ru’rlik ku’shli boldi’ Bul bag’darda ballada janri’ shayi’rlari’mi’z ushi’n qolayli’ janr si’pati’nda maydang’a shi’g’a basladi’. Bul ji’llari’ qaraqalpaq a’debiyati’nda ballada janri’ni’n’ baslawshi’si’ B.Qayi’pnazarovti’n’ Watandarli’q uri’s temasi’na arnalg’an bir neshe balladalari’ jazi’ldi’. Woni’n’ da’slepki «Jetim» balladasi’ qaraqalpaq a’debiyati’nda ballada janri’ndag’i’ da’slepki do’retpe bolg’an bolsa, keyinala bul janrda «Ko’k yemen», «Ko’k yemen ha’m Zoya haqqi’nda ballada», «Yeki soldat», «Qan tamg’an qayi’n’» balladalari’ jazi’ldi’. A’sirese woni’n’ «Ko’k yemen» balladasi’ Watandarli’q uri’s temasi’nda jazi’lg’an yen’ jaqsi’ shi’g’arma dep tabi’ldi’.

Sonday-aq talantli’ shayi’r İ.Yusupovti’n’ da bul ji’llari’ bir neshe balladalari’ jazi’ldi’. Woni’n’ Watandarli’q uri’s temasi’n so’z yetiwshi «Shetkeridegi xata» balladasi’ menen qatar social-turmi’s ma’selelerin so’z yetiwshi «Arzi’gu’l balladasi’» («Joldas mug’allim» poemasi’nan), «Bulaq haqqi’nda ballada» balladalari’ jazi’ldi’.

Shayi’r M.Qarabaev ta ballada janri’ni’n’ rawajlani’wi’na salmaqli’ u’les qosti’. Woni’n’ «Jawi’ngerdin’ son’g’i’ so’zi», «Qaraqalpaq qi’zi’», «Yadi’mda turar ku’limlep» balladalari’ usi’ ji’llardag’i’ yen’ qunli’ shi’g’armalar boldi’. Uli’wma, M.Qarabaev qaraqalpaq a’debiyati’nda yen’ ko’p ballada jazg’an shayi’r si’pati’nda ko’pshilikke tani’ldi’.

Xali’q shayi’rlari’ bul ji’llarda wo’zlerinin’ bar do’retiwshilik talanti’n xali’qti’n’ dushpan u’stinen jen’iske yerisiwi ushi’n uri’s maydani’ndag’i’

jawi’ngerlerdi jigerlendiriw, wolardi’ g’ayratlandi’ri’w maqsetinde shi’g’armalar jazi’wg’a jumsadi’. Usi’nday shi’g’armalardi’n’ biri «Ko’k yemen» balladasi’ boldi’. Wonda uri’sta qaharmanli’q ko’rsetken azamatlardi’ ko’k yemenge sali’sti’ri’w arqali’ wolardi’n’ qaytpas bati’rli’g’i’n, ma’rtligin ha’m Watan ushi’n berilgenligin ashi’p beredi. «Yemen» teregi rus yelinde wo’setug’i’n yen’ shi’damli’, tami’ri’ bekkem terek. Bul arqali’ shayi’r sonsha ala-sapi’randa da yelin jawg’a bermew ushi’n qaharmanlarsha gu’resip ju’rgen xali’q bahadi’rlari’ni’n’ obrazi’n jaratadi’:

G’a’zep penen qarap dushpang’a,
Kekli soldattay tur ko’k yemen,
Shaqalari’n shi’rpi’sa da woq,
Tip-tik qa’ddin iymeydi to’men.[1]

Shayi’r rus yelinin’ yen’ shi’damli’ teregin ha’m usi’ rus yelinde Watan ushi’n gu’resip ati’rg’an bizin’ jerleslerimizdi su’wretlew arqali’ xali’qlar dosli’g’i’, tati’wli’q ha’m bir-birewge hu’rmet ideyalari’n ilgeri su’redi.

Al, «Qan tamg’an qayi’n’» balladasi’nda uri’sta jaralang’an ha’m wo’zine qayi’n’ terekleri asti’nan pana izlep, wo’limnen aman qalg’an jawi’nger obrazi’ jarati’ladi’. Shayi’r balladalari’nda uri’s kartinalari’ janli’ sa’wlelenedi.

Soni’ da atap wo’tiw kerek, ko’pshilik Watandarli’q uri’s temasi’n so’z yetiwshi balladalar Watandarli’q uri’stan keyin 50-60-ji’llari’ da jazi’ldi’. Bunday balladalardi’n’ biri İ.Yusupovti’n’ «Shetkeridegi xata» balladasi’ boldi’. Wonda uri’stan keyingi waqi’yalar, lirikali’q qaharmanni’n’ Ukrainag’a barg’ani’ so’z yetilgen bolsa da, sol jerdegi bir kempirdin’ yeske tu’siriwi tiykari’nda uri’s da’wiri waqi’yalari’n su’wretlew basli’ obiekt yetip ali’nadi’. Lirikali’q qaharman Ukrainag’a barg’anda qandayda bir sebepler menen awi’ri’p huwi’shtan ketkenlikten shettegi bir xata (jay, ha’wli)g’a ali’p kelinedi. Bul jerde kempir wog’an jaqsi’lap qaraydi’ ha’m basi’nan keshirgen waqi’yalardi’ ayti’p beredi. Shi’g’armada su’wret detali’ u’lken a’hmiyetke iye. Da’slep lirikali’q qaharman ko’zin ashqanda diywalda qi’sti’ri’wli’ turg’an su’wretti ali’stan yeles-yeles ko’redi. Son’ kempir a’n’gimesin ayti’p tawi’si’p, woni’ birewge shi’rami’ti’p turg’ani’n aytqannan keyin su’wretke jaqi’n bari’p wondag’i’ jigittin’ biri uri’sta da’reksiz ketken ag’asi’ yekenligi ma’lim boladi’:

[1] Қайыпназаров Б. Нәрўан. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1972. –Б. 137.

Kewilim toli’p bir sezimge,
Su’wret turg’an jerge bardi’m.
Qa’pelimde men wo’zim de
Su’wret qusap qati’p qaldi’m.
Kempir meni bostan-bosqa
Birewge shi’rami’tpag’an yeken:
Su’wrettegi yeki dosti’n’
Biri menin’ ag’am yeken.[1]

Shayi’r bul balladasi’ arqali’ xali’qlar dosli’g’i’, bir-birewge hu’rmet ha’m joqari’ adamgershilik ideyalari’n so’z yetedi. Ballada shayi’rdi’n’ Ukrainag’a barg’andag’i’ ta’sirlerinen do’relgen shi’g’armalardi’n’ biri.

Sonday-aq bul ji’llari’ social-turmi’s ma’seleleri de balladalardi’n’ tiykarg’i’ temasi’ boldi’. Social-turmi’s ma’selelerin so’z yetiwshi balladalarda negizinen xalqi’mi’zdi’n’ anaw yaki mi’naw da’wirdegi turmi’si’n kishkene epizodlar arqali’ tez ha’m keskin su’wretlew basli’ wori’ndi’ iyeleydi. Wonda turmi’sqa baylani’sli’ ha’r tu’rli ma’seleler so’z yetiliwi mu’mkin. Ma’selen, tirishilik, ja’miyettegi qarama-qarsi’li’qlar, insanlardi’n’ bir-birine mu’na’sibeti usag’an ma’seleler de insanni’n’ jasaw, qari’m-qatnas processinde ju’z beredi. A’ne usi’ waqi’yalardi’ ko’rkem boyawlar arqali’ woqi’wshi’g’a ta’sirli jetkerip beriw shayi’r ha’m jazi’wshi’lardi’n’ basli’ wazi’ypasi’ boli’p tabi’ladi’.

Uri’stan son’g’i’ da’wirde shayi’rlar yendi turmi’s ma’selelerin su’wretlewge tiykarg’i’ di’qqatti’ qaratti’. Social ten’sizlik, baylardi’n’ zuli’mli’qlari’ bul ji’llarda balladalardi’n’ basli’ temasi’ boldi’. Ma’selen, qaraqalpaq a’debiyati’nda da’slepki balladalardi’n’ biri bolg’an B.Qayi’pnazarovti’n’ «Jetim» balladasi’nda baylardi’n’ zuli’mli’g’i’nan qatti’ hazar shekken Babajanni’n’ awi’r jag’dayi’ ashi’p beriledi. Soni’ da ayri’qsha atap wo’tiw kerek, bunday balladalarda ko’binese baylardi’n’ zuli’mli’qlari’nan yezilgen qaharmanlarda gu’resshen’lik ruwhi’ basi’m boli’p keledi. Mi’sali’, Babajanni’n’ baydi’n’ yesiginde qoy bag’i’p talay awi’r aqi’retlerdi ko’rip, yen’ son’i’nda jari’q ku’nlerge jetiskenligi haqqi’nda so’z yetiledi.

Zarli’ wo’mir zardabi’nan zari’g’i’p,
Awi’r azap ha’m turmi’stan tari’g’i’p,

[1] Юсупов И. Тумарис ҳәм басқа поэмалар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1974. –Б.241.

Talay jarli' gedeylerdin' ballari',

Baydi'n' yesiginde ju'rdi tan'i'li'p.[1]

Demek da'slepki balladalarda wo'z ta'g'dirindegi awi'r turmi'stan quti'li'w, jari'q ku'nlerge shi'g'i'w ideyasi' xarakterli boldi'.

Awi'r jatar ha'mme tep-tegis jatti',
Aqshamg'i' shi'n tatli' uyqi'g'a batti',
Awzi'n bekkem ilip baydi'n' u'yinin',
Arti'nan wot berip bala jol tartti'.

Bunnan basqa da ko'p qi'rli' shayi'r U.Pirjanovti'n' bul ji'llari' «Qi'z muhabbeti haqqi'nda ballada», «Tog'i'z jigit haqqi'nda ballada» shi'g'armalari' xali'q turmi'si'n ha'r ta'repleme ashi'p bergen yen' qunli' shi'g'armalardi'n' biri boldi'.

«Qi'z muhabbeti haqqi'nda ballada»da sol da'wirlerdegi qi'zlardi'n' qali'n' malg'a sati'li'wi', baylardi'n' zuli'mli'qlari' ma'seleleri so'z yetiledi. Bas qaharman Ulbosi'nni'n' wo'z su'ygenine yemes, ata-ana qi'stawi' menen basqa bir insang'a turmi'sqa shi'g'i'wg'a ilajsi'z razi'li'q bildiriwi tiykarg'i' ko'terilgen ideyani'n' mazmuni'n quraydi'. U'rp-a'det, ata ri'zali'g'i' si'yaqli' qi'z balag'a ta'n iybelik u'stin kelip qi'z da'slep atasi' aytqan insang'a turmi'sqa shi'g'i'wg'a razi' boladi'.

Qi'ymas ata so'zin jalg'i'z perzenti,
Biraq basqa yedi-aw qi'zdi'n' niyeti.
Tekte ilajsi'zdan i'rzali'q berdi,
Aldap-arbawlarg'a qi'z jani' ko'ndi.[2]

Biraqta keyin ala wol bul joldan qayti'p, wo'zinin' insan si'pati'ndag'i' gumanistlik pikirleri na'tiyjesinde bul zorli'qqa qarsi' tura aladi'. Lirikali'q qaharman wo'z muhabbati' arqali' sol da'wirdegi ayi'ri'm tu'siniklerge, shirip ketken da'stu'rlerge qarsi' shi'g'adi' ha'm woni' buzi'p wo'tedi. Shi'g'armada ko'terilgen a'ne usi' ideya qi'zlardi'n' qali'n' malg'a sati'li'wi' si'yaqli' jerkenishli illetti joq yetiw, wolardi'n' wo'z baxti' ushi'n gu'resiwine shaqi'ri'w basli' maqset yetip qoyi'ladi'.

---

[1] Қайыпназаров Б. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1981. –Б. 9.
[2] Пиржанов У. Гүзги жапырақлар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. –Б.70.

Sonday-aq XX a’sir basi’ndag’i’ yelimizde bolg’an kolxozlasi’w siyasati’ da bul da’wirde balladalardi’n’ basli’ temasi’na aynaldi’. Mi’sali’, U.Pirjanovti’n’ «Tog’i’z jigit haqqi’nda ballada»si’nda sol da’wirdegi si’yasat ha’m wolardi’n’ insanlar turmi’si’na ta’siri teren’ ashi’p berilgen. Waqi’yada tiykarg’i’ konflikt social du’zimler arasi’nda boli’p, wonda yeskilik sarqi’tlari’ ha’m jan’a tu’siniklerdin’ wo’z-ara qarama-qarsi’ keliwi na’tiyjesinde ju’zege kelgen tragediyali’q jag’day bayanlanadi’. Balladada belsendi Yerniyaz ha’m woni’n’ hayali’ni’n’ o’shpenli kulaklar ta’repinen qalay wo’ltirilgenin so’z yetiwge arnalg’an.

Ju’rdi jaslar qali’n’ maldi’ joq yetip,
Jan’a da’stu’r ma’deniyati’n u’detip,
A’tten’, biraq, naymi’t, na’ma’rt-satqi’nlar,
An’li’p ju’rip bildirmeydi kek yetip.[1]

Waqi’ya usi’ yeskilik ha’m jan’a da’wir arasi’ndag’i’ konflikt sebepli ju’z beredi, bul arqali’ ideyalar, tu’sinikler bir-biri menen soqli’g’i’si’p, da’wir haqi’yqatli’g’i’ usi’ tiykarda ashi’ladi’:

İske asi’p a’rmanlari’ kelesi,
Jati’r bunda jigitlerdin’ to’resi,
Nabi’t yetti, birazlardi’ joq yetti.
Yeskiliktin’ jan’a menen gu’resi.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, bul da’wir balladalari’nda Watandarli’q uri’s temasi’ndag’i’ balladalar arqali’ – uri’s maydani’ndag’i’ waqi’yalar ku’shli pafosta berilse, social-turmi’s ma’seleleri ji’rlani’wi’ arqali’ – shayi’rlar sol da’wir siyasati’na aktiv aralasi’p, wo’z qaharmanlari’n ta’g’dirindegi awi’r turmi’s penen gu’resiwge shaqi’ri’p woti’rdi’.

## 2.2. 40-60-ji’llardag’i’ balladalardi’n’ ko’rkemlik ma’seleleri.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda da’slepki balladalardi’n’ payda boli’wi’ ko’rkem ta’sir ma’seleleri menen de belgili da’rejede baylani’sli’ boldi’. Qaraqalpaq shayi’rlari’ bul ji’llarda ko’rkem awdarma ma’seleleri menen aktiv shug’i’llani’p woti’rdi’. B.Qayi’pnazarov, İ.Yusupov M.Qarabaevlar bul ji’llari’

[1] Пиржанов У. Онда бәҳәр еди. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1977. –Б. 49.

ja'ha'n a'debiyati'ndag'i' yen' jaqsi' balladalardi' qaraqalpaq tiline awdardi' ha'm bul na'rse qaraqalpaq a'debiyati'nda ballada janri'ndag'i' shi'g'armalardi'n' jazi'li'wi'na tu'rtki boldi'.

Da'slepki balladalarda tiykari'nan Watandarli'q uri's qaharmanlari'n yamasa awi'l adamlari'ni'n' turmi'si'n ashi'p beriw jetekshilik yetti. Shayi'rlari'mi'z ballada janri'ni'n' talaplari'na ku'shli su'yengen halda wo'z do'retpelerinde balladalardi'n' da'slepki u'lgilerin jaratti'.

Ballada janri'nda jarati'lg'an shi'g'armalar syujetine ta'n bolg'an syujettin' keskin tu'rde ku'shli dramatizm menen joqari' pafosta beriliwi bul da'wirdegi balladalarda qatan' tu'rde a'mel qi'li'ndi'.

Mi'sali', B.Qayi'pnazarovti'n' «Ko'k yemen» balladasi'nda ballada syujeti ushi'n ta'n bolg'an ba'lent ruwh ha'm keskin dramatizm woni'n' ko'rkemliliginin' tiykari' boli'p xi'zmet yetedi. Ko'k yemennin' boyi'n ba'lent ko'terip wo'siwi, woni'n' jawi'ngerlerge ruwhi'y ku'sh inam yetip jen'iske isenip turi'wi' joqari' pafosta su'wretlenedi. Shi'g'armada ko'k yemen menen jawi'nger wo'z-ara parallel qoyi'p su'wretlenedi:

Biyik boyi'n ko'kke ko'terip,
Jen'iske isenip turdi' wol.
Jawi'nday jawg'an woqti'n' asti'nda,
Qaytpay turdi'm ko'k yemendey sol.[1]

Woni'n' bul balladasi' menen «Ko'k yemen ha'm Zoya haqqi'nda balladasi'» syujetlik jaqtan bir-birine usas, waqi'yalar bir syujetke quri'lg'an. «Ko'k yemen»de sawash maydani' su'wretlense, al «Ko'k yemen ha'm Zoya haqqi'nda ballada»si'nda uri'stan keyingi waqi'yalar – lirikali'q qaharmanni'n' Zoyani' izlep jolg'a shi'g'i'wi' menen baslanadi'. «Ko'k yemen»de lirikali'q qaharman Zoyani' izlep barg'an waqi'ti'nda ko'k yemendi ko'rgeni yeki balladada da birdey bayanlanadi'. Bunday syujetlik uqsasli'qlar menen qatar shi'g'armalardi'n' sheshimlerinde ayi'ri'm wo'zgeshelikler bar yekenligin ko'riwimiz mu'mkin. «Ko'k yemen ha'm Zoya haqqi'nda ballada»da Zoyani'n' wo'lgenligi haqqi'nda ayti'li'p, lirikali'q qaharman woni'n' qa'birin ko'redi:

U'stinde krest tati' bar,
Zoyani'n' tani's ati' bar,

[1] Қайыпназаров Б. Нәрўан. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1972. –Б. 137.

«Qaharmanlarsha wo’ldi!» - dep,
Jazi’lg’an qi’sqa xati’ bar. [1]

Al, «Ko’k yemen» balladasi’nda shi’g’armani’n’ son’i’ tragediyali’q pafosta yemes, al ko’terin’ki ruwhta juwmaqlanadi’:

Sonda mag’an samal si’bi’rlap,
«Wol qi’z aman» - degendey boldi’.
Japi’raqlar turdi’ shi’ti’rlap,
Zoya ku’lip kelgendey boldi’.

Demek shi’g’armalardi’n’ bunday usasli’q ha’m wo’zgeshelik ta’repleri «Ko’k yemen ha’m Zoya haqqi’nda ballada»ni’n’ «Ko’k yemen» balladasi’ni’n’ qayta islengen varianti’ yekenligin tasti’yi’qlaydi’. Sonday-aq woni’n’ usi’ «Ko’k yemen ha’m Zoya haqqi’nda ballada» ha’m «Yeki soldat» balladalari’ haqqi’nda wo’z da’wirinde a’debiy si’nda da unamsi’z pikirler bildirildi. Wondag’i’ syujettin’ a’piwayi’li’g’i’, ha’m syujet ushi’n tan’lang’an waqi’yani’n’ bayanlawshi’li’q xarakterinin’ basi’m boli’p ketkenligi wori’nli’ si’naldi’. Shayi’rdi’n’ «Yeki soldat» balladasi’nda uri’s maydani’nda jekpe-jek shi’qqan nemec jigiti menen bizin’ jerlesimizdin’ keyinala doslarsha bir-birine qol berisip, bir-birine ja’rdem bergenligi, gospitalg’a bari’p yemlengenligi, keyinala qaytadan uri’sqa tu’skenligi, biraq bulardi’n’ yendi bir-biri menen uri’spag’anli’g’i’, uri’s tamam bolg’annan keyin ha’rkim wo’z yeline ketkenligi, ji’llar wo’tip yeki dos rus jerinde ushi’rasqanli’g’i’ haqqi’nda ayti’ladi’. Biz waqi’ya real wo’mirde bolmag’an degen pikirdi ayti’wdan awlaqpi’z, sebebi shayi’r qandayda wo’zin tolqi’tqan waqi’ya tiykari’nda g’ana shi’g’arma do’retiwi mu’mkin. Degen menen, bir-birin jaralag’an jigitlerdin’ keyinshelli bir-birine ja’rdemlesip, bir gospitalda yemlengenligi bul haqi’yqatqa wonsha sa’ykes kele bermeydi. Sonday-aq waqi’yada bastan-ayaq bayanlawshi’li’q basi’m berilgen, wonda joqari’ pafos sezilmeydi. Mi’sali’:

Ha’mde shala russhalap so’yledi:
– Atti’m ayag’i’n’nan, qoli’n’nan seni,
Wo’lmedin’, u’shinshi wog’i’m tiymedi,
Sen de qoldan ati’p qulatti’n’ meni.

[1] Қайыпназаров Б. Шығармалары: (Таңламалы шығармаларының 1 томлығы). –Нөкис: Қарақалпақстан. 1993. –Б. 99.

Wo’zin’ gezek berip at deysen’ ja’ne,
Atpayman, bul so’zin’ batadi’ mag’an,
Wo’liler jani’nda turmayi’q, qa’ne,
Keteyik, sanbatqa jeteyik aman.[1]

Bul qaraqalpaq a’debiyati’nda balladalardi’n’ da’slepki ko’rinisi bolg’anli’qtan bunday kemshiliklerdin’ boli’wi’ ta’biyiy jag’day yekenligin yesapqa ala woti’ri’p, biz bul shi’g’armalardi’ qaraqalpaq a’debiyati’nda balladani’n’ da’slepki u’lgileri si’pati’nda bahalaymi’z ha’m su’yip woqi’ymi’z.

Ballada jeke planli’ shi’g’arma. Soni’n’ ushi’n woni’n’ syujeti ko’p tarmaqli’li’qqa bo’linbeydi. Wonda birg’ana, wol da bolsa «wo’zek syujet» boladi’. Balladada syujet belgili bir tezlik penen rawajlanbasa, shi’g’arma «shashi’li’p» ketedi ha’m woqi’wshi’da shi’g’armadag’i’ waqi’yalar bayanlamasi’na qi’zi’g’i’wi’ jog’aladi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda bul ji’llari’ kompozitciyali’q quri’li’si’ jag’i’nan ko’lemli balladalar da jazi’ldi’. U.Pirjanovti’n’ «Qi’z muhabbati’ haqqi’nda ballada» shi’g’armasi’ni’n’ syujeti uzaq dawam yetedi. Shi’g’armani’n’ ko’lemi 14 betten ibarat. Biraq wonda arti’qsha syujetler, tiykarg’i’ syujetten shetke shi’g’i’wlar gezlespeydi. Shi’g’armani’n’ syujetine di’qqat awdarayi’q:

Bas qaharman Ulbosi’nni’n’ wo’z su’ygenine yemes, ata-ana qi’stawi’ menen basqa bir insang’a turmi’sqa shi’g’i’wg’a ilajsi’z razi’li’q bildiriwi tiykarg’i’ ko’terilgen ideyani’n’ mazmuni’n quraydi’. Wol wo’z muhabbati’ ushi’n gu’reseyin dese, keleshegin ko’rmey qamsi’g’adi’, ata-anasi’ni’n’ da so’zin qaytarg’i’si’ kelmeydi. Usi’nday bir waqi’tta shayi’r qosi’msha qaharmanlar obrazi’nan da sheber paydalanadi’. Mi’sali’, qi’zdi’n’ jen’gesi Gu’lzada obrazi’ sol jag’i’ menen xarakterli, woni’n’ wo’zinin’ basi’nan keshken waqi’yasi’ Ulbosi’nni’n’ toy ku’ni qashi’p ketiwine sebepshi boladi’. Gu’lzada obrazi’ ha’m woni’n’ basi’nan keshirgenlerin bayanlawi’, a’lbette, bul basqa syujet, biraq woni’n’ obrazi’ni’n’ beriliwi arqali’ yekilenip turg’an qi’zda jigerlilik, ku’shlilik payda boladi’ ha’m wo’z muhabbati’na bati’l qa’dem

[1] Қайыпназаров Б. Шығармалары: (Таңламалы шығармаларының 1 томлығы). –Нөкис: Қарақалпақстан. 1993. –Б. 95.

taslaydi’, shi’g’arma usi’ ja’rdemshi syujettin’ tiykari’nda rawajlanadi’, konflikttin’ baslani’wi’na tiykar jaratadi’:

Mende sendey bolaman dep pa’nt jedim,
Wo’zin’de bilesen’ izimnen qalmay,
Ju’rdi ga’p salg’an bop biraq, batalmay.
Keyin u’yrenisip bir-birewimizdi-
Jaqs?’ ko’rdik, ash?’p kewilimizdi.[1]

Yendi qi’zda psixologiyali’q konflikt baslanadi’, jen’gesinin’ aytqan ga’pleri bir ta’repten qi’ynasa, bir ta’repten yar i’shqi’ jigerlendiredi, bir ta’repten ata ri’zali’g’i’ azaplaydi’.

U’rp-a’det, ata ri’zali’g’i’ si’yaqli’ qi’z balag’a ta’n iybelik u’stin kelip qi’z atasi’ aytqan insang’a turmi’sqa shi’g’i’wg’a razi’ boladi’. Kelinshek keldi dep awi’l arasi’, u’y-ishi, ha’tte kishkene balalar da qatti’ quwani’shta, biraq tek g’ana bir insan qapa, wol wo’zinin’ ta’g’dirinin’ wo’zge qollarda zaya bolajag’i’na qamsi’g’adi’:

Heshkim buni’ sezbes ko’zlerin’de jas,
Sag’an wo’zim g’ana bolayi’n si’rlas,
Aytshi’ seniki ne, bunshelli nali’w,
Qi’zlarg’a qi’yi’nba kelinshek boli’w?!

Avtor usi’ jerde bayanlawshi’ obrazi’nan basqa qi’zdi’n’ ishki sezimin beriwde «ay» simvolikali’q obrazi’nan paydalanadi’, bayanlawshi’ wo’z worni’n usi’ obrazg’a bosatadi’, wol qi’zg’a da’rtles halda woni’n’ ishki sezimin bayanlaydi’.

Bir qa’lipte rawajlani’p kiyati’rg’an shi’g’arma ku’tilmegen ta’rizde kulminacion shegine jetedi. «Kelinshek joq» - degen xabardan ha’mme awi’l-yel arasi’ ayaqqa turadi’. Bunnan son’ bul xabardi’ yesitken Ulbosi’nni’n’ qali’n’li’g’i’n alg’an atasi’ menen anasi’ni’n’ wo’z-ara dialogi’ beriledi.

Usi’layi’nsha shi’g’armani’n’ son’i’ ku’tilmegen ta’rizde juwmaqlanadi’. Wo’z muhabbati’na sadi’q bolg’an qi’z aqi’r-aqi’bet muhabbati’na yerisedi:

Ne bolari’ boldi’ qaytpayman yendi,
Senin’ pikirin’she men bir «kelgindi».
Biraq tolqi’p si’ymay turman qanama,

[1] Пиржанов У. Гүзги жапырақлар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. –Б. 70.

Kelin bolmaqshi’man, senin’ anan’a!

Tu’nler… tu’nler bizdi aljasti’radi’.

Ba’ribir tan’ bizdi duslasti’radi’.

Ballada janri’nda jarati’lg’an shi’g’armalar syujetine ta’n bolg’an yen’ tiykarg’i’ wo’zgeshelik woni’n’ tez ha’m ku’tilmegen jo’neliste ha’mde liro-epikali’q formada bayan yetiliwi boli’p yesaplanadi’. Tilekke qarsi’, bul si’patlar 40-60-ji’llari’ jazi’lg’an balladalardi’n’ ko’pshiliginde saqlanbaydi’. Mi’sali’, A’.Ta’jimuratovti’n’ «Bes perde» balladasi’nda Muwsa baqsi’ni’n’ ta’g’diri haqqi’ndag’i’, woni’n’ Xiywag’a shaqi’rti’lg’anli’g’i’, xan aldi’nda woni’n’ si’yasati’n maqtawdan bas tartqanli’g’i’ haqqi’nda ayti’ladi’:

Muwsa yan’li’ aytqi’sh baqsi’ bolmag’an,

Biraqta awhali’ jaqsi’ bolmag’an,

Sebebi Xiywag’a shaqi’rti’pti’ xan,

Ti’rnaqti’n’ ushi’nda ko’rinipti jan.[1]

Shi’g’armadag’i’ bayanlawshi’li’q xarakterinin’ basi’mli’g’i’, dramatizmnin’ joqli’g’i’, lirikali’q sezim elementlerinin’ qatnasti’ri’lmag’anli’g’i’ woni’n’ ko’rkemliligine keri ta’sir yetken. Bul haqqi’nda ilimpaz T.Ma’mbetniyazov wo’zinin’ «Ballada janri’ni’n’ rawajlani’wi’» maqalasi’nda: «Shayi’r Muwsa baqsi’dag’i’ u’lken talantti’ ashi’w worni’na, solay yetip iskusstvo adami’ni’n’ obrazi’n do’retiw worni’na, woni’n’ turmi’si’ni’n’ to’men yekenligin aytadi’ …Ballada da tek g’ana xabar bar, al woni’n’ ko’rkem obrazi’ joq»[2], - dep ayta kele, ayi’ri’m jag’daylarda a’hmiyetli ha’m aktual temalar qaraqalpaq balladasi’nda jeterli da’rejede wo’zinin’ ko’rkemlik sheshimin taba almay ati’rg’ani’n yeskertedi.

Uli’wma bul ji’llari’ ballada janri’nda B.Qayi’pnazarovti’n’, İ.Yusupovti’n’, M.Qarabaev, U.Pirjanovlardi’n’ yen’ jaqsi’ shi’g’armalari’ menen birge, ayi’ri’m ko’rkemligi to’men balladalar da jazi’ldi’. Degen menen, bul qaraqalpaq a’debiyati’nda balladalardi’n’ da’slepki ko’rinisi bolg’anli’qtan bunday kemshiliklerdin’ boli’wi’ ta’biyiy jag’day yekenligin yesapqa ala woti’ri’p, biz bul shi’g’armalardi’ qaraqalpaq a’debiyati’nda balladani’n’ da’slepki u’lgileri si’pati’nda bahalaymi’z.

---

[1] Тәжимуратов Ә. Саўға. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1983. 43-б

[2] Мәмбетниязов Т. Поэзия ҳаққында ойлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985. 39-б

## 2.3.Obraz jasawdag’i’ wo’zgeshelik. Obrazlarda tragediyali’q ha’m qaharmanli’q pafosti’n’ beriliwi.

Balladada obrazlar wo’zinin’ ku’shli emotsionalli’g’i’ ha’m ta’sirshen’ligi menen basqa janrlardan aji’rali’p turadi’. Wonda qaharman xarakterinin’ qa’liplesiw processi ko’rsetilmeydi, woni’n’ xarakteri qa’liplesip shegine jetken jag’dayda ko’rsetiledi. Lirikali’q qaharman tiykari’nan awi’r processte ko’rsetilse de, uzaq waqi’t ju’z bergen, dawamli’ waqi’t ishinde ha’reket qi’lmaydi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda ko’pshilik balladalar Ulli’ Watandarli’q uri’s ji’llari’nda jazi’lg’anli’qtan obrazlardi’n’ da basi’m ko’pshiligi qaharmanli’q xarakterge iye boli’p keldi. Balladalarda qaharmanlar gu’resi de wo’zine ta’n joldan baradi’. Az sandi’ qurawshi’ ballada qaharmanlari’ ko’binese bir-biri menen ku’sh isletip uri’si’p woti’rmaydi’. Wonda sezim u’stin bolg’anli’qtan bul ko’rinisler syujetten qi’yi’p ali’p taslanadi’ da, lirikali’q qaharmanni’n’ dramatizmge toli’ woy-qi’yali’ u’stinlik yetip ketedi. Ko’pshilik balladalar unamli’ qaharmanlardi’n’ tragediyali’q wo’limi menen juwmaqlanadi’. Biraq bul wo’lim woni’n’ jen’ilisinen yemes, al, jen’ip shi’qqanli’g’i’nan derek beredi.

Mi’sali’, M.Qarabaevti’n’ Watandarli’q uri’s temasi’nda jazi’lg’an «Jawi’ngerdin’ son’g’i’ so’zi» balladasi’nda jas jawi’ngerdin’ tragediyali’q wo’limi ku’shli dramatizm menen su’wretlenedi. Uri’sta ju’rgen jawi’nger jigitke inisinen xat keledi. Xattag’i’ inisinin’ jawdi’ jeksen yetip, yelge ma’rt bati’r boli’p quwi’si’wi’na tileklesligi woni’ jigerlendirip yele de alg’a ilgerilewge ma’jbu’rleydi:

…Neshe fashist qulatqani’n’di’ –
Jazi’p xatta, ayt a’jag’a.
Tilge alsi’n jurt ati’n’di’,
Bati’r boli’p qayt a’jag’a. [1]

Usi’ waqi’tta fashistler ja’ne hu’jimge wo’tedi. Jawi’nger jigit taysalmay wolar menen ali’sadi’. Biraqta ku’tpegende bilqastan woq tiyip jerge qulaydi’. Wol jerge qulasa da Watan aldi’ndag’i’ a’diwli wazi’ypasi’n wori’nlay alg’ani’na kewli shad boli’p qaharmanlarsha nabi’t boladi’:

[1] Қарабаев М. Жүректеги жаңғырық. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1984. 214-б

Pulemetin uslap qatti’,
Qozg’almadi’, ku’limledi:
«Dushpani’mdi’ men qi’yratti’m.
Anan’di’ su’y inim» - dedi.

Balladada personajlar xarakteri ko’binese dramali’q shi’g’armalardag’i’day wolardi’n’ is-ha’reketleri ha’m wo’z so’zleri (dialog ha’m monologlari’) menen ashi’ladi’. Joqari’da da xat arqali’ inisi menen ag’asi’ni’n’ wo’z-ara dialoglari’ beriliwi shi’g’armani’n’ ko’rkemligin ta’miynlewde u’lken xi’zmet atqari’p kelgen.

Shi’g’armadag’i’ qaharmanli’q pafosti’n’ ku’shli dramatizm menen suwg’ari’lg’anli’g’i’ woni’n’ qunli’li’g’i’n ja’ne de asi’ri’p, jas jigittin’ Watan azatli’g’i’ ushi’n tileklesligi ideyasi’ ayqi’n sa’wlelenedi. Bunday shi’g’armada xat detali’nan paydalani’w ha’m sol tiykarda joqari’ pafosti’ ku’sheytiw wo’zbek a’debiyati’nda H.Alimjanni’n’ «Jawi’nger Tursi’n» balladasi’nda ushi’rasadi’. Wonda da anasi’ni’n’ tilegin wori’nlap, kewli shad boli’p, qaharmanlarsha jan bergen jawi’ngerdin’ obrazi’ su’wretelenedi.

Uyi’qladi’ ma, wo’ldi me?
Yendi ba’ri-bir wog’an,
Yessiz yerdin’ wo’limi
Uyqi’g’a da usag’an.
Jatadi’ wol yerkelep,
Watan topi’rag’i’nda,
Jas bala jatqani’nday,
Anani’n’ qushag’i’nda.[1]

Da’slep Tursi’n uri’stag’i’ qorqi’ni’shli’ jag’daylardi’ ko’rip qashpaqshi’ boladi’, biraq anasi’nan qa’hir-g’a’zepke toli’ xat keledi. Wonda anasi’ Watandi’ qorg’amay qashi’p tiri bolg’annan, wo’lgeni jaqsi’ yekenligin aytadi’. Bul xat Tursi’ndi’ jigerlendirip, jaw ushi’n ma’rtlershe gu’resiwge shaqi’radi’, wolardi’ yelden quwi’p shi’g’aradi’. Yeki shi’g’armada da xat detali’ jawi’ngerdi jigerlendiriw, ruwhlandi’ri’w maqsetinde sheber qollani’lg’an.

Ko’binese bunday obrazlardi’ tragediyali’q halatta juwmaqlansada, yel-jurt ushi’n islegen qaharmanli’g’i’ sebepli wolardi’ qaharmanli’q obrazlarg’a

[1] Алимжанов Ҳ. Ерик гүллегенде. Нөкис. Қарақалпақстан. 1980. 65-б

kirgizemiz. Bul haqqi’nda a’debiyatshi’ Q.Ja’rimbetov: «Yegerde personajdi’n’ is-ha’reketleri u’lken ja’miyetlik mazmung’a iye bolsa, personaj xali’qti’n’ isi, ar-nami’si’ ushi’n yamasa qandayda bir ulli’ gumanistlik ideyalar ushi’n qurban bolsa, wonda woni’ qaharmanli’q obrazlar topari’na jatqari’wi’mi’z mu’mkin»[1], - dep aytadi’.

Soni’n’ menen birge, ha’mme tragediyali’q obrazlarda qaharmanli’q bola bermewi mu’mkin. Mi’sali’, N.Japaqovti’n’ «Qos terek haqqi’nda ballada»si’nda zaman ten’sizliginen ja’birge ushi’rag’an, aqi’ri’nda maqsetine jete almay wo’lip ketken yeki jasti’n’ muhabbat tragediyasi’ su’wretlenedi. Wolardi’n’ wo’lgen jerine yestelik ushi’n qos terek yegiledi. Usi’ ko’gerip shi’qqan qos terek simvolikali’q obrazi’ arqali’ Gu’ljan ha’m Bekjanni’n’ obrazlari’ jasaladi’:

Yeki jasti’n’ jazi’qsi’z,
Bir tu’nde u’nin wo’shirdi:
«Kiyeli» dep wol jerden,
Shi’g’i’ri’n da ko’shirdi.[2]

Bunday traegdiyali’q obrazlar bul ji’llari’ qaraqalpaq a’debiyati’nda İ.Yusupovti’n’ «Shetkeridegi xata», «Arzi’gu’l balladasi’», U.Pirjanovti’n’ «Tog’i’z jigit haqqi’nda ballada» shi’g’armalari’nda ushi’rasti’. İ.Yusupovti’n’ «Arzi’gu’l balladasi’» woni’n’ yen’ birinshi jazg’an «Joldas mug’allim» poemasi’ni’n’ bir bo’limi. Wol Gu’ljanni’n’ yeske tu’siriwi tiykari’nda Arzi’ ko’ldin’ ne ushi’n bulay atalg’ani’n Worazg’a ayti’p beredi. Usi’ jerden basqa syujet Arzi’gu’ldin’ basi’nan wo’tkergen ayani’shli’ wo’miri bayanlanadi’.

«Arzi’gu’l balladasi’»nda zaman ten’sizliginen ja’bir shekken jas qi’zdi’n’ ta’g’diri, a’kesinin’ bayg’a ko’p mal-du’nyag’a sati’p jiberilgenligi, baydi’n’ hayal u’stine hayalli’qqa ali’p, woni’ azaplag’anli’g’i’ haqqi’nda ayti’ladi’. Bul azaplarg’a shi’damay Arzi’gu’l wo’zin ko’lge taslaydi’. Bul tragediyali’ jag’day bi’layi’nsha ashi’p beriledi:

Suw qoyni’na wo’zin atti’ Arzi’gu’l,
Bir i’shqi’ni’p qaldi’ xosh hawaz bu’lbil.
Jan-jani’wardan jasi’rg’anday Arzi’ni’.

---

[1] Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. –No’kis: Qaraqalpaqstan. 2012. –B. 19.
[2] Жапақов Н. Шығармаларының 2 томлығы. I том. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1978. 214-б

Si’yqi’rlani’p ti’ni’p jatti’ si’rli’ ko’l.[1]

Shi’g’arma da’slep ko’l boyi’ndag’i’ ta’biyatti’ su’wretlewden baslani’p, son’ ja’ne ko’l boyi’ndag’i’ ta’biyat ko’rinisi menen tamamlanadi’. Peyzaj arqali’ shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ tragediyali’q wo’limin yelede ku’sheytip beriw ushi’n qollanadi’. Bunday peyzaj ilimde liro-emocional peyzaj dep ataladi’. Liro-emocional peyzaj insanni’n’ ishki jag’dayi’n, kewil keshirmelerin beriwde wo’nimli qollani’ladi’.

Turdi’ dawi’l jalt-jult woynap nayzaday,
Atqan woq bop buli’tti’ testi nayzag’ay.
Mun’li’ gu’ller basi’n iyip mun’ayi’p.
Bu’lbil qaldi’ bir wo’mirge sayramay.

Bul ji’llari’ balladada da’slepki ret simvolikali’q obrazlardi’n’ u’lgileri payda boldi’. «Simvolika balladada syujettin’ ken’ planli’ bayanlani’wi’na, bir yemes bir neshe ma’nilerdin’ boli’wi’na ken’ jol ashadi’. Simvolika waqi’yani’ real motivirovka qi’li’wda, woni’n’ ku’tilmegende tragediyali’ tu’s ali’wi’nda, dramatizmdi ku’sheytiwde xi’zmet qi’ladi’»[2]. Mi’sali’, B.Qayi’pnazarovti’n’ «Ko’k yemen» balladasi’nda yemen simvolikali’q obraz. Wol shi’g’armani’n’ obrazli’ bayanlani’wi’nda, dramatizmdi ku’sheytiw menen birge uri’sta ju’rgen qaharmanlardi’n’ bati’rli’g’i’n ji’rlawda wo’nimli qollang’an. Shayi’r yemen menen soldatti’n’ xarakterli belgilerin parallel qoyi’p su’wretleydi.

B.Qayi’pnazarov do’retiwshiliginde terek obrazi’ janli’ obraz. Wol ha’r tu’rli tereklerdin’ anaw yaki mi’naw qa’siyetlerin wo’z shi’g’armalari’na teren’ sin’dirip woti’radi’. Mi’sali’, woni’n’ «Qan tamg’an qayi’n’» balladasi’nda qayi’n’ teregi su’wretlew obektine aylanadi’. Uri’sta jaralang’an jawi’ngerdin’ qali’n’ qayi’n’ asti’nan pana tabi’wi’ janli’ kartinalarda bayanlanadi’. Uli’wma, terek obrazi’ a’debiyati’mi’zda shi’damli’li’qti’n’, yerliktin’ simvoli’ boli’p xi’zmet yetedi.

Sonday-aq İ.Yusupovti’n’ «Bulaq haqqi’nda ballada»si’ndag’i’ bulaq obrazi’ simvolikali’q obraz. Shayi’r A.Muwsaevti’n’ do’retiwshilik joli’n

---

[1] Юсупов И. Тумарис ҳәм басқа поэмалар. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1974. 187-б

[2] Балашов Д.М. История развития жанра русской баллады. Петрозаводск. «Каральские книж» 1966, стр. 9-10

bulaqqa ten’ew arqali’ woni’n’ qaraqalpaq a’debiyati’nda tutqan worni’n ashi’p beredi.

Baxi’t sa’zendesi yeldin’ sha’meni,
Sol gu’mis bulaqqa megzettim seni,
Sen bir bulaq yedin’ tunshi’g’i’p jatqan.
Qayg’i’ni’n’ taslari’ ko’ksin’e batqan.
Da’ryag’a quyi’lg’an bulaqti’n’ suwi’
Jog’almas. Jasaysan’ sen qayta tuwi’p.[1]

«Bunday shi’g’armalarda simvolli’q obrazdi’ yamasa woni’ payda yetiwshi predmetti wonnan kelip shi’g’atug’i’n ma’nis penen almasti’ri’wg’a bolmaydi’. Simvolli’q obrazlardi’n’ si’rtqi’ formasi’ menen ishki mazmuni’n bo’lip ali’p qarawg’a bolmaydi’»[2] dep jazadi’ Q.Orazi’mbetov simvolli’q su’wretlew usi’li’ haqqi’nda. Qaraqalpaq a’debiyati’nda bulaq obrazi’ tiykari’nan su’wretlenip ati’rg’an insanni’n’ «bulaq suwi’nday taza» xarakterin beriw ushi’n qollani’ladi’. «Shayi’r A.Muwsaev bulaq bolsa, al usi’ bulaqti’n’ yerkin ag’i’wi’na bo’get boli’p jati’rg’an jartas bul shayi’rdi’n’ revolyuciyag’a deyingi da’wiri yedi»[3] - dep si’patlaydi’ a’debiyatshi’ T.Ma’mbetniyazov. Ballada da’slep peyzajli’q su’wretlewlerden baslanadi’, da’rya jag’asi’nda ag’i’p turg’an bulaqti’n’ barli’q suli’wli’g’i’ ta’riyplenedi. Son’ shi’g’armani’n’ sheshiminde balladani’n’ qandayda bir adreske qarati’lg’ani’n an’laymi’z.

Uli’wmalasi’ti’ri’p aytqanda, bul ji’llari’ qaraqalpaq a’debiyati’nda balladalardi’n’ da’slepki qa’liplesiw basqi’shi’ boldi’. A’lbette, ha’r qanday jan’a janr a’debiyatqa birden sin’isip kete almag’ani’nday, ballada janri’ da qaraqalpaq a’debiyati’nda bul ji’llari’ wo’zinin’ qa’liplesiw basqi’shi’n basi’nan keshirip ati’r yedi. Biz bul bo’limde a’ne usi’ processtegi ayi’ri’m jetiskenlikler ha’m kemshiliklerdi ashi’p ko’rsetiwge hareket qi’ldi’q.

---

[1] Юсупов И. Кеўилдеги кең дүнья. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1989. 40-б

[2] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. –Нөкис: Билим, 1992. 87 б.

[3] Мәмбетниязов Т. Поэзия ҳаққында ойлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985. 38-б

## 3-bap: XX a’sirdin’ 70-80-ji’llardag’i’ balladalarda ko’rkem sheberlik ma’seleleri

### 3.1. Syujet du’ziwde ko’rkem sheberlik. Lirikali’q, liro-epikali’q ha’m epikali’q balladalar

70-80-ji’llar qaraqalpaq a’debiyati’ wo’zine ta’n «balladali’» ji’l boldi’. Bul ji’llari’ qaraqalpaq a’debiyati’ buri’n ko’rilmegen da’rejede rawajlandi’, sol qatari’ balladalardi’n’ da yen’ gu’llep rawajlang’an da’wiri boldi’. B.Qayi’pnazarov, İ.Yusupov, M.Qarabaev, U.Pirjanovlardi’n’ bul janrda sali’p bergen soqpag’i’n bul ji’llari’ jas shayi’rlar J.İzbasqanov, K.Karimov, X.Da’wletnazarov, dawam yettirdi. Sonday-aq talantli’ shayi’rlar J.Aymurzaev, X.Seytov, T.Sa’rsenbaevlarda bul ji’llari’ ballada janri’nda wo’zlerin si’nap ko’rdi. Balladalar janrli’q jaqtan ken’eyip, lirikali’q, liro-epikali’q ha’m epikali’q xarakterdegi balladalar jazi’ldi’.

Ballada janri’nda a’dewir qa’lemi i’si’lg’an shayi’rlar B.Qayi’pnazarov, İ.Yusupov, M.Qarabaev bul ji’llari’ wo’zlerinin’ yen’ qunli’ shi’g’armalari’ menen qaraqalpaq a’debiyati’n bayi’tti’. B.Qayi’pnazarovti’n’ «Mo’ldir bulaq», «Bag’ ha’m bag’man», «Varshava haqqi’nda an’i’z», «Shoq gu’l», balladalari’ menen qatar İ.Yusupovti’n’ yen’ qunli’ balladalari’ «Shayi’r ha’m a’jel», «Gradustnik haqqi’nda ballada» shi’g’armalari’ jazi’ldi’.

Bul ji’llari’ ballada janri’nda wo’nimli miynet yetken M.Qarabaev, T.Sa’rsenbaev ha’m J.İzbasqanovlar boldi’. M.Qarabaevti’n’ «Jan’a qostarli’q», «Atam menin’ dilwar bolg’an», «Aq perishte», «Jawi’ngerdin’ qali’n’li’g’i’», «Balasi’n tawi’p qaytqan a’ke haqqi’nda ballada», T.Sa’rsenbaevti’n’ «Qali’qpa ko’pir haqqi’nda ballada», «Qawi’n qori’q yamasa Seytim g’arri’ tuwrali’ so’z», «Aylanba du’rre haqqi’nda ballada», «Tutti’rmay ketken peri haqqi’nda ballada», «A’yse kempir haqqi’nda a’psana», J.İzbasqanovti’n’ «Muhabbat haqqi’nda ballada», «Tulpar haqqi’nda ballada», «Yeki wo’lim balladasi’», «Si’ng’an tal haqqi’nda ballada», «Shi’dam haqqi’nda ballada», «Jawi’nger», «Kishkene ballada» shi’g’armalari’ jazi’ldi’.

Soni’n’ menen birge, bul ji’llari’ balladalardi’n’ ko’rkemliligi de a’dewir wo’sti. Janrdi’n’ talabi’na say syujet quri’w, wonda dramatik keskinlikti qollani’w, bul ji’llari’ balladada ayqi’n ko’zge taslandi’.

Belgili bolg'ani'nday, ko'rkem shi'g'armadag'i' yen' tiykarg'i' kategoriyalardan biri syujet boli'p yesaplanadi'. «Syujetlilik, - dep jazadi' rus kritigi N.G.Chernishevskiy, - shi'g'armani'n' estetikali'q bahali'li'g'i'ni'n' birinshi sha'rti… Syujet joq jerde ko'rkemlilik joq»[1]. Uli'wma syujetsiz ko'rkem shi'g'armani'n' boli'wi' mu'mkin yemes. Biraq ha'r bir janrdag'i' shi'g'armani'n' syujeti wo'zine ta'n wo'zgeshelikke iye boladi'. Balladani'n' syujeti ushi'n tiykar bolg'an ku'shli dramatik waqi'ya lirikali'q tu'rde bayanlanadi'. Ballada syujetin ha'reketke keltiriwshi tiykarg'i' ku'sh lirizm ha'm dramatizm boli'p, wolardi'n' talabi'na shi'g'armani'n' derlik ha'mme komponenti boysi'nadi'. Keskin dramatik sezimler, debdiwler tiykari' bolg'an balladada toli'q bir waqi'yani' basi'nan aqi'ri'na shekem su'wretlep beriw sha'rt yemes. Wonda ko'binese insan wo'mirinde ku'tilmegende ju'z bergen, woni'n' ta'g'dirin sheshetug'i'n, wo'mirine buri'li's jasay alatug'i'n dramatik mazmundag'i' epizodlar tan'lani'p, wolar yen' shiyelenisken halda, yen' rawajlang'an momentte, yen' keskin ha'm dramatik waqi'tta, ba'lent ruwh ha'm jarqi'n boyawlarda, dialog formasi'nda bayan yetiledi. Balladada ko'binshe bir yaki yeki tiykarg'i' qaharman bayan worayi'na qoyi'ladi'. Bul qaharmanlardi'n' jigeri wo'zinin' yen' shegine jetken waqti'nda, do'retiwshiligi yen' keskin jerinde, xarakter wo'zgesheligi jarqi'rap ko'ringen momentinde ko'rinedi. Balladani'n' bunday janrli'q ta'biyati'n biz X.Da'wletnazarovti'n' «Jalg'i'zli'q» balladasi' tiykari'nda ko'rip shi'g'ami'z.

«Jalg'i'zli'q» balladasi'ni'n' tiykarg'i' temasi' insanlardag'i' yen' jaman illet bolg'an a'shko'zlik ma'selesi. Shi'g'armadag'i' tiykarg'i' syujet 2 dosti'n' ko'p du'nya tabi'w maqsetinde yelden shi'g'i'ni'p ketiwi, ko'p du'nya tawg'annan son' woni' bo'lisiwge ko'zleri qi'ymay, bir-birin wo'ltiriwge uri'ni'wlari' haqqi'nda so'z yetiledi.

Ko'pshilik balladalar da'slep sol bayanlamaqshi' ha'diysege avtordi'n' kiris so'zi yamasa sol ha'diysenin' da'slep sheshiminin' beriliwi arqali' baslanadi'. Woqi'wshi' bug'an qarap shayi'rdi'n' ne aytajaqli'g'i'n ug'i'nadi', wonda da'slepki tu'sinik payda boladi'. Mi's:

Du'nya bilmes, -
Satqi'nli'q qi'li'p,

[1] Қошжанов М. Көркем сюжет. «Өзбек тили ҳәм әдебияты» журналы, 1963, 6-сан, 17-б

Buri’ng’i’dan zor bolg’anlardi’.

Yesitkenbiz, -

Yelden shi’g’i’ni’p,

Aqi’ri’nda xor bolg’anlardi’.[1]

Ja’ha’n a’debiyati’ndag’i’ ko’pshilik balladalar usi’nday da’slep sheshimni’n’ beriliwi arqali’ baslanadi.

Balladani’n’ ja’ne bir wo’zgesheligi wonda qaharmanlar sani’ 2 yamasa 3den aspawi’ kerek ha’m wolardi’n’ kim yekenligi haqqi’nda bildiriw sha’rt yemes.

Bo’leklenip barati’r yekew,

Ji’raq sali’p yelden qarasi’n.

Wolardiki,

Buzi’w-jari’w, jew,

Pa’slik toli’,

Sezim-sanasi’.

Bunda bir g’ana «yekew» so’zi arqali’ shi’g’armag’a qatnasi’wshi’ insanlardi’n’ sani’ belgili boladi’. Wolardi’n’ xarakterleri de, ha’r birinin’ psixologiyasi’ da wo’z so’zleri arqali’ ashi’ladi’.

Yekewi yendi tapqan woljani’,

Uyqi’lari’ kelmes bo’lispey.

Ko’zleri ash, - suqli’ qollari’,

Berispeydi,

Ha’rgiz wo’lispey.

Ha’r qanday janrdag’i’ shi’g’armada konflikt u’lken a’hmiyetke iye. Joqari’da ayti’p wo’tkenimizdey, konfliktsiz syujet rawajlana almaydi’. Waqi’ya yeki insanni’n’ wo’z-ara kelispewshiligi, bir-birine bolg’an wo’shpenligi tiykari’nda ja’ne de shiyelenisedi. Arali’qtag’i’ syujetler yag’ni’y «wolja»ni’ qaydan qolg’a kirgizgenligi haqqi’nda shayi’r mag’li’wmat bermeydi. Woqi’wshi’ woni’ wo’z fantaziyasi’ arqali’ bilip ali’wi’ mu’mkin.

Son’ waqi’ya wo’zinin’ kulminacion shegine jetedi, shi’g’arma tezlik penen rawajlang’an qa’lpin joytpay, dramatik wo’tkirlikti pa’seytpey juwmaqlanadi’:

[1] Дәўлетназаров Х. Хат. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980. 10-б

Jarali’ jan shapshi’p uyqi’dan,
Ash bo’ridey uli’p jiberdi!
Awi’llasi’ –
Quti’lmaq budan, -
Kegirdegin u’zip jiberdi!...

Adamzat qa’siyetine ta’n bolg’an a’shko’zliktin’ aqi’betinde jawi’zli’qti’n’ yen’ shegine jetken ko’rinisi X.Da’wletnazarov ta’repinen sheber ashi’p berilgen. Wondag’i’ ko’terilgen tema da, jarati’lg’an xarakterler de, syujet te ha’zirgi zaman temasi’na quri’lg’an. Woqi’wshi’ usi’ jerde shi’g’armani’n’ ne ushi’n «Jalg’i’zli’q» dep atalg’ani’na qi’zi’g’i’wi’ mu’mkin. Aqi’ri’ wonda yeki insanni’n’ asa ketken a’shko’zligi, soni’n’ aqi’betinde bolg’an tragediyali’q halat berilgen. Bul sorawg’a juwapti’ biz shi’g’armani’n’ sheshiminen ali’wi’mi’z mu’mkin: «yendi qara basi’ qalg’an» wol jalg’i’z qali’p ju’regi ha’wliredi, wo’lgen jorasi’ woni’ shaqi’radi’, a’jel yendi woni’ wo’zi ta’repke jeteleydi:

Tayg’aq tastan quladi’ an’si’z,
Yen’ aqi’rg’i’ demi si’rqi’ldi’.
Jeldi qushi’p,
Wol jatti’ jansi’z,
Yeteginde… tawdi’n’ alti’nli’!

Shi’g’arma usi’lay ku’tilmegen final menen juwmaqlanadi’. Woni’n’ ko’rkemligi woqi’wshi’g’a sali’ng’an woy ha’m sezim menen xarakterli. Bul bolsa, balladani’n’ yen’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’nan biri. Bul haqqi’nda ulli’ kritik Belinskiy: «Balladada shayi’r qandayda bir qi’yali’y xali’q a’psanasi’n tawadi’ yaki bunday waqi’yani’ wo’zi woylap tabadi’. Biraq wondag’i’ za’ru’r na’rse waqi’ya yemes. Wol woyatqan sezim, woqi’wshi’g’a wol bergen woy boli’p yesaplanadi’»[1].

Shi’g’arma son’i’nda shayi’r ta’repinen ju’da’ ku’shli ideyani’ sa’wlelendiriwshi juwmaq islenedi:

Bu’lbil qonsi’n, gu’l shaqasi’na
Baxi’t qonsi’n yeldin’ basi’na,
Hesh adamni’n’ peshanasi’na,

[1] Белинский В.Г. Танланган асарлар. Тошкент, Ўздавнашр, 1955, 19-б

Basi’lmasi’n, sira’, -
Jalg’i’zli’q!
G’arg’i’s atqi’rlarg’a jarassi’n,
Jortqan qasqi’rlarg’a jarassi’n,
Tek te, satqi’nlarg’a jarassi’n, -
Jalg’i’zli’q…

A’lbette, ha’r bir shi’g’arma syujetinin’ tezligi usi’ shi’g’arma materiali’na qarap belgilenedi. Ballada ushi’n insanlar wo’mirindegi ju’z bergen yen’ a’hmiyetli waqi’yalardi’n’ a’hmiyetliregi tiykarg’i’ material qi’li’p ali’nadi’. Soni’n’ ushi’n da jazi’wshi’ni’n’ di’qqat worayi’nda ballada mazmuni’na tiykar bolg’an syujetti dramatik wo’tkirlik penen baslaw, woni’ tezlikte yen’ joqari’ da’rejege ko’teriw ha’m usi’ wo’tkirlikti hesh jerde buzbay aqi’ri’na jetkiziw turadi’. Sog’an baylani’sli’ syujet rawajlani’wi’na xi’zmet yetpeytug’i’n ha’mme na’rse, woni’ basqa ta’repke buri’p jiberetug’i’n ha’mme elementler balladadan ali’p taslanadi’.

Tilekke qarsi’, biz qaraqalpaq a’debiyati’nda bul ji’llardag’i’ ballada janri’nda jazi’lg’an shi’g’armalardi’ u’yrengenimizde wolardi’n’ da ayri’mlari’ni’n’ balladani’n’ talaplari’na juwap bermeytug’i’nli’g’i’n bayqadi’q. Mi’sal ushi’n, J.Dilmuratovti’n’ «Si’rli’ ko’l» balladasi’nda usi’nday, waqi’yani’ bastan-ayaq bayanlawshi’li’q ushi’rasadi’. Ballada da’slep Abxaziya tawi’nda bir ko’ldin’ bar yekenligi menen baslanadi’. Keyin sol ko’ldi ta’riyplewge kirisedi. Bul «ta’riyp» 3 betke shekem sozi’lg’an. Shi’g’armani’n’ ko’rkemliligi jaqsi’. Biraq wol wo’zinin’ bayanlap beriwi, syujetlerdin’ sozi’n’qi’li’g’i’ menen poemag’a jaqi’nlasi’p ketken. Wonda balladag’a ta’n bolg’an tezlik, joqari’ pafos sezilmeydi.

Duri’s, shayi’r bul balladasi’n Abxaziyadag’i’ «Rica ko’li» haqqi’nda an’i’z tiykari’nda bayanlag’an. Lekin woni’n’ balladali’q si’pati’n asi’ri’w ushi’n balladani’n’ qatan’ formalari’na su’yenip, syujetin ji’ynaqlap berse shi’g’armani’n’ ko’rkemliligi yele de asar yedi. Ja’ne de woni’n’ «Veteran yeske tu’sirgende», «Balali’qtag’i’ dosti’m haqqi’nda» atli’ balladalari’ da usi’ tiykarda jazi’lg’an.

«Rus poeziyasi’nda XIX a’sirdin’ u’shinshi yari’m ji’lli’g’i’nda yeki ballada tu’rinin’ qarama-qarsi’li’g’i’ wornati’ldi’, wolardi’n’ bir-birinen

ayri’li’p turi’li’wi’, sinkretizmnin’ ha’r tu’rli ta’replerine su’yengen – epikali’q (Katenin) yamasa lirikali’q (Jukovskiy) xarakterlerde yedi». [1]

Biz balladalardi’ analizlewde woni’n’ a’ne usi’nday janrli’q belgilerin yesapqa ali’p, lirikali’q, liro-epikali’q ha’m epikali’q balladalar dep bo’lip u’yreniwdi maqul ko’rdik.

Lirikali’q balladalarda tiykari’nan insan wo’mirinde ju’z bergen keskin dramatik waqi’yani’n’ insan ruwhi’yati’na ta’siri ma’selesi ashi’p beriledi. Wonda tiykari’nan sezim jetekshilik yetedi. Bunday balladalardi’n’ ko’pshiliginde waqi’yani’n’ sheshimleri berilmeydi. Mi’sali’, J.İzbasqanovti’n’ «Yeki wo’lim balladasi’», «Tulpar haqqi’nda ballada», «Kishkene ballada», K.Karimovti’n’ «Alma haqqi’nda ballada», «Uri’ say» balladalari’, K.Reymovti’n’ «Bala haqqi’nda g’amgun ballada» shi’g’armalari’ usi’nday xarakterde.

J.İzbasqanovti’n’ u’sh qatarli’ qosi’q formasi’nda jazi’lg’an «Kishkene ballada» shi’g’armasi’ barli’g’i’ boli’p 4 shuwmaq, 12 qatardan ibarat. Ha’r bir shuwmaq 3 qatardan quralg’an. Wondag’i’ mazmun «bali’q ten’izge shon’g’i’g’anday» birden jalt yetip ko’rinedi de juwmaqlanadi’. Qosi’q mazmuni’ boyi’nsha muhabbat temasi’na arnalg’an. Wonda qi’z ha’m jigittin’ wortasi’ndag’i’ muhabbat ha’m uri’sti’n’ wolardi’n’ wortasi’na ayrali’q salg’anli’g’i’ ku’shli dramatizm menen berilgen:

Yeseyip qi’z qa’wmet du’zedi,
Qi’z bolg’anda qanday qi’z yedi,
Xosh sezimler siynesin so’tken.[2]

Shayi’r usi’ kishkene bir epizodti’ lirikali’q sezim menen uyg’i’nlasti’radi’. Bul haqqi’nda a’debiyatshi’ Q.Worazi’mbetov: «Wol sezimlengish lirikali’q qaharmanni’n’ ishki sezimin wog’ada suli’w, qaytalanbas yetip beriwge ba’rqulla ha’reket jasaydi’. …Sonday-aq shayi’r so’zlerdi u’nemli qollani’wg’a umti’ladi’»[3], - dep jazadi’.

Waqi’ya sezimge sonshelli biriktirilip ketken, wonda tek g’ana jigit penen qi’zdi’n’ ishki sezimlerindegi arpali’slar, ha’m wolardi’n’ sag’i’ni’sh sezimleri

---

[1] Теория литературы. 2 том. Под редакция Тамарченко Н.Д. 1-том. –Тверь. 2001. –стр.331
[2] Избасқанов Ж. Өмирге куштарлық. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987. 59-б
[3] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим» 2004, 149-б

beriledi, wolar ushi'n hesh na'rse qi'zi'q yemes, qi'z jigitti ku'tip jasaydi', jigit Watan aldi'ndag'i' wazi'ypasi'n wori'nlap bolg'annan son' qi'z ta'repke qaray qanat qomlaydi':

Tek sag'i'ni'shtan jigit ju'regi
Sawashtan son' titrengen yedi,
Su'yiklisin wo'zinin' yeslep!

Shi'g'arma usi'lay juwmaqlanadi'. Wonda syujet elementleri (ekspoziciya, tu'yin, kulminaciya, sheshim)nin' barli'g'i' sezilmeydi. Avtor bul komponentlerdi sonday jaylasti'rg'an, woqi'wshi' wolardi'n' bir-biri menen almasqani'n sezbey qaladi'.

Sonday-aq «Tulpar haqqi'nda balladasi'»nda at jari'si'nda su'rnigip ji'g'i'lg'an tulpardi'n' ruwhi'y halati', woni'n' psixologiyali'q debdiwleri ku'shli lirizm menen beriledi:

Sonnan baslap tura bergen baylawda
Ja'niwari'n' yerkinlikten ayri'li'p,
Jatqani'nda tap adamday ji'lag'an
Jawtan' ko'zden monshaq-monshaq jas tami'p.[1]

Shayi'r jari'sta ji'g'i'li'p su'rnikken at obrazi' arqali' – qandayda bir ruwhi'y dag'dari'sqa ushi'rap, g'amxorli'qqa za'ru'r bolg'an lirikali'q qaharmanni'n' ta'g'dirin su'wretleydi. Lirikali'q qaharman qandayda bir sebepler menen tosqi'nli'qqa ushi'rag'an, shi'g'arma a'ne usi' sebepti ashi'p beriwge yemes, al woni'n' bunnan keyingi ishki ruwhi'y xalati'n ashi'p beriwge bag'darlang'an.

Rus a'debiyati'nda usi' syujetke usas Pushkinnin' «At» balladasi' bar. Wonda da ruwhi'y dag'dari'sqa ushi'rag'an at obrazi' menen tani'sami'z. Shayi'r atti'n' psixologiyasi'n, woni'n' bul awhalg'a tu'siwine sum uri'sti'n' sebepshi yekenligin aytadi'. Bul syujetler lirikali'q tu'rde bayanlani'p, wonda sheshim berilmeydi. Wonda tiykarg'i' bag'dar waqi'yag'a yemes, al ishki psixologiyali'q halatqa, sezimge qarati'lg'an. Sol sebepli bunday shi'g'armalar lirikali'q balladalar dep ju'ritiledi.

Liro-epikali'q balladalar tiykari'nan syujettin' yeki si'zi'q boylap – lirikali'q ha'm epikali'q jo'neliste ten'dey rawajlani'wi'n basshi'li'qqa aladi'.

[1] Избасқанов Ж. Тулпар ҳаққында баллада. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1975-ж. 12-б

Bunday balladalarda tiykari'nan, poetikali'q «men» tek g'ana sa'wleleniw predmeti g'ana bolmay, wol avtordi'n' waqi'yag'a bolg'an qatnasi'n, siyasiy-filosofiyali'q ko'zqarasi'n sa'wlelendiriwshi, uli'wmalasti'ri'wshi' faktor xi'zmetin de atqaradi'. Bul pikir mazmuni'nan 2 na'rse kelip shi'g'adi': a) lirikali'q poeziya 2 element – obektiv material ha'm poetikali'q «men»nen ibarat boladi'. Birinshi usi'li'nda wo'mir lirikag'a wo'tedi, yekinshi usi'li'nda bolsa, avtordi'n' jeke ko'zqaraslari', tu'sinikleri sa'wlelenedi; Misali, rus a'debiyati'nda Pushkinnin' balladalari'nda lirikali'q «men» basqasha tu's aladi'. Woni'n' «Shaytanlar» balladasi'nda lirikali'q «men»di su'wretlewdin' wo'zgeshe usi'li'nan paydalanadi': «sayaxatshi' ashi'q maydanda barati'r». Biraq process dawam yetiwi menen bayan yetiw formasi' a'ste wo'zgeredi «ashi'q maydanda barati'rmi'z» ha'm aqi'ri'nda pu'tkilley «ashi'q maydanda barati'rman» boli'p wo'zgeredi. Bul Pushkinnin' balladasi'ni'n' wo'zine ta'n poetikali'q sheberligi boli'p tabi'ladi'. Wol wo'z woyi'n beriwde lirikali'q qaharmanlardi'n' worni'n almasti'ri'p, lirikali'q «men»di yen' son'g'i' sheshiwshi momentte ko'rsetedi. Demek liro-epikali'q balladalarda avtor obrazi' worayli'q figura bolmay, wol obektiv waqi'yani' poetikali'q sa'wlelendiriwshi usi'l boli'p tabi'ladi'.

Mi'sali', G'.Seytnazarovti'n' «Qi'z bulaq» balladasi'nda waqi'ya avtor (bayanlawshi') ta'repinen bayanlanadi'. Wonda waqi'ya – qi'zdi'n' ne sebepli u'yinen qashi'p shi'qqanli'g'i' berilse, bul waqi'yalar ku'shli lirizm menen suwg'ari'li'p qi'zdi'n' awi'r tragediyali' ta'g'diri lirikali'q tu'rde bayanlanadi'. Yari'n ku'tken qi'z wol kelmegenlikten bir wo'zi woni' izlep jolg'a shi'g'adi'. Ken' sahrada adasi'p 5 ku'n suwsi'zli'qtan qi'ynaladi'. Tali'qsi'p qulag'an qi'z aynalag'a qarap «ko'k ten'iz»din' tolqi'nlani'p turg'ani'n ko'redi, biraq qansha uri'nsa da wog'an jete almaydi'. Suw azabi' woni' jerdi ti'rnag'i' menen qazi'wg'a ma'jbu'rleydi, qansha qazsa da bir tamshi' suw ko'rinbeydi.

U'mitker jasti'n' yen' son'g'i'
Sol jerde pitti soqpag'i'.
Woq kirpik qaldi' qi'ymi'lsi'z,
Jas ju'rek a'ste… toqtadi'.

Barmaqlar yele qazbaqta,

Woyanbay qaldi’ qi’z biraq.
Sol ma’ha’l ko’zdin’ jasi’nday
Ashi’ldi’ qumnan qi’z-bulaq.[1]

Qi’zdi’n’ tragediyali’q wo’limi usi’lay ku’shli dramatizm menen beriledi. Balladada peyzaj ko’rinisi u’lken a’hmiyetke iye. Lirikali’q qaharman menen ta’biyat ko’rinisin wo’z-ara parallel su’wretlew arqali’ avtor lirikali’q qaharmanni’n’ muhabbatqa, wo’mirge «sho’llep» kiyati’rg’an jag’dayi’n «sho’l» ko’rinisi arqali’ sheber jetkerip beredi ha’m woni’n’ kewil keshirmesin, ruwhi’yati’n yele de teren’irek an’lawg’a bizdi u’ndeydi.

Bunnan basqa M.Qarabaevti’n’ «Balasi’n tawi’p qaytqan a’ke haqqi’nda ballada» shi’g’armasi’ wo’zinin’ ku’shli emotsionallli’g’i’, dramatizmligi menen aji’rali’p turadi’. Wonda uri’sqa ketken balasi’n ku’tip jasap ati’rg’an a’ke obrazi’ sheber ashi’lg’an.

Ya wo’li, ya tiri, qayda? Biyma’lim,
Hayran, wo’limge woni’ qalay qi’yg’ani’n…
Ketsem be yeken dedi, - taslap u’y, ba’rin,
Won bes ji’l ha’m wo’tti, pitpes jarasi’.[2]

Shayi’r balladada uri’s da’wirinde balasi’ joyti’li’p, woni’ ku’tip jasap ati’rg’an a’kelerdin’ tipik obrazi’n Sha’mshet obrazi’ arqali’ sheber ashi’p beredi. Sha’mshetke tu’ni-ku’ni balasi’n izlep qayti’w tilegi ti’ni’shli’q bermeydi. Ha’mme wog’an balan’di’ yendi umi’t dese de, wol yele de balasi’n izlep qayti’wdi’ woylaydi’. Usi’lay aradan 25-ji’l wo’tip ketse de Sha’mshet balasi’n izlep jolg’a shi’g’adi’. Shayi’r usi’ Sha’mshet arqali’ balasi’n ku’tip jasap ati’rg’an ko’plegen a’kelerdin’ ishki ruwhi’y halati’n janli’ kartinalarda sheber su’wretley alg’an. Balasi’n tawi’w u’mitinde jang’an a’ke aqi’r-aqi’bet balasi’n tabadi’:

A’ssalam, belgisiz ketken perzentim,
Sensiz boldi’m aq saqalli’ men-jetim.
Qa’birin’di ko’rdim de keldi «won jetim»…
Dep turdi’ jasawrap ko’zi qamasi’p.

[1] Сейтназаров Ғ. Сырласыў. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977. 100-б
[2] Қарабаев М. Алтын Босаға. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1982. 125-б

«Won jetim» uli’wmalasti’ri’wshi’ obraz. Yag’ni’y wo’zindey boli’p balasi’n izlep ju’rgen a’kelerdin’ uli’wmalasi’ti’wshi’ obrazi’. Shi’g’armani’n’ ko’rkemliligi lirikali’q qaharmanni’n’ ishki debdiwlerin sheber ashi’p beriw menen xarakterlenedi.

Epikali’q balladalarda insanlar wo’mirinde ju’z bergen keskin dramatik waqi’yalardan yeki yaki wonnan arti’q epizodlar tan’lap ali’nadi’. Wonda syujet ken’ epikali’q planda ashi’p beriledi. Biraqta wonda tiykarg’i’ syujetten shetke shi’g’i’wlar ushi’raspaydi’, waqi’yani’n’ keskinligi  ha’m tez jo’neliste bayanlani’wi’ basshi’li’qqa ali’nadi’. Mi’sali’, İ.Yusupovti’n’ «Shayi’r ha’m a’jel» balladasi’nda a’jeldin’ gu’n’kildep qoli’na qara qag’az ali’p, da’slep qawi’n qosta demi tawsi’layi’n dep turg’an g’arri’g’a keliwi, woni’ g’arri’ quwi’p jiberiwi, son’ du’zdegi shopanlarg’a bari’p, wol jerde jas bosana almay jati’rg’an hayaldi’n’ jani’n ali’wg’a barg’anda, vertalyot kelip woni’ ali’p ketkenligi, a’jeldin’ ja’ne tilegi wori’nlanbay u’skini quyi’li’p kiyati’rsa jolda aldi’nan qan basi’mi’ asi’p qulag’an bir insandi’ ko’rip quwang’ani’nan dizimine krest qoyi’p woni’ ali’p ketiwi, son’ suw boyi’nda ju’rgen shayi’rg’a keliwi so’z yetiledi. Bul syujetler wo’z aldi’na syujet yemes, al tiykarg’i’ syujetke biriktirilgen bir pu’tin shi’g’arma. Shi’g’armada shayi’r ha’m a’jeldin’ dialoglari’ u’lken a’hmiyetke iye.

Shayi’r:

Jasawdi’ su’yiwdin’ ha’m do’retiwdin’
Biyik zan’i’ menen kim wo’mir su’rse,-
Ha’jeti joq wog’an abay yetiwdin’,
Wo’lim wol ushi’n bir yeskirgen na’rse.[1]

Balladani’n’ ken’ epikali’q masshtabta su’wretleniwi a’jeldin’ obrazi’n ken’irek ashi’wg’a imkaniyat jaratqan. A’jel menen shayi’rdi’n’ wo’z-ara dialoglari’ arqali’ wo’mir, wo’lim haqqi’nda filosofiyali’q pikirler beriledi. Usi’ jerde a’jel menen shayi’r arasi’nda konflikt kelip shi’g’adi’, bul konflikt shi’g’armani’n’ tiykari’n qurag’an wo’mir ha’m wo’lim arasi’ndag’i’ konfliktke jalg’asadi’ ha’m shi’g’armani’n’ son’i’ shayi’rdi’n’ tragediyali’q wo’limi menen juwmaqlanadi’. Shi’g’arma son’i’nda avtor so’zi ta’repinen tu’sindirme beriledi:

Juwi’ri’p barati’ri’p woyani’p kettim,

[1] Юсупов И. Шығармаларының 2 томлығы. I том. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1992. 59-б

Kim wol? Bayron, Lermontov pa? – bilmedim.

Ha’m qi’zi’qti’m wog’an, ha’m shu’kir yettim…

Wo’ytkeni, wol shayi’r… men yemes yedim…

Ballada ja’ha’n a’debiyati’ndag’i’ Gyotenin’ «Faust» poemasi’, sonday-aq Pushkinnin’ «Shaytanlar» balladasi’ menen u’nlesip keledi. Wonda da bul du’nyag’a kelip qalg’an «shaytan» obrazi’ qatnasti’ri’ladi’. Bunday balladalar rus a’debiyati’nda «romantikali’q syujetli balladalar» dep ataladi’.

Sonday-aq T.Sa’rsenbaevti’n’ «Qawi’n qori’q yamasa Seytim g’arri’ tuwrali’ so’z» balladasi’ da epikali’q planda jazi’lg’an. Wonda Seytimnin’ qawi’n yekkenligi ha’m wog’an urli’qqa tu’sken Iqlasbay ha’m Du’ysenbaylardi’n’ ha’reketleri satirali’q ruwhta ashi’p beriledi. Bizin’she shi’g’armadag’i’ tu’s motivi arti’qsha. Iqlasbaydi’n’ tu’s ko’riwi, tu’sinde Seytimnin’ qawi’n ati’zi’nan jambi’lsha urlap qolg’a tu’sip qalg’ani’ bul waqi’ya keyinshelli real wo’mirde de tap solay ju’z beriwi waqi’yani’ shubi’rti’p jibergen.

Altawi’mi’z ha’s qati’ri’p,

Aydi’ toli’q bati’ri’p,

Lal yeteyik Seytimnin’,

Tan’ atqan son’ aqi’li’n.[1]

Usi’layi’nsha alti’ bala qawi’n ati’zi’na urli’qqa baradi’. Ati’zdi’n’ barli’g’i’n jaypap keregin ali’p izine qashadi’. Tap usi’ waqi’tta Seytim de kempirin qawi’n ali’p keliwge jumsaydi’. Kempiri ati’zdi’ ko’rip an’-tan’ boli’p, bolg’an isti g’arri’si’na ayti’p keledi. Keyin g’arri’ wolardi’n’ izine tu’sip qawi’n jep ati’rg’an jerinin’ u’stinen shi’g’adi’:

Qawi’n wo’rge i’qpadi’…

Qi’yi’n usi’ jaqlari’…

Altawi’na alti’ qap,

Berip Seytim bapladi’.

Shi’g’armani’n’ ko’rkemligi woni’n’ epikali’q xarakerde bayanlang’anli’g’i’, syujettin’ bir basqi’shtan-yekinshi basqi’shqa tez wo’te alg’anli’g’i’, obrazlardi’n’ real wo’mirden ali’ng’anli’g’i’, dialoglardi’n’ ken’ tu’rde qollang’anli’g’i’ menen xarakterlenedi.

[1] Сәрсенбаев Т. Қайнаўыт. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1983. 62-б

Uli’wma bul ji’llari’ balladalarda ko’rkemlik, ideya-tematikali’q, janrli’q jaqtan tez pa’t penen wo’siwshilik bayqaldi’.

## Balladada obraz do’retiw wo’zgeshelikleri

«Ko’rkem wo’ner – bul obrazlar arqali’ pikirlew», - degen yedi obraz haqqi’nda yen’ da’slep ani’qlama bergen ulli’ nemec filosofi’ Gegel. «Shayi’rdi’n’ (jazi’wshi’ni’n’) a’debiy-teoriyali’q bilimleri, janr tan’law uqi’bi’, ko’rkem metodi’ basshi’li’qqa ali’ni’wi’, stillik sheberligi, ko’rkemlew qurallari’nan paydalani’w usi’llari’ – bulardi’n’ ha’mmesi ko’rkem obrazlar jarati’w ushi’n xi’zmet yetedi»[1].

Balladada uzaq dawam yetpegen waqi’ya ishinde, ani’q momentte, konkret situaciyalardag’i’ qaharman ruwhi’yati’n, is-ha’reketin su’wretlew arqali’ woni’n’ xarakterine ta’n bolg’an yen’ tiykarg’i’ qa’siyetlerdin’ yen’ tiykarg’i’lari’ ko’rsetiledi. Wonda qaharman xarakterinin’ qa’liplesiw processi ko’rsetilmeydi, woni’n’ xarakteri shegine jetken halda ko’rinedi. Wonda qaharman awi’r jag’dayda ko’rsetilse de, uzaq waqi’t ju’z bergen, dawamli’ waqi’ya ishinde ha’reket qi’lmaydi’.

Bul ji’llari’ balladalarda obraz jarati’w sheberligi de a’dewir da’rejede wo’sti. Obrazlarda buri’ng’i’ miynet adami’, uri’sta qaharmanli’q ko’rsetken insanlar tiykarg’i’ temag’a aylanbay, yendi insan psixologizmin ji’rlawg’a, woni’n’ ruwhi’y dag’dari’si’n ashi’p beriwge itibar ku’sheydi.

Bul ji’llari’ ko’pshilik balladalardag’i’ obrazlar simvolli’q si’patqa ko’shti. Buri’n B.Qayi’pnazarov baslap bergen bul usi’l bul da’wirge kelip tiykarg’i’ obraz jarati’w usi’llari’ni’n’ biri boli’p maydang’a keldi. Qaraqalpaq a’debiyati’nda simvolli’q usi’lda obraz jarati’w balladalardi’n’ tiykarg’i’ talabi’na aylang’anday yedi.

«Simvol shayi’rdi’n’ formali’q izlenislerinin’ na’tiyjesinde turmi’stag’i’ anologiyali’q qubi’li’slar tiykari’nda payda boladi’. Wol basqa su’wretlew usi’llari’nan wo’zinin’ ko’rkemlik ko’p ma’niligi menen aji’rali’p turadi’, simvolda sheksiz lirikali’q mazmun ja’mlendirilgen boladi’»[2].

---

[1] Жәримбетов Қ. Ашық Зийўар. Нөкис, «Билим», 1998. 24-б
[2] Лазарева М.А. Теория литературы. –Москва: изд. МГУ, 1998. -85 с.

Bul ji’llari’ simvolli’q usi’lda ballada jazi’wdi’ do’retiwshilik stiline aylandi’rg’an J.İzbasqanov bul bag’darda wo’nimli miynet yetti. Woni’n’ «Tulpar haqqi’nda ballada», «Shi’dam haqqi’nda ballada», «Si’ng’an tal haqqi’nda ballada» shi’g’armalari’ simvolli’q usi’lda jazi’lg’an yen’ sa’tli shi’g’armalar boldi’. A’sirese, woni’n’ «Si’ng’an tal haqqi’nda ballada» shi’g’armasi’nda «si’ng’an tal» simvolikali’q obrazi’ original tu’rde jasaladi’. Wonda da’slep shayi’r a’tirapti’ ta’riyplep ati’rg’anday seziledi. Son’ si’ng’an taldi’ ta’riyplewge wo’tedi. Tal gu’z keliwi menen wo’zinin’ ko’rkin joytadi’, qi’zg’anshaq dawi’llar da woni’ ayawsi’z si’ndi’radi’, a’tirapi’ndag’i’ doslari’ da wog’an rehim yetpeydi:

Kim ko’rgen mun’ayi’p turg’ani’n sho’pler,
Tan’g’i’ shi’qlar boli’p yen’irerin duman.
İshinen ha’z yetip (bendelik!) ko’pler
Desti: «yendi aman qalari’ gu’man!...»[1]

Si’ng’an tal obrazi’ arqali’ shayi’r qaysi’ bir da’wirlerde ruwxi’y g’amxorli’qqa za’ru’r bolg’an lirikali’q qaharmanni’n’ ta’g’dirin su’wretlegen. Wol, yag’ni’y «si’ng’an tal» ha’r ta’repleme quwdalawlarg’a ushi’rag’an do’retiwshi insanni’n’ metaforasi’nday seziledi. Dushpanlari’ woni’n’ usi’ da’rejege keliwine sebepshi boli’p, ishlerinen ha’z yetip, «bendelik» yetip turg’ani’n obrazli’ bayanlaydi’. Al, lirikali’q qaharman woni’n’ bir narti’. «Shi’pabag’i’sh samal», «ba’ha’r» usag’an lirikali’q obektler lirikali’q qaharmanni’n’ kewil du’nyasi’n shadli’qqa bo’lewshi ma’writlerdin’ metaforasi’. Astarli’ su’wretlewler bul ruwxi’y tolg’ani’slardi’ ko’rkem bayanlap, shi’g’armani’n’ bir tutas koloritin jaratadi’.

Bunday su’wretlewdi biz shayi’r K.Karimov do’retiwshiliginde de ushi’ratami’z. Mi’sali’, woni’n’ «Alma haqqi’nda ballada»si’nda shaqasi’nan u’zilip tu’sip ketken uwi’lji’p pisken alma haqqi’nda so’z yetiledi:

Sabag’i’nan uwi’lji’p pisken,
Alma jolg’a u’zilip tu’sti.
Ji’lji’p wo’tti waqi’tlar a’ste.
Alma jati’p boli’pti’ qa’ste.

[1] Избасқанов Ж. Өмирге куштарлық. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987. 46-б

Bir qarag'annan shayi'r alma haqqi'nda so'z yetipti dep woylaysan'. Uwi'lji'p pisken almani'n' jerge tu'siwi yaki waqi't wo'tkennen keyin woni'n' tu'rinin' wo'zgerip soli'wi' «qa'ste boli'wi'» – bul ta'biyiy qubi'li's. Biraq alma arqali' shayi'r kimler ta'repinendur umi'ti'lg'an go'zzal qi'zdi'n' simvolikali'q obrazi'n jasaydi'. Avtor qi'zdi'n' barli'q belgilerin almag'a sonshelli sheber ko'shirip wo'tkizedi, bir woqi'g'an woqi'wshi' wonda qi'zdi'n' obrazi' jati'rg'ani'n an'lamay da qali'wi' mu'mkin. Umi't qalg'an «alma» uwi'lji'p turi'p jerge tu'sedi, biraq hesh kim woni' qoli'na almaydi'. Sonda alma:

Sezse menin' xosh iyisimdi,
Bina bolg'an shi'qlardan, nurdan,
«Tis asti'nda yezilsem meyli…»[1]
Qi'ynar yedi almani' a'rman, – dep janlani'p faryad shegedi.

Ballada janrli'q jaqtan lirikali'q ballada tipinde jazi'lg'an yag'ni'y shayi'r «alma»ni'n' ta'g'dirindegi waqi'yalardi' ashi'p beriwdi yemes, al woni'n' ishki du'nyasi'n, woni'n' sezimlerin ji'rlawdi' birinshi plang'a shi'g'aradi'. Lirikali'q qaharman yag'ni'y bayanlawshi' obrazi' «alma»ni' umi't qaldi'rg'an insan. Buni' biz mi'na qatarlari' arqali' g'ana an'lawi'mi'z mu'mkin:

Jol u'stinde umi'ti'lg'an alma! –
Senin' da'rtin' – menin' da'rtlerim.
Yeskermedim, almadi'm qolg'a –
Ayi'bi'm menin'.

Al, «Uri' say» balladasi'nda jas jigit obrazi' – jasli'qti'n' simvoli' si'pati'nda ko'rinedi. Taw-taslar arasi'nan Uri' say boylap atli' kiyati'rg'an jigit mi'lti'q sestinen son' jerge ji'g'i'ladi'. Shayi'r jigittin' jerge ji'g'i'li'w processin sonshelli ta'sirli psixologiyali'q momentler menen beredi, woni'n' na'zerinde jigit penen qosi'li'p, jasli'qti'n' barli'q quwani'shi', shadli'qlari', mo'ldir sezimleri jerge qulaydi':

Wol ji'g'i'ldi' jerge
Jasli'q ji'g'i'ldi'!
A'rmanlar ji'g'i'ldi' bayterek yan'li'
Demen' qolti'g'i'nan
aqsham,

---

[1] Каримов К. Ўақыт минарасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981. 46-б

taw-taslar
Biygu’na a’rmandi’, jasi’l a’rmandi’ –
Buwi’wg’a talpi’nban’, a’h jani’ qaslar!
Wol tan’g’a barati’r
Su’yen’ler woni’! [1]

Tan’ simvoli’ – tirishiliktin’ simvoli’ boli’p, wol jasawg’a talpi’ni’p ati’rg’an obekttin’ barli’q jigeri, kewil debdiwleri, talpi’ni’slari’ menen suwg’ari’lg’an. Bayterek da’stu’riy simvolikali’q obrazi’ – ko’rkem a’debiyatta baxi’tti’n’ ti’msali’ si’pati’nda qollani’ladi’. Avtor psixologiyali’q parallelizm arqali’ insani’yli’q sezimlerinin’ barli’q belgilerin simvolikali’q obrazlarg’a sin’dirip, wolardi’ parallel qoyi’p su’wretleydi:

Biraq su’yemedi woni’ Uri’ say,
Ju’regin suwi’tpaqshi’ boldi’ qara tas.
Woni’ bu’rkemekshi boldi’ qara tu’n,
Qi’rshi’ni’nan qi’ydi’ wotli’ qorg’asi’n
Liykin qaynaqay –
Wolar jasli’qti’ hesh wo’ltire almas.

Qara tas, qara tu’n obiektleri – barli’q jawi’zli’qlar, iplasli’qlardi’n’ simvoli’. Wol jasli’qti’n’ jigerin si’ndi’ri’p, woni’n’ wo’zin wo’ltirip g’ana qoymay, ju’regindegi shoqti’ suwi’ti’wdi’ qa’leydi. Biraq qansha uri’nsa da jasli’q jigeri wo’lmeydi, wol qi’z-jigitlerdin’ ku’lkisinde, ata-mamalardi’n’ yeske tu’siriwinde ma’n’gi jasaydi’ dep juwmaq isleydi avtor.

Simvolli’q obrazlar ko’birek lirikali’q balladalarda ushi’rasadi’. Sebebi bunday usi’l menen lirikali’q qaharmanni’n’ ishki sezimlerin ha’r tu’rli qubi’li’wlarda bayanlaw mu’mkinshiligine iye boli’p, poetikali’q obrazdi’n’ polifanik ma’nilerin keltirip shi’g’ari’w mu’mkin.

Bunnan basqa B.Qayi’pnazarovti’n’ «Mo’ldir bulaq», G’.Seytnazarovti’n’ «Qi’z bulaq» balladalari’nda «bulaq» simvolli’q obrazi’ ushi’rasadi’. Da’slep «bulaq» simvolli’q obrazi’ İ.Yusupovti’n’ «Bulaq haqqi’nda ballada»si’nda qollani’lg’an yedi. Bunday birdey do’retiwshilik usi’llardi’n’ birneshe avtorlar ta’repinen qollani’li’wi’ a’debiyattani’w iliminde «obraz-motivler» dep ataladi’.

---

[1] Каримов К. Аралықлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981. 24-б

Bul ji’llari’ shayi’rlar obraz jasawdi’n’ ha’r tu’rli usi’llari’nan paydalandi’. Sol sebepli balladalarda ko’rkemlik te a’dewir wo’sti. Bunday usi’llardi’n’ biri balladada ko’rkem detallardi’n’ qollani’li’wi’ boldi’. Detal arqali’ so’z yetpekshi waqi’yani’ keltirip shi’g’ari’w bul ji’llari’ poeziyada da, prozada da, dramada da ku’shli rawajlang’an usi’llardi’n’ biri yedi. Mi’sali’, İ.Yusupovti’n’ «Gradustnik haqqi’nda ballada»si’nda «gradustnik» detali’ shayi’r ta’repinen sheber tan’lap ali’ng’an detal boli’p yesaplanadi’. Balladada ja’miyettegi ayi’ri’m sada, yeskilik tu’sinikleri menen qali’p ketken, biraq aq ko’kirek g’arri’ni’n’ is-ha’reketleri ashi’p beriledi. Shi’g’armani’n’ ja’ne bir xarakterli jeri, ballada bolg’an waqi’ya tiykari’nda qag’azg’a ko’shirilgen.

Shi’g’arma da’slep sheshim menen, yag’ni’y g’arri’ni’n’ qawi’n qushaqlap keselxanag’a kelgen halati’nan baslanadi’.Wol ha’r yesikke bir kirip, aq xalatli’ medsestralardi’ an’li’p, a’lle kimdi izleydi. Da’slep woqi’wshi’ g’arri’ni’n’ ne qi’li’p ju’rgenin tu’sinbeydi:

Taza pa’lek arasi’nan,
U’zgen sekerparasi’ bar,
Bir g’arri’ kelipti bu’gin
Awi’l duhti’rxanasi’na.[1]

Bir wo’mir awi’lda jasap awi’ri’w ne yekenin bilmey ju’rgen g’arri’ birden awi’radi’. G’arri’ni’ tu’sinde wo’tken ji’li’ qayti’s bolg’an kempiri de «beyishke kel» dep shaqi’radi’. Qaraqanli’q penen tan’ ati’ri’p, azan menen yeshegine minip, awi’l keselxanasi’na jol aladi’. Wo’mirinde awi’ri’p ko’rmegen g’arri’ bul jerdegi aq xalatli’ «ari’wlardi’» ko’rip awi’zi’n ashi’p tursa, bir medsestra kelip, gradustnik qoyi’p ketedi. Bir azdan son’ medsestra g’arri’ni’ taba almay zer-zebil boladi’. Balladada satirali’q ruwh g’arri’ni’n’ wo’z so’zleri arqali’ ku’sheyttiriledi:

Silkip ko’rip aldi’n’ qi’zi’m,
Qolti’g’i’ma saldi’n’ qi’zi’m,
Sol ketisten u’yge bari’p,
Terlep uyi’qlap qaldi’m qi’zi’m.
Sumli’q yeken mi’na da’rin’,
Awi’ri’wdi’n’ qi’ldi’ ka’rin –

[1] Юсупов И. Жети асырым. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1961. 24-б

dep sharshi’si’na baylap qoyg’an gradustnikti abaylap medsestrag’a qaytari’p beredi. «Gradustnik» detali’ arqali’ shayi’r yeskilik pikiri menen qali’p qoyg’an bari’nsha sada ha’m aqko’kirek insanni’n’ obrazi’n jaratadi’.

Balladada g’arri’ni’n’ is-ha’reketleri satirali’q ru’whta ashi’p berilse de, woni’ woqi’g’an woqi’wshi’da si’nap-minew, si’qaqlaw sezimleri payda bolmaydi’, kerisinshe, g’arri’ni’n’ is-ha’reketlerine ta’siyn qalasan’. Bul da shayi’rdi’n’ wo’zine ta’n individual stilinin’ originalli’g’i’nan bolsa kerek. Uli’wma shayi’r İ.Yusupovti’n’ qaysi’ bir do’retpesin woqi’mayi’q, wondag’i’ jarati’lg’an obrazlardi’n’ ren’-beren’ligine, turmi’sshan’li’g’i’na, so’zlerdi qollani’w wo’zgesheligine hayran qalasan’, ja’ne bir ret shayi’r sheberligine ta’n beresen’.

Bunday – shi’g’armada detal arqali’ waqi’yani’ ashi’p beriw usi’li’n rus a’debiyati’nda N.Tixonov do’retiwshiliginde ushi’ratami’z. Woni’n’ ha’mmege belgili «Shege tuwrali’ ballada»si’nda shege arqali’ uri’sta qaharmanli’q ko’rsetken jawi’ngerlerdin’ obrazi’ jarati’ladi’. Shi’g’armada puharali’q uri’si’nda qaharmanlarsha qaza tapqan matroslardi’n’ wo’mirinen kishkene epizod sa’wlelengen:

Ofitserler alg’a! Front ta’rep pa’rman!
Ketemiz segizde! Jol – Bati’s taman!
Perzent, yar, ana sin’li bolsada yeger
Xat jazi’n’ yendi qaytpaymi’z bizler.
Qaytpaymi’z… ba’lkim wo’lemiz shi’dap,
Biraqta ati’mi’z qaladi’ mudam![1]

Komandirdin’ bul so’zleri a’skerlerdin’ ruwxi’n tu’sirmeydi. Wolar uri’stan aman qaytpaytug’i’ni’n bilse de, ulli’ uri’sta Watan ushi’n qaharmanlarsha jan beriwdi qa’leydi. Shayi’r matroslardi’n’ dushpan menen bolg’an uri’si’n su’wretlemeydi, bul epizodti’ woqi’wshi’lar fantaziyasi’na qaldi’radi’. Shi’g’arma son’i’ tragediyali’q final menen juwmaqlanadi’:

Admiralg’a keldi bir xabar tan’da:
Buyri’q wori’nlandi’! Tiri joq bunda.

Biraq Tixonov balladasi’ndag’i’ tragediya optimistlik tragediya. Shi’g’arma son’i’nda matroslardi’ mi’qli’ «shege»ge sali’sti’ri’p bi’lay juwmaq jasaydi’:

[1] Тихонов Н. Танланган асарлар. Тошкент, Ўздавнашр, 1961. 13-14-бб

İslense bulardan mi’qli’ shegeler
Bunnan da bekkem boladi’ bul jer.

Uli’wma balladalarda bul ji’llari’ obraz jarati’w sheberligi a’dewir wo’sti. Buri’n qa’liplesken simvolli’q su’wretlew usi’li’ni’n’ shen’beri ken’eydi. Yendi balladalarda lirikali’q qaharmanni’n’ awi’r miynet ishindegi waqi’yalar yemes, al woni’n’ psixologiyasi’n ashi’p beriw – shayi’rlari’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ su’wretlew usi’li’na aylandi’.

## 70-80-ji’llardag’i’ balladalardi’n’ ideya-tematikali’q bag’darlari’

Shi’g’armada su’wretlengen wo’mir kartinasi’n ha’r ta’repleme toli’q an’lay almay turi’p, wondag’i’ temani’ barli’q quramali’li’g’i’ ha’m ani’qli’g’i’ menen, yag’ni’y tiykarg’i’ problemag’a baylani’sqan ko’plegen ma’seleler menen birge ko’z aldi’mi’zg’a keltiriw qi’yi’n. Sol sebepli, temani’ shi’g’armani’n’ bir bo’liminen izlep tabi’w yamasa u’zindilerden keltirip shi’g’ari’w mu’mkin yemes. Tema shi’g’armani’n’ barli’q tekstinen, mazmuni’nan ha’m woni’ sho’lkemlestiriwge xi’zmet yetiwshi formasi’nan kelip shi’g’adi’.

Solay yetip, jazi’wshi’ ta’repinen shi’g’armada ko’terilgen ha’m ko’plegen mazmundi’ bir pu’tin hali’na keltirip turatug’i’n tiykarg’i’ ma’sele – tema dep ataladi’. Jazi’wshi’lar ko’rkem shi’g’armada belgili bir real wo’mirden ali’ng’an ma’selelerdi ko’teriw menen g’ana sheklenbeydi, ba’lkim wolardi’n’ sheshiliw jollari’n da u’yretip woti’radi’.

Bul da’wir balladalarda social-turmi’s ma’seleleri menen qatar muhabbat temasi’ da basli’ temag’a aylandi’. Bul temada B.Qayi’pnazarovti’n’ «Mo’ldir bulaq», İ.Yusupovti’n’ «Talli’ jag’i’stag’i’ yeske tu’siriwler», G’.Seytnazarovti’n’ «Su’yiw ji’ri’», J.İzbasqanovti’n’ «Muhabbat haqqi’nda ballada», K.Karimovti’n’ «Alma haqqi’nda ballada» h.t.b. shi’g’armalari’ usi’ janrdi’n’ yen’ jaqsi’ u’lgileri si’pati’nda tani’ldi’.

Muhabbat balladani’n’ yen’ yeski ha’m wo’lmes temasi’. Yen’ da’slepki xali’q balladalari’nda da da’slep muhabbat temasi’ so’z yetilgenligi bizge belgili. Angliya xali’q balladalari’n izertlegen V.Jirmunskiydin’ tasti’yi’qlawi’nsha «muhabbat temasi’n so’z yetiwshi balladalar liro-epikali’q

xarakterde boli’p, wonda yen’ ulli’ muhabbat romantikasi’ sa’wlelenedi. Balladada i’shqi’-muhabbat wo’mirdin’ yen’ tiykarg’i’ mazmuni’ si’pati’nda ji’rlanadi’: muhabbat yeki jasqa baxi’t ha’m shadli’q, soni’n’ menen birge, sheksiz qayg’i’ ha’m azap ali’p keledi. Ko’pshilik balladalarda muhabbat yeki jasqa wo’lim ali’p keledi. Yeki jas dushpani’ si’pati’nda qi’z nami’si’n qorg’aytug’i’n a’ke ha’m ag’alari’ ko’rsetiledi». Jazba a’debiyatqa kelip balladalardi’n’ tematikali’q shen’beri ken’eyip, yendi yeki jasti’n’ muhabbati’ menen feodalli’q qag’i’ydalardi’n’ wo’z-ara qarama-qarsi’ keliwi so’z yetile basladi’. Mi’sali’, du’nya jazba a’debiyati’ndag’i’ jan’a tiptegi birinshi ballada dep ta’n ali’ng’an Gotfrid Byurgerdin’ «Lenora» balladasi’ni’n’ da tiykarg’i’ temasi’ – muhabbat ma’selelerin so’z yetedi. Byurger bir wa’layat miymanxanasi’nan «wo’li ku’yew» haqqi’ndag’i’ xali’q a’psanasi’n yesitip qaladi’ ha’m usi’ syujet tiykari’nda belgili «Lenora» balladasi’n do’retedi. Balladada jas qi’z Lenorani’n’ muhabbati’ ha’m woni’n’ ashi’narli’ ta’g’diri so’z yetiledi. Byurger jas qi’zdi’n’ wo’limine tiykarg’i’ sebep yetip ayawsi’z feodalli’q uri’slar ha’m baylardi’n’ zuli’mli’qlari’ dep ko’rsetedi:

Ko’kiregin’ zarlansada sen shi’da,
Jaratqang’a baxi’tsi’zli’qta bag’i’n,
Senin’ wo’ligin’ qa’birge tu’ssin,
Al kewlin’di quday keshirsin.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda usi’ syujetke uqsas G’.Seytnazarovti’n’ «Qi’z bulaq» balladasi’ bar. Wonda da pa’k muhabbati’ sebepli ashi’narli’ ta’g’dirge duwshar bolg’an qi’zdi’n’ tragediyali’q wo’limi so’z yetiledi. Byurger balladasi’nda da Lenora su’yiklisin izlep jolg’a shi’g’adi’. Biraq «Qi’z bulaq»tag’i’ qi’z obrazi’ milliy xarakterler menen suwg’ari’lg’an. Lenora su’yiklisin ashi’qtan-ashi’q izlese, bundag’i’ qi’z u’yinen urlani’p, yari’m tu’nde shi’g’i’wi’ yaki bolmasa milliy kiyimlerdin’ su’wretleniwi, wo’zge birewge qali’n’ malg’a sati’li’wi’ usag’an syujetler qollani’ladi’.

Aynala sag’i’m ko’k ten’iz,
Ko’k ten’iz tolqi’nlani’wda
Biraqta sonnan bir urtlam
Bir tamshi’ jetpes ari’wg’a.

Tali’qsi’p qulag’an qi’z aynalag’a qarap «ko’k ten’iz»din’ tolqi’nlani’p turg’ani’n ko’redi, biraq qansha uri’nsa da wog’an jete almaydi’. Suw azabi’ woni’ jerdi ti’rnag’i’ menen qazi’wg’a ma’jbu’rleydi, qansha qazsa da bir tamshi’ suw ko’rinbeydi. Yeki balladada da bul tragediyali’ waqi’ya ku’shli dramatizm menen beriledi.

G’.Seytnazarovti’n’ usi’ temada keyinshelli «Su’yiw ji’ri’» balladasi’ jazi’ldi’. Ballada bo’limlerge aji’rati’p jazi’lg’an. Bul ta’repten ballada qaraqalpaq a’debiyati’nda bo’limlerge bo’lip jazi’lg’an balladani’n’ da’slepki u’lgisi boli’p tabi’ladi’. Ballada bastan-ayaq lirizm pafosi’nda bayanlanadi’. «Si’ylamasam muhabbati’mdi’» dep atalg’an birinshi bo’liminde lirikali’q qaharmanni’n’ bir qi’zdi’ ko’rip ashi’q bolg’anli’g’i’, wol qi’zdi’n’ bolsa basqa bir insang’a buyi’rg’anli’g’i’ haqqi’nda so’z yetiledi. Bunnan keyingi bo’limler «Yele sondayman», «Tag’i’ tu’n», «Basqalar», «Si’r», «Sag’i’ni’w», «Qarama», «Tozbaydi’ yeken» xat usi’li’nda jazi’lg’an. Da’slep jurnal varianti’nda bul balladani’n’ ha’r bo’limi wo’z aldi’na qosi’q formasi’nda basi’p shi’g’ari’lg’an yedi. Keyinshelli shayi’r woni toli’qti’ri’p ballada talaplari’na maslap barli’g’i’n bir qosi’p, «Temir qazi’q» toplami’nda woni’ ballada dep ja’riyalaydi’.

Muhabbat temasi’nda jazi’lg’an yen’ jaqsi’ balladalardi’n’ u’lgilerin biz rus a’debiyati’nda ushi’rati’wi’mi’z mu’mkin. V.A.Jukovskiydin’ «Svetlana», A.S.Pushkinnin’ «Kazak», M.Yu.Lermontovti’n’ «Ballada», A.Axmatovani’n’ «Jan’a ji’l balladasi’» shi’g’armalari’ usi’lar qatari’nda. Pushkinnin’ «Kazak» balladasi’nda (qaraqalpaqshalag’an İ.Yusupov) jalg’an muhabbatti’n’ qurbani’ bolg’an qi’z ta’g’diri so’z yetilse, Lermontovti’n’ «Ballada»si’nda (qaraqalpaqshalag’an J.İzbasqanov) muhabbatti’n’ qa’dirine jetpegen qi’z obrazi’ ashi’p beriledi. Suw boyi’nda woti’rg’an qi’z jigitin si’naw maqsetinde suw tu’bine marjani’ tu’sip ketkenligi haqqi’nda ayti’p, wonnan marjandi’ ali’p shi’g’i’p beriwin wo’tinedi. Jigit qani’ tasi’p ketip suw asti’na tu’sedi:

| | |
|---|---|
| Suw asti’nan hinji misli | Tag’i’ qaytar, qi’rg’aqlarg’a, |
| Tamshi’lar ushar. | Qayta uri’lar |
| Tolqi’n quwar tamshi’lardi’ | Mine, ha’zir ali’p shi’g’ar |
| Bir-birin qushar. | Jigitti wolar.[1] |

[1] Избасқанов Ж. Муҳаббат лирасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992. 80-б

Balladada janr ta’biyati’ ushi’n xarakterli bolg’an ko’rkem ta’kirarlar u’lken xi’zmet atqaradi’. Wol waqi’yani’n’ rawajlani’wi’, bir halattan yekinshi halatqa wo’tiwde sheber isletilgen. Jigit qoli’ndag’i’ marjani’ menen suw asi’ti’nan shi’qqannan son’ qi’z yendi usi’ marjanlardi’n’ ma’rwa’ritleri kerek yekenligin aytadi’. Jigit ja’ne suw asti’na tu’sip ketedi.

Suw asti’nan hinji misli
Tamshi’lar ushar.
Tolqi’n quwar tamshi’lardi’
Bir-birin qushar.

Tolqi’n qaytar, qi’rg’aqlarg’a,
Qayta uri’lar
Biraq, yendi a’ziyz dosti’n
Keltirmes wolar…

Qaraqalpaq a’debiyati’nda J.İzbasqanovti’n’ «Muhabbat haqqi’nda ballada»si’ muhabbat temasi’nda jazi’lg’an yen’ jaqsi’ shi’g’arma boli’p tabi’ladi’. Ballada 3 bo’limge bo’lingen. Birinshi bo’limde lirikali’q qaharman wo’zinin’ ishki keshirmelerin bayanlaydi’. Bunda bayanlawshi’ lirikali’q qaharmanni’n’ wo’zi, wol yeske tu’siriwler arqali’ jas waqi’ti’nda bir qi’zg’a ashi’q bolg’anli’g’i’n wol qi’zdi’n’ wo’zine qaratpa ta’rizinde bayanlaydi’:

Kewil - da’pter.
Jazi’p senin’ ati’n’di’
A’rman yettim: yengeymen dep tu’sin’e!
Ju’reksinbey, bir «ashi’qli’q» xati’mdi’
Sali’p kettim kitabi’n’ni’n’ ishine…[1]

Jas waqi’tta payda bolg’an yen’ pa’k sezim – bul insanni’n’ birinshi muhabbati’. Klasslas qi’zg’a ashi’q boli’w, wog’an xat jazi’w, ju’regi xanasi’na si’ymay juwap ku’tiw si’yaqli’ jaslardi’n’ kewlinde woyang’an da’slepki sezimler so’z benen suli’w qi’li’p sali’ng’an su’wret si’yaqli’ su’wretlengen.

Ballada usi’ ta’rizde bayanlani’p baradi’ da, yekinshi bo’limde ku’tilmegen ta’rizde keskinlesedi:

«Senin’ si’rli’ sezimlerin’ siresken,
Xati’n’di’ men shi’n kewilden sezindim,
So’ytsedag’i’ saylag’ani’n’ yemespen,
Aytajaqpan ahwali’mdi’ wo’zimnin’.

J.İzbasqanov wo’z balladasi’nda francuz balladasi’na ta’n bolg’an qaharman xarakterin ashi’wda u’lken xi’zmet atqaratug’i’n diolog ha’m

[1] Избасқанов Ж. Лирика дәптеринен. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1982. 3-б

monologlardan da paydalanadi’. Birinshi bo’limde lirikali’q qaharmanni’n’ qi’zg’a qarati’lg’an pikirleri, yekinshi bo’limde qi’zdi’n’ jigitke bergen juwabi’ diolog formasi’nda beriledi. Usi’ jerde psixologiyali’q konflikt kelip shi’g’adi’. Qi’z wo’zinin’ unatqan jigiti bar yekenligin xat arqali’ bayanlaydi’. Jigit kewilinde payda bolg’an tun’g’i’sh muhabbatti’n’ juwapsi’z qalg’ani’nan qatti’ xazar shegedi.

U’shinshi bo’limde lirikali’q qaharman ta’repinen juwmaq islenedi. Wol tek te 4 qatardan ibarat. Francuz poeziyasi’nda da juwmaq 4 qatardan ibarat boli’p, wolar buni’ «arnaw» dep atag’an. J.İzbasqanovta bul arnaw yemes al son’g’i’ so’z retinde berilgen:

Ji’llar bizge won’li’ soldi’ tani’tti’,
Men bayag’i’ bala jigit yemespen…
Jalg’i’z menin’ sag’i’ni’shi’m qali’pti’,
Ji’llar boyi’ shi’g’ar yemes sol yesten…

Uli’wmalasti’rip aytqanda, bul ji’llardag’i’ balladalarda ko’rkemlik, formali’q, ideya-tematikali’q jaqtan wo’siwshilik bayqaldi’. Qaraqalpaq shayi’rlari’ ja’ha’n a’debiyati’ndag’i’ yen’ jaqsi’ u’lgileri menen tani’sti’, qaraqalpaq tiline awdarma isledi, wolardi’n’ do’retiwshilik izlenislerin wo’zlestirdi. Ha’m usi’ tiykarda ko’rkemligi joqari’ qunli’ shi’g’armalar du’nyag’a keldi. Bul ji’llarda qaraqalpaq shayi’rlari’ obraz jarati’wdi’n’ tu’li usi’l ha’m a’dislerin qollandi’. Sol tiykari’nda obrazlardag’i’ polifanik ko’p ma’nililikti keltirip shi’g’ardi’.

## 4-bap: G'a'rezsizlik da'wirindegi balladalarda ko'rkemlik izleniwshilik

### 4.1. Balladalardi'n' formali'q tu'rleniwi.

G'a'rezsizlik da'wir balladalari' ushi'n xarakterli wo'zgeshelik – bul ji'llari' balladalarda insan psixologizmin, insanni'n' jeke ko'zqaraslari'n, woni'n' ja'miyetke mu'na'siybetin ashi'p beriw tiykarg'i' ma'sele boldi'.

Bul ji'llari' a'debiyatta misli ko'rilmegen da'rejede wo'zgerisler ju'z berdi. Soni'n' tiykari'nda poeziyada da buri'ng'i' da'bdebeparazli'q, su'ren-shaqi'ri'q worni'na teren', salmaqli', filosofiyali'q mazmung'a bay shi'g'armalar do'reldi. Bul ji'llari' balladalar aldi'n'g'i' ji'llarg'a qarag'anda az jazi'ldi'. Woni'n' worni'na insan turmi'si'n ken'nen su'wretleytug'i'n, insan psixologiyasi'n teren'nen ashi'p beretug'i'n poemalarg'a ko'birek za'ru'rlik artti'. Degen menen, balladalarda da insan psixologiyasi'n ashi'p beriw ma'seleleri sa'tli shi'qti'.

Bul ji'llari' da balladashi'li'qta shayi'r M.Qarabaevti'n' u'lesi u'lken boldi'. Bul janrda a'dewir qa'lemi i'si'lg'an shayi'r g'a'rezsizlik ji'llari'na kelip balladalar du'rkinlerin jarata basladi'. Woni'n' Watandarli'q uri's temasi'na arnalg'an «Ju'rekte qalg'an saza», sonday-aq tariyxi'y temada «Tariyxi'y tulg'alar» balladalar du'rkini usi' janrdag'i' yen' u'lken jan'ali'qlardi'n' biri boldi'. Woni'n' tariyxi'y temadag'i' balladalari' bul janrda tariyxi'y shi'g'armalardi'n' da do'retiletug'i'nli'g'i'n da'liyllep berdi.

Bunnan basqa da bul ji'llari' jas shayi'rlar N.To'reshova, J.Nuri'llaev, X.U'bbiniyazov ballada janri'nda qa'lemin si'nap ko'rdi.

M.Qarabaevti'n' «Ju'rekte qalg'an saza» balladalar du'rkini Watandarli'q uri's temasi'nda jazi'lg'an. «Lirikali'q du'rkinler, - dep jazadi' bul boyi'nsha ilimiy jumi's islep ati'rg'an a'debiyatshi' M.Orazi'mbetova, - birinshi gezekte shayi'rdi'n' du'nyag'a ko'zqarasi'n, ha'diyse, qubi'li'slarg'a bolg'an sezimin yele de toli'g'i'raq, uli'wmalasti'ri'lg'an hali'nda jetkeriw, lirikali'q qaharman obrazi'n pu'tinliginshe jarati'w ushi'n do'retiledi. Du'rkindegi ko'rkem formani'n' wo'zinsheligi woni' u'lken janrli'q formalarg'a jaqi'nlasti'radi'».[1]

[1] Оразымбетова М. Қарақалпақ поэзиясында лирикалық дүркинлердиң дәреклери. ҚМУ. «Хабаршысы». Нөкис. 2010. 117-б

Demek du’rkinlerdegi ko’rkem forma woni’n’ janrli’q qasiyetine de belgili da’rejede ta’sir jasaydi’.

Du’rkinde balladalar belgili bir ta’rtipte jaylasti’ri’lg’an, syujetler izbe-izligi 4 ji’lli’q uri’sti’n’ barli’q waqi’yalari’n izbe-iz sa’wlelendiredi. Da’slep du’rkin «bet ashar» menen baslani’p, son’ jas jigitlerdin’ uri’sqa jol ali’wi’, uri’s maydani’ndag’i’ soldatlar qaharmanli’g’i’, awi’r jaradar boli’p kelgen jigittin’ ti’ldag’i’ yerligi, ha’m aqi’r-aqi’bet perzentin ku’tip jasap ati’rg’an ana ha’sireti izbe-iz bayanlanadi’. Sonday-aq, insan psixolgiyasi’n joqari’ da’rejede ji’rlaw, uri’sti’n’ insan qalbine ta’siri ma’selesi du’rkinnin’ basli’ maqseti yetip ali’ng’an.

Du’rkinnin’ «bet ashar»i’nda fashistlerdin’ yelge basti’ri’p kirgenligi ha’m woni’ basti’ri’wdag’i’ xalqi’mi’zdi’n’ yerlikleri prolog si’pati’nda ayti’ladi’:

Fashizm daq sali’p wo’mir,
Zamang’a,
Basi’p kirdi, jerdi taplap tabang’a,
Ku’n tuwdi’ jasag’an ha’r bir adamg’a!
Quyashti’ tu’nertti ja’biri quptanday.
Bizden wo’zge quyash joq woni’ qurtqanday.[1]

Bul jerde shayi’r quyash simvoli’ arqali’ xalqi’mi’zdi’n’ ma’rt-bahadi’r perzentlerinin’ wo’z kindik qani’ tamg’an jurti’n jawg’a hesh qashan ayaq-asti’ yetip qoymaytug’i’nli’g’i’ patriotizmlik ruwhta su’wretlenedi.

Bunnan keyingi «Zerde» balladasi’nda uri’s sebepli yeki jas arasi’na tu’sken ayrali’q sezimleri ku’shli dramatizm menen beriledi. Bunda yeki jasti’n’ wo’z-ara muhabbati’ so’z yetilgeni menen, tiykarg’i’ ko’terilgen tema uri’sti’n’ adamlardi’n’ basi’na qanday mu’siybetlerdi sali’p ati’rg’ani’n, insan psixologiyasi’na tiygizgen ta’sirin ashi’p beriwden ibarat.

Qaliyla ko’p wo’tpey ketti sawashqa.
Talay ayrali’qti’ saldi’ jaw basqa.
Qaytadi’ ten’izdi keshken.
Taw asqan…
Dep ji’lar sarg’ayi’p ku’tti Sa’rbinaz,
Da’rek joq,

[1] Қарабаев М. Жүректе қалған саза. // «Әмиўдәрья», 2000. №5, 36-б

Zerdesin jutti’ Sa’rbinaz.

«Zerde»de jas jigit uri’sqa ketken momentin bergen bolsa, yendi «Sheyit» balladasi’nda qanli’ sawashqa kirip kelgen jas jigit Jannazar obrazi’ menen tani’sami’z. Ballada jasi’ u’lken jawi’ngerdin’ yeske tu’siriwi tiykari’nda jazi’lg’an. Shi’g’arma 2 bo’limnen ibarat. 1-bo’limde Jannazardi’n’ jan’a uri’s maydani’na kirip ati’rg’andag’i’ obrazi’ menen tani’sti’ri’ladi’. Bul jigit jawi’ngerge da’slep ku’ta’ jas ko’rinedi, wog’an ashi’ni’w sezimi payda boladi’.

Qosi’ldi’ jigitler – taza pa’riler,
Jawi’nger deymiz-aw, ko’bi a’biger,
Biri Tu’rkistanli’ – aw dedim,
- Beri kel,
- Ati’n’ kim?
- Jannazar.
- Qoldi’ soz mag’an –
Dedim kelgendey-aq boldi’ wo’z balam.

Balladada diolog u’lken xizmet atqaradi. Joqari’da da Jannazardi’n’ «uri’s» degennin’ ne yekenligin yele tu’sine qoymag’an obrazi’n avtor lirikali’q qaharman tilinen «taza pa’riler» metaforasi’ arqali’ beredi. Shi’g’arma aqi’ri’ ku’tilmegen ta’rizde buri’li’p, Jannazardi’n’ tragediyali’q wo’limi menen juwmaqlanadi’.

Bunnan keyingi «Kek» balladasi’nda uri’stan awi’r jaralani’p kelip, ti’lda ayanbay miynet yetip ju’rgen Nag’mettin’ yerligi haqqi’nda so’z yetiledi. «Ha’mme na’rse front ushi’n!» - dep su’renlep ju’rgen bir waqi’tta awi’l padasi’na qasqi’r shawadi’. Quti’rg’an qasqi’rdi’ joq yetiw wazi’ypasi’ birinshi wori’ng’a qoyi’li’di’. Usi’nday bir waqi’tta Nag’met penen kiyati’rg’an basli’qqa qasqi’r hu’jim qi’ladi’. Jas jigit basli’qti’ qutqari’w maqsetinde qasqi’r menen ayqasadi’ ha’m woni’ buwi’p wo’ltiredi. Biraq qasqi’r Nag’mettin’ qoli’n tislep aladi’.

Adamlar ra’hmetin aytti’ ma’rt-yerge,
Yekewin jolladi’ atli’ sha’ha’rge.
Quti’ldi’ solaysha-qa’wip-qa’terden,
Basli’g’i’ za’lelsiz.
Nag’met tuti’ldi’,

Qasqi’rdan uwlani’p, wol da quti’rdi’…

Bul jerde «quti’rg’an qasqi’r» obrazi’ arqali’ nemec-fashistlerinin’ obrazi’ jasalg’an. Nag’met wo’z jani’nan keship bolsa da yelin qasqi’rlardan tazalaydi’.

«Da’rt» balladasi’nda bolsa, uri’s sebepli u’sh perzentinen ayri’lg’an qaharman ana obrazi’ jarati’ladi’. U’sh perzentin de uri’sqa jiberip yekewinen ayri’lg’an ana yendi jalg’i’z perzentin u’mit penen ku’tip, ku’ni-tu’ni usi’ tilekti tilep ati’zda ti’nbay miynet isleydi. Bir ku’ni u’yine basli’q kirip keledi:

- Ma’rtsen’ – dedi, u’sh azamat anasi’!

Belin’di buw…

Ana jani’ untalar.

- Ne dep tursan’, tapti’n’ba ya sum xabar?!

Basli’q u’shinshi perzentinin’ de qaharmanlarsha nabi’t bolg’anli’g’i’ haqqi’ndag’i’ «qara qag’az»di’ ali’p keledi. Ana bug’an shi’day almay faryad yetedi. Woni’n’ zari’nan aspan, taw, taslar da tebrenedi.

Sulq tu’sip jati’r, batti’ bul mu’shkil,

Solg’ani’ ma qoli’ndag’i’ jas u’sh gu’l!

…A’ne Asan!

Won’i’nda ma?

Yaq tu’s bul…

Wo’lme jasa! – dep ju’regin suwi’ri’p,

Uli’m al! – dep berdi birden juwi’ri’p.

Shi’g’armani’n’ dramatizmligi anani’n’ wo’z uli’na ju’regin suwi’ri’p berip woni’n’ wo’lmewin tileniwi menen ko’zge taslanadi’. Anani’n’ ha’sireti sonshelli awi’r wol perzentlerinen qara qag’az kelgen bolsa da ha’r ku’ni wolardi’ ku’tip jasaydi’. Bul sol da’wir barli’q analari’ni’n’ tiplik obrazi’ si’pati’nda ko’rinedi.

Demek, bul da’wirde jarati’lg’an uri’s temasi’ndag’i’ balladalardi’n’ ko’rkemligi da’slepki da’wirdegi uri’s temasi’ndag’i’ balladalarg’a sali’sti’rg’anda syujettin’ ta’sirshen’ligi, qaharman xarakterinin’ teren’irek ashi’li’wi’, uri’sti’n’ insan ruwhi’yati’na ta’siri ma’selelerine u’lken kewil bo’lingenligi menen xarakterlenedi.

«Psixologizm - ko’rkem shi’g’armada qaharmanlardi’n’ ishki ruwhi’y du’nyasi’n, wolardi’n’ a’dep-ikramli’q belgilerin ashi’p beriw»[1]. İnsanni’n’ ja’miyet haqqi’nda tu’sinikleri, insanni’n’ jeke pikirleri, debdiwleri, ko’zqaraslari’, ruwxi’y a’lemi, woylaw shen’beri – bulardi’n’ barli’g’i’ psixologiyali’q si’patlar boli’p, jazi’wshi’ yaki shayi’r a’ne usi’ ha’diyselerdin’ kelip shi’g’i’w processin ha’m rawajlani’w ni’zamli’qlari’n ko’rkem shi’g’arma arqali’ woni’n’ anaw yamasa mi’naw ta’replerin su’wretlep woti’radi’. Mi’sali’, N.To’reshovani’n’ «A’ste-aqi’ri’n bola beredi» balladasi’nda insani’yli’q sezimlerdin’ ja’miyetlik qatnaslar menen qarama-qarsi’ keliwi na’tiyjesinde lirikali’q qaharman kewlinde payda bolg’an soqli’g’i’si’wlar tiykarg’i’ problema si’pati’nda ko’teriledi.

…Wolar xalqi’mni’n’ wol da’wlet qusi’n,
Jang’an wotqa salmaqshi’ boldi’,
Tuwri’li’q aytqani’m ushi’n.
Menin’ basi’mdi’ almaqshi’ boldi’.[2]

Lirikali’q qaharmandi’ insani’yli’q problemalar qi’ynap ja’miyettegi nahaqli’q, insapsi’zli’q ma’seleleri tolg’andi’radi’. Wol bul nahaqli’qtan wo’zin qoyarg’a jer tappay dosti’si’ni’n’ aldi’na kelip si’rni’qqanda wol da buni’n’ ne ushi’n ku’yip-jani’p ati’rg’ani’n tu’singisi kelmeydi:

Basqa sharan’ joq ha’zir ha’tte,
Til tabi’si’p kelise ber-da’,
Ku’yip tamam boli’wi’n’ sha’rtpe?
Bir kelesen’ mi’na du’nyag’a.

Yendi woni’n’ kewlin tu’sinetug’i’n insandi’ wol qa’lemles doslari’ arasi’nan izley baslaydi’. Biraq barli’q u’miti push boli’p wol da bunnan ti’ni’sh wo’mir su’re beriwin wo’tinedi. Bul lirikali’q qaharmandi’ wonnan sayi’n g’a’zepke saladi’. Yendi ko’pti ko’rgen jasu’lkenge bari’p bul isinin’ duri’s yekenligin tu’sindirmekshi boladi’. Sonda jasi’u’lken:

- Ha’mme istin’ waqti’-sa’ti bar,
A’ste-aqi’ri’n bola beredi,

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994. 170-б
[2] Төрешова Н. Перийзат. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991. 16-б

Sendey sabi’ri’ joq adamlar,
Wo’zi shetlep qala beredi.

Son’ lirikali’q sheginis arqali’ su’wretlewdin’ xat usi’li’nan paydalani’p Watandarli’q uri’s ji’llari’ tutqi’ng’a tu’sken balani’n’ a’kege, a’kenin’ balag’a jazg’an xatlari’nan u’zindiler keltiriledi. Wolar xatlari’nda tutqi’n bolg’annan go’re Watan ushi’n qurban boli’wdi’ abzal bilgenligi ku’shli dramatizm menen beriledi. Mi’sali’:

Men senin’ tu’nekte qalmawi’n’ ushi’n,
Wo’mirge gu’l boli’p wornawi’n’ ushi’n,
Uri’s tariyxi’nan woqi’g’ani’n’da,
Men ushi’n qi’zari’p qalmawi’n’ ushi’n,
Wo’lip barati’rman.

Bunnan son’ avtor ta’repinen ku’shli ideyani’ sa’wlelendiriwshi juwmaq islenedi:

Jasaw kerek qi’zi’m wot boli’p,
Ha’m tutandi’r gu’lla’n kewildi,
Nahaq isler pu’tin joq boli’p,
Jaqsi’li’qqa bo’len’ wo’mirdi.

Usi’lay shi’g’arma lirikali’q qaharmanni’n’ ishki debdiwleri woni’n’ ja’miyet penen wo’z-ara konflikti tiykari’nda ashi’ladi’. Shi’g’armada qaharman psixologizmi tiykari’nda konflikttin’ kelip shi’g’i’wi’na, solay yetip, waqi’yani’n’ rawajlani’wi’na sebep bolg’an.

Bunnan basqa da bul ji’llari’ qaraqalpaq a’debiyati’nda tariyxi’y temada balladalar do’retildi. Bul bag’darda M.Qarabaevti’n’ qaraqalpaq balladashi’li’g’i’n rawajlandi’ri’wdag’i’ salmaqli’ u’lesin aytpay ketiwdin’ ilaji’ joq. Wo’zinin’ do’retiwshilik joli’ dawami’nda lirikali’q shi’g’armalari’, sonetleri, bir qansha lirikali’q du’rkinleri menen qatar ballada janri’ da woni’n’ tiykarg’i’ jo’nelisi boldi’ desek qa’telespeymiz. Da’slep Watandarli’q uri’s temasi’nda, keyinala social turmi’s ha’m muhabbat temasi’nda balladalar jazg’an shayi’r g’a’rezsizik da’wirge kelip tariyxi’y temadag’i’ balladalari’, du’rkinleri menen ko’zge tu’sti. Bul da shayi’rdi’n’ bir g’ana ballada janri’ndag’i’ do’retiwshilik evolyuciyasi’nan derek beredi.

Shayi’rdi’n’ «Tariyxi’y tulg’alar» du’rkinine kirgen «Alp-ana Tomaris», «Ha’mire-zada Yedige», «Qulpi’tastag’i’ tariyx» balladalari’ wo’zinin’ originalli’g’i’, ko’rkemliligi ha’m janr talabi’na say jazi’lg’anli’g’i’ menen xarakterli. Mi’sali’, Kir patshasi’n jen’ip shi’qqan hayal patsha Tumaris haqqi’nda qaraqalpaq a’debiyati’nda romanlar, poemalar jazi’ldi’. Shayi’r usi’ obrazg’a ja’ne de wo’zgeshe do’retiwshilik qatnasta jantasi’p, ballada talabi’na i’layi’q ra’wishte woni’ qayta islep shi’g’adi’. Biz bul bo’limde a’ne usi’ balladani’n’ İ.Yusupovti’n’ belgili «Tumaris» poemasi’nan ayi’rmashi’li’g’i’ tiykari’nda shayi’rdi’n’ jeke individual stilin, soni’n’ menen birge bir-birine jaqi’n bolg’an poema ha’m ballada janrlari’ni’n’ wo’zine ta’n janrli’q xarakterlerin u’yrenip shi’g’ami’z.

Poema ushi’n da, ballada ushi’n da wo’mirdegi qaharmanli’q, joqari’ momentler, belgili waqi’yalar, ku’shli dramatik sezimler tiykar yetip ali’nadi’. Wolardi’n’ ha’r yekewi de epikali’q yadrog’a tiykarlanadi’, epikali’q tiykar lirikali’q elementlerdin’ aktiv qatnasi’ menen ashi’ladi’. Ha’r yeki janrda da waqi’ya keskinlik, ko’terin’kilik penen rawajlanadi’. Biraq poema balladag’a qarag’anda wo’mirdi mu’mkin bolg’ani’nsha ha’r ta’repleme qamti’ydi’, woni’ barli’q qarama-qarsi’li’g’i’ menen sa’wlelendiredi. Shayi’r poemada xali’q wo’mirindegi barli’q da’wirlerdi sa’wlelendiriwshi ken’ tariyxi’y epizodlardi’ jarata aladi’. Ballada bolsa bunday imkaniyatlarg’a iye yemes. Soni’n’ ushi’n da poema balladadan kompoziciyali’q quri’li’si’, syujet du’zilisi, obrazlardi’ individuallasti’ri’w ha’m tipiklestiriw, xarakter jarati’w ha’mde basqa wo’zgeshelikleri menen pari’q qi’ladi’.

Mi’sal ushi’n, «Tumaris» ha’m «Alp-ana Tomaris» shi’g’armalari’nda bunday wo’zgesheliklerdi ayqi’n ko’riwimiz mu’mkin. Ha’r yeki shi’g’armani’n’ da bas qaharmani’ – massagetler sa’rkardasi’ hayal patsha Tumaris. Woni’n’ perzentinin’ kegin ali’w maqsetinde Ahamaniyler hu’kimdari’ Kir patsha menen gu’resip, jen’ip shi’qqanli’g’i’ ha’r yeki shi’g’armada da tiykarg’i’ syujet yetip ali’ng’an. Biraq «Tumaris» poemasi’nda waqi’ya bir neshe kishi-kishi syujetlerge bo’lingen. Wonda Tumaristin’ qalayi’nsha tuwi’lg’anli’g’i’, yer jetkenligi so’z yetiledi. Al, balladada bul syujetler berilmeydi. Wonda tek bir «wo’zek syujet», wolda bolsa Tumaristin’ Kir patsha

menen uri’si’ ha’m woni’ qalayi’nsha jen’ip shi’qqanli’g’i’ joqari’ pafosta ashi’p beriledi.

Yekinshi wo’zgeshelik – obrazlar jasawda ko’rinedi. «Tumaris» poemasi’nda su’wretlengen tiykarg’i’ obrazlar menen qosi’msha personajlar ju’da’ ko’p. Tumaris, woni’n’ balasi’, la’shkerler, Tumaristin’ a’kesi, anasi’, Tumaristin’ ku’yewi, qulag’i’ kesilgen shabarman, Kir patsha, woni’n’ la’shkerleri qatnasti’ri’ladi’. Al, balladada tek g’ana Tumaris, Kir patsha ha’m shabarman obrazi’ ko’riniwi mu’mkin. Ha’tte, wonda la’shkerler obrazi’ da ushi’raspaydi’.

U’shinshi wo’zgeshelik – woni’n’ kompoziciyali’q quri’li’si’nda ko’rinedi. Poema 9 bo’limge aji’rati’li’p jazi’lg’an. Shayi’r kirisiwi 1 bo’limdi wo’z ishine aladi’. Balladada bolsa bul kirisiw 4 qatar arqali’ beriledi:

Wo’zi hayal, qoldan kelipti ha’r is,<br>
Danali’q, bati’rli’q, anali’q ha’dis.<br>
Sak, Massagetlerge Ana-Tomaris<br>
Basqi’nshi’ shaxlarg’a a’jel dari’tqan.[1]

Ballada tek g’ana 2 bo’limnen ibarat. Biraq shayi’r usi’ yeki bo’limge aytajaq pikirinin’ barli’g’i’n ji’ynaqlap si’ydi’rg’an. Yeki shi’g’armada da Tumaristin’ shabarmannan uli’ni’n’ wo’lgenligi haqqi’ndag’i’ xabardi’ yesitip qatti’ azaplani’wi’, bul kekke shi’day almay Kirge shabarman jiberip uri’sqa shaqi’ri’wi’ ku’shli dramatizm menen beriledi. Biraq İ.Yusupov «Tumaris» poemasi’nda lirikali’q sheginisler arqali’ Tumaristin’ kimnin’ qi’zi’ bolg’ani’, ata-anasi’ni’n’ ta’g’diyri, anasi’ qi’zdi’ jasi’ri’p tog’ayg’a taslap ketiwi, Tumaris tog’ayda kiyiklerdi yemip u’lkeyip, wolar menen woynawi’, u’lkiye kelip bir jigitti ushi’rati’wi’, woni’n’ Tumaristin’ anasi’n wo’ltirip, taxtqa shi’g’i’wi’, son’ woni’n’ da wo’liwi so’z yetiledi. Balladada bul syujetler berilmeydi.

To’rtinshi wo’zgeshelik – Tumaristin’ shabarmandi’ jiberer waqti’ndag’i’ Kirge jollag’an xati’ ayri’qsha di’qqatqa iye. «Tumaris» poemasi’nda mi’naday sha’rt qoyi’ladi’: «Yeger yelimnen la’shkerin’di ali’p shi’g’i’p ketpesen’ ha’m tutqi’ng’a tu’sken la’shkerimdi tez qayti’p bermesen’ massagetler seni ayap woti’rmaydi’».

Massagettin’ ulli’ ta’n’iri –

[1] Қарабаев М. Тарийхый тулғалар // «Әмиўдәрья», 2004. №3

Ku’n haqqi’na ant isheyin:
Toyg’i’zaman qang’a yendi
Toyi’msi’z ko’zin’di senin’.[1]

Al, «Alp-Ana Tomaris» balladasi’nda bolsa bul xabar bi’layi’nsha jetkeriledi:

Atlandi’rdi’ tezden Kirge shabarman,
«Hiyle menen nabi’t yettin’ balamdi’,
Na’ma’rt, sennen qorqi’p, ji’lap qabarg’an,
Jekpe-jek shi’q, bir ko’rset qaran’di’.

Maydanda tek yeki tulpar shabi’lsi’n,
«Qanxorman» dep qan to’giwge shulg’i’nba,
Qay jen’ilgen jen’impazg’a bag’i’nsi’n,
Ushi’ramasi’n xali’q, la’shker qi’rg’i’ng’a.

Shoqmari’n’nan at u’stinen qulasam,
Xalqi’m-quli’n’, balam – sennen tuwi’lsi’n!
Kek ti’yi’g’i’ – semserimnen sulasan’,
La’shkerlerin’ wo’z jurti’n’a shubi’rsi’n.

Poemani’n’ syujetlik quri’li’si’nda massagetler menen Kir la’shkerlerinin’ uri’s waqi’yalari’n ko’rsek, balladada tek g’ana Tumaris penen Kirdin’ wo’z-ara jekpe-jek shi’g’i’p uri’si’wi’ so’z yetiledi. Demek, bul jag’i’nda shi’g’armalardi’n’ syujetlik jelisinde usasli’q wo’zgeredi. Biraq bul balladani’n’ qunli’li’g’i’na kesent yetpeydi. Shayi’r ballada janri’ni’n’ talabi’na baylani’sli’ shi’g’armada joqari’ pafosti’ ku’sheytiw maqsetinde su’wretlewdin’ usi’ usi’li’nan paydalanadi’ ha’m tabi’sqa yerisedi.

Balladada peyzaj ko’rinisi u’lken a’hmiyetke iye. Shayi’r Tumaristin’ dramatik jag’dayi’n beriwde ay, ku’n, quyash obrazlari’nan sheber paydalanadi’. Tumaris uri’sqa tu’spesten aldi’n qa’dimgi Quyash qudayi’na si’yi’nadi’. Shayi’r janlandi’ri’w ja’rdeminde quyash arqali’ Tumariske ma’det berip turadi’. Balladada Tumaris ha’m Kir patshani’n’ bir-biri menen ayqasi’ janli’ kartinalarda keskin tu’rde su’wretlenedi. Wonda qi’li’shlardi’n’,

[1] Юсупов И. Тумарис ҳәм басқа поэмалар. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1974. 273-б

shoqmarlardi’n’ bir-birine uri’lg’an sesleri ani’q yesitilip turadi’. Balladada Kirdin’ u’stinen yerisilgen jen’iste joqari’ pafosta beriledi.

Basqi’nshi’ shah: «lag’nat» dep bir qi’shqi’rdi’,
Ku’n qadadi’ nuri’n ko’zge nishterdey
Ko’k jelkeden semser tiyip, i’shqi’ndi’,
Tomarista baspalatti’, ku’sh bermey.

Poemada bolsa Kirdin’ wo’liwi bi’layi’nsha beriledi:

Massagetler ko’p qi’di’ri’p,
Qayhi’srawdi’n’ tapti’ lashi’n,
Saqali’nan uslap turi’p,
Ta’nnen kesip aldi’ basi’n.

Ko’kireginde wo’tkir pi’shaq.
Urg’an woni’ qaysi’ bati’r?
Qaptali’nda jayi’p qushaq
Qulaqsi’z massaget jati’r.

Demek, balladada Kir patsha Tumaris ta’repinen jekpe-jek uri’sta wo’ltirilse, poemada wol balasi’ni’n’ wo’lgeni haqqi’ndag’i’ xabardi’ ali’p kelgen qulaqsi’z massaget ta’repinen wo’ltiriledi. Tariyxi’y dereklerde Kir patsha belgisiz jigit ta’repinen wo’ltiriledi delingen. Demek, balladada shayi’r ko’rkem toqi’ma ja’rdeminde bul tariyxi’y ha’diysege do’retiwshilik islew berip, woni’ ballada talabi’na say ra’wishte qayta isleydi. Bul usi’l su’wretlenip ati’rg’an tariyxi’y waqi’yani’n’ ko’rkem bayanlani’wi’na da ta’sirin tiygizbeydi.

Uli’wma biz yeki shi’g’armani’n’ da shayi’rlar do’retiwshilik loboratriyasi’nan wo’tkerilip tariyxi’y sha’rayatti’ ha’r shayi’r janr talabi’na say «taplap», qayta islep original tu’rde bayanlag’ani’ni’n’ guwasi’ bolami’z.

Tariyxi’y temadag’i’ balladalar xalqi’mi’zdi’n’ wo’tmish wo’mirindegi ayri’qsha bir jag’daydi’ joqarg’i’ pafosta ha’m i’qsham tu’rde keskin syujetler tiykari’nda su’wretlewde basli’ xi’zmet atqaradi’.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, g’a’rezsizlik ji’llari’ ballada janri’nda shi’g’arma jazi’w biraz pa’seygen bolsa da, bul ji’llari’ balladalar formali’q, mazmunli’q ha’m ko’rkemlik ta’repten a’dewir wo’sti.

## 4.2. Qaraqalpaq balladalari’nda ko’rkem til ma’selesi

Ko’rkem a’debiyat ko’rkem wo’nerdin’ basqa tu’rlerinen wo’zinin’ so’z arqali’ ju’zege keletug’i’nli’g’i’ menen aji’rali’p turadi’. Sonli’qtan bunda so’zge ayri’qsha poetikali’q wazi’ypa - ko’rkemlilikti ta’miynlew funkciyasi’ ju’klenedi. Bul funcsiya, a’sirese ko’rkem shi’g’armalardag’i’ ko’rkemlew qurallari’ ha’m usi’llari’ arqali’ ju’zege asi’ri’ladi’.

Ko’rkem shi’g’armada ha’r bir so’z su’wretlew usi’li’ xi’zmetin atqari’wi’ mu’mkin, sebebi, wol, a’lbette, usi’ shi’g’arma mazmuni’n ashi’p beriwge xi’zmet yetedi, sebebi, jazi’wshi’ ko’rkem til arqali’ obrazlar jaratar yeken, wolardi’n’ mazmuni’n ashi’p ko’rsetiwshi so’z ha’m ibaralar tan’laydi’. Wo’ytkeni, «shi’g’armada xarakterlerdin’ de, woydi’n’ da wonsha ko’zge tu’se bermeytug’i’n ta’repin til menen g’ana bezendiriw mu’mkin, suli’w so’z xarakterdi de, woydi’ da ani’q ko’rsetedi» (Aristotel). Til arqali’ shi’g’armag’a qatnasi’wshi’ qaharmanlardi’n’ obrazi’, ishki sezimleri, ta’biyat ko’rinisleri, waqi’yani’n’ bayanlani’wi’, turmi’s shi’nli’g’i’ h.t.b. ko’pshilikke jetkeriledi. A’debiyatta usi’nday, ko’rkem til ma’selesin u’yrengen ilimpazlar wolardi’ tu’rlishe bo’lip u’yrenedi.

Rus ilimpazi’ Tomashevskiy wolardi’ 3 tu’rge:

1. evfoniya (ses u’nlesligi)
2. Poetikali’q leksika
3. Poetikali’q sintaksis dep bo’lip u’yrenedi.[1]

Wo’zbek a’debiyatshi’si’ T.Boboevta ko’rkem til elementlerin: 1) troplar 2) fonetikali’q usi’llar ha’m 3) poetikali’q sintaksis dep bo’lip u’yrenedi. Qaraqalpaq a’debiyati’nda a’debiyatshi’ B.Genjemuratov wo’zinin’ «A’jiniyaz lirikasi’ni’n’ poetikasi’» monografiyasi’nda ko’rkem tildin’ elementlerin troplar ha’m figuralar dep bo’lip u’yrenedi[2].

A’debiyatshi’ Q.Ja’rimbetov «A’debiyattani’wdan sabaqlar» miynetinde wolardi’ leksikali’q, fonetikali’q, sintaksislik wo’zgesheligine qaray (ko’rkem tildin’ leksikasi’, ko’rkem fonetika, poetikali’q sintaksis, troplar) bo’lip u’yrenedi.

---

[1] Томашевский Б.В. Теория литературы. Поэтика. Москва, 2011, стр 30
[2] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997

Balladani’n’ ko’lemi qi’sqa syujetke quri’lg’anli’qtan, wonda pikirdi awi’spali’ ma’nige quri’w, az so’z benen ko’p ma’ni bere ali’w, ko’binese pikirdi jasi’ri’n halda berip woqi’wshi’lar fantaziyasi’na qaldi’ri’w basli’ a’hmiyetke iye. Balladada syujet keskin, dramatik momentinde ko’ringenlikten shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ psixologiyasi’n, ishki debdiwlerin beriwde ko’binese sonday so’zlerdi tawi’p qollani’w kerek, woqi’wshi’ woni’n’ aldi’n’g’i’ jag’dayi’n da ko’z aldi’na keltiriw imkaniyati’na iye bolsi’n. Balladani’n’ bul qa’siyeti ko’binese jazi’wshi’-shayi’rlarg’a qi’yi’nshi’li’q tuwdi’radi’. Sol sebepli ko’pshilik shayi’rlar balladag’a mu’ra’ja’a’t yete bermeydi. Balladada ha’r bir so’z u’lken mazmundi’ ali’p ju’riw qasiyetine iye boli’wi’ kerek. Bul bag’darda a’ne usi’ so’zlerdi sho’lkemlestiriwshi sesler u’lken xi’zmet atqaradi’.

**Ko’rkem fonetika** - ko’binese shi’g’armada pikirdi ju’zege shi’g’ari’wda tiykarg’i’ qural boli’p qoymay, al, ha’r bir sestin’ xi’zmeti shi’g’armada u’lken wazi’ypani’ atqari’p keledi. Mi’sali’, B.Qayi’rnazarovti’n’ «Jetim» balladasi’nda seslik qaytalawlar arqali’ Shi’g’i’s a’debiyati’nan kirip kelgen muashshaq formasi’ jasalg’an. Muashshaq ha’r bir qatardag’i’ bas ha’riplerge yemes, al ha’r bir shuwmaqtag’i’ bas ha’riplerge quri’lg’an. Ma’selen, 1-shuwmaqta qatara «J» sesi qollang’an bolsa, 2-shuwmaqta qatara «Ye» sesi, 3-shuwmaqta qatara «T» sesi, 4-shuwmaqta qatara «İ» sesi, 5-shuwmaqta qatara «M» sesi qollang’an ha’m usi’lay ha’r shuwmaqti’n’ basi’nda belgili bir seslik qaytalawlar arqali’ «jetim bala Babajan» degen so’zler jasalg’an. Mi’sali’:

**J**awi’n jawi’p, qarda qatti’ boraydi’,
**J**illi dawi’l uyi’tqi’p, sog’i’p zi’mi’raydi’,
**J**alg’i’z ju’rip qula du’zde qoy baqqan,
**J**etim bala ko’zden jasi’n bulaydi’.

**Ye**gil-tegil,wo’ksip-wo’ksip ji’laydi’,
**Ye**si ketip ji’lasa ne qi’ladi’,
**Ye**tegine tolg’an tek ko’zdin’ jasi’n,
**Ye**ki jaqqa to’gip taslap turadi’.[1]

[1] Қайыпназаров Б. Таңламалы шығармалары. 1 томлық, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981, 9-б

Muashshaq - Shi’g’i’s a’debiyati’nda ken’ tarqalg’an lirikali’q forma. Qosi’qtag’i’ qatar, ba’yt yaki ba’nttin’ bas ha’riplerinin’ ji’yi’ndi’si’nan adamni’n’ ati’, so’z, atama yamasa na’zerde tuti’lg’an ug’i’mdi’ keltirip shi’g’aratug’i’n qosi’q[1]. Bul balladada muashshaqti’n’ yen’ quramali’ formasi’ keltirilgen boli’p, qatar basi’ndag’i’ seslik qaytalawlar muashshaq formasi’n jasaw menen birge, alliteraciyali’q, assonansli’q xi’zmet atqari’p kelgen.

Alliteraciya – qosi’q qatarlari’ndag’i’ dawi’ssi’z seslerdin’ jiyi-jiyi qaytalani’wi’. Wol ko’binse ko’rkem shi’g’armada emotsional ta’sirshen’likti asi’ri’w ushi’n qollani’ladi’. Mi’s:

**S**enin’ **s**i’rli’ **s**ezimlerin’ **s**iresken,
Xati’n’di’ men shi’n kewilden **s**ezindim.[2]

Yamasa:

**Z**arli’ wo’mir **z**ardabi’nan **z**ari’g’i’p,
Awi’r azap ha’m **t**urmi’stan **t**ari’g’i’p.[3]

Bunda s-s-s-s-s sesleri yamasa z-z-z, t-t seslerinin’ qaytalani’wi’ arqali’ qosi’qti’n’ ko’rkemligi, i’rg’aqli’li’g’i’ soni’n’ menen birge ta’sirshen’ligin asi’ri’wda sa’tli qollani’lg’ani’n ko’remiz.

Anaforalar bolsa bir yamasa birneshe ba’ntlerde qosi’q birdey so’zler ha’m so’z dizbekleri menen baslani’wi’. Mi’s:

Yegitiler ata ti’ymay jasi’n ko’zinen,
**Aqli’g’i’n izlep** ju’regi woni’n’ qan ji’lar,
**Aqli’g’i’n izlep** joyti’p woti’r wo’zin wol,
Saqali’n boylap sorg’alap ati’r tamshi’lar.[4]

Sonday-aq ko’rkem shi’g’armada seske yeliklewler de ushi’rasadi’. Wolardi’ ilimde onomotopeya dep te ataydi’. «Ta’biyattag’i’ yamasa a’tiraptag’i’ ha’r qi’yli’ seslerge, i’sqi’ri’q, ku’lki, ji’lawg’a, sonday-aq haywanlardi’n’, quslardi’n’ dawi’slari’na yeliklew ha’m wolardi’ xatqa tu’siriw seslik yeliklew dep ataladi’»[5].

Sol gezde **gu’rp** yetti mi’lti’q dawi’si’.

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эвольциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004. 42-б
[2] Избасқанов Ж. Лирика дәптеринен. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1982. 4-б
[3] Қайыпназаров Б. Таңламалы шығармалары. 1 томлық, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981, 9-б
[4] Нурыллаев Ж. Дүньяда жүрек бар // «Әмиўдәрья», 2000, №5
[5] Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. –No’kis: Qaraqalpaqstan. 2012. –B. 19.

Bu’lbil sesti ti’ndi’, shayi’r quladi’.[1]

Bunda mi’lti’qti’n’ dawi’si’ «gu’rp» yetiwi arqali’ shayi’rdi’n’ wo’lgenligi haqqi’nda obrazli’ bayanlanadi’.

**Ko’rkem leksika** - so’z tan’law usi’li’ boli’p, wog’an arnawli’ leksikali’q birlikler antonim, amonim, sinonim, frazeologizm, varvarizm, vulgarizmler kiredi. Rus ilimpazi’ Tomashevskiy troplardi’ da ko’rkem leksikag’a kirgizedi.

Biz qaraqalpaq a’debiyati’nda balladalardi’ u’yrengenimizde ko’binese antonimlerdin’ wo’nimli qollang’anli’g’i’ni’n’ guwasi’ boldi’q. Antonimler balladalarda pikir ko’rkemliligin ta’miynlew menen birge lirikali’q qaharmanni’n’ sol momenttegi halati’n beriwde de qollani’ladi’. Mi’sali’:

“Bir **ji’g’i’li’p**, bir **turi’p**,
Albaw jandi’ qi’ynadi’”.

“Ayli’ **tu’n** su’ttey
**Tan’** jaqi’n.”[2]
“Aqi’lsi’zdi’n’ a’deti,
Haq adamg’a min taqpaq,
Negrdin’ **qara** kelbeti,
Biraq kewli senen **aq**.”[3]

Birinshi mi’salda antonimge ayri’qsha wazi’ypa ju’klengen. Wol lirikali’q qaharmanni’n’ awi’r jag’dayi’n ashi’p beriwde paydalani’lg’an. Yekinshi mi’salda tu’n ha’m tan’ antonimlerinin’ qollani’li’wi’ arqali’ lirikali’q qaharmanni’n’ ishki dag’dari’slari’n beredi. Al, «qara», «aq» antonimleri arqali’ du’nyadag’i’ qara ren’lerdin’ barli’g’i’ qara boyawg’a bu’rkelmegenligi ayti’ladi’.

Sonday-aq qaraqalpaq balladalari’nda basqa tillerden kirgen so’zlerde jiyi qollani’ladi’. Bunday so’zler ilimde varvarizmler (lat. “barbaris” – kelgindi) dep ataladi’. Mi’sali’:

Umi’ti’lmas awi’r so’z aytqanda mag’an.
**Tfu! Svoloch!** – dep ayti’p salg’anman.[4]

---

[1] Юсупов И. Шығармаларының 2 томлығы. I том. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1992. 59-б
[2] Сейтназаров Ғ. Сырласыў. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977. 96-б
[3] Сейтов Х. Таңламалы шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1984. 187-б
[4] Пиржанов У. Гүзги жапырақлар. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1983. 73-б

Bunda wori’s tilinen kirgen so’zlerdi qollani’w arqali’ lirikali’q qaharmanni’n’ satirali’q obrazi’n ashi’p beredi.

Mi’naw bir so’zge boldi’m men hayran:

- **Kogo ya viju**, keldin’iz qaydan?! [1]

Bul mi’salda bolsa qaraqalpaq jigitinin’ uri’sta wo’zin yemlegen rus qi’zi’ menen ji’llar wo’tkennen keyingi ushi’rasi’wi’n isenimli yetip beriw ushi’n qollani’lg’an.

Vulgarizmler – yamasa turpayi’ so’zlerde balladalarda shi’g’armada satirali’q ruwhti’ beriw ushi’n ha’m lirikali’q qaharmanni’n’ xarakterin isenimli ashi’p beriw ushi’n qollani’ladi’. Mi’sali’:

**Uzi’ni’na tu’skirdi** nege uzatti’n’,

Qali’n’ malg’a sati’p, ne payda tapti’n’!

Qi’zi’n’ da wo’zin’de **quri’p ket zan’g’ar**!

Qi’zlar anasi’na uqsaydi’ degen,

G’arri’ dey beresen’ **qartayi’p wo’lgir**,

Al, men qayaqlarg’a tartayi’n segbir?![2]

Bunda qi’zi’ toy ku’ni iyilip tu’sken yesiginen qashi’p ketkenine ashi’wi’ kelgen g’arri’ obrazi’ sheber ha’m isenimli jasaladi’.

Frazeologizmler ko’rkem shi’g’armada so’zdi i’qshamlap, obrazli’ yetip beriw ushi’n qollani’ladi’. Az so’zdi su’yiwshi balladalarda frazeologizmler a’sirese jiyi qollani’li’p woti’radi’. Mi’sali’:

**Qulaq tutti’m**, aytti’ g’a’rip anasi’n

Qalay uzatqani’n jalg’i’z balasi’n.[3]

**Toni’n teris kiyip ali’pti’**,

Basi’na da shalma shali’pti’.[4]

Birinshi mi’salda «qulaq tuti’w» frazeologizmi arqali’ ti’n’law, yesitiw degen ma’nilerdi obrazli’ bayanlap kelgen bolsa, yekinshi mi’salda, «toni’n teris kiyiw» frazeologizmi arqali’ sol adamni’n’ woyi’n jawi’zli’q iyelep alg’anli’g’i’ haqqi’nda xabar beredi.

---

[1] Сонда, 74-б

[2] Сонда, 80-б

[3] Қарабаев М. Жүректе қалған саза. // «Әмиўдәрья», 2000. №5

[4] Сейтназаров Ж. Өмир мурады. Нөкис, «Қарақалпақстан. 1976. 55-б

Ko’rkem su’wretlew qurallari’ni’n’ ken’ tarqalg’an tu’ri troplar – «basqa na’rsege aylani’w», «wo’zgeriw» ma’nilerin an’latadi’. Ko’rkem shi’g’armada troplar bir na’rseni su’wretlew ushi’n so’zdin’ tu’pkilikli ma’nisinde yemes, al basqa wo’zgergen, awi’spali’ ma’nisinde beriw ushi’n qollani’ladi’. Troplardi’n’ ko’rkem a’debiyatta epitet, ten’ew, metafora, metanimiya, sinekdoxa, simvol, janlandi’ri’w, allegoriya h.t.b. tu’rleri bar.

Epitet – ko’rkem shi’g’armada yen’ ko’p qollani’latug’i’n troplardi’n’ biri boli’p, wol shi’g’armani’ ha’r tu’rli ren’lerde boyap, tu’rlendiredi. Balladada epitetler shi’g’armani’n’ ko’rkemliligin ta’miynlep g’ana qoymay, shi’g’armani’n’ mazmuni’n ashi’wda da u’lken xi’zmet atqaradi’. Mi’sali’:

Qanli’ maydan, qa’ha’rli qi’s, qali’n’ qar,
Tu’nergen tu’n, tumli’-tustan tunshi’qqan.

Bunda avtor uri’s maydani’ni’n’ ko’rinisin isenimli ashi’p ko’rsetiw ushi’n epitetlerden paydalanadi’. Epitetler belgili bir seslik uyqasta (q-q, q-q, t-t) tan’lani’p, alliteraciya payda yetip kelgen.

Tun’g’i’yi’q tu’n, tu’si suwi’q, i’zg’ar tu’n,
Qami’s shiyden yesitiler si’rli’ tu’n.[1]

Bunda ba’ha’rdin’ ha’r tu’rli muqamg’a do’nip, ga’ jadi’rawi’n, ga’ tu’neriwin, birde nwo’zgeretug’i’n minezin tu’n jarpi’nda baqlap woti’rg’an diyxanlar tilinen epitetler arqali’ obrazli’ bayanlaydi’.

Ten’ew - ko’rkem shi’g’armada bir zatti’ yekinshi bir zat penen sali’sti’ri’p ko’rsetiw. Bul haqqi’nda a’debiyatshi’ S.Axmetov ha’m Q.Sultanov bi’lay deydi: «Ko’rkemlew qurallari’ni’n’ barli’q tu’rlerindey-aq, ten’ewler de jazi’wshi’ wo’sken wortasi’, wo’zine shekemgi a’debiy da’stu’r menen baylani’sli’ qollani’ladi’. Wo’ytkeni, avtor ten’ewlerdi wo’zine tani’s, xali’qqa tu’sinikli, sol xali’qti’n’ turmi’s tirishiligine baylani’sli’ jag’daylardan aladi’»[2]. Mi’sali’:

“Aspan boldi’ un yelegen yelektey,
Aspan boldi’ tu’bi tesik shelektey.”[3]

“Si’rg’aday si’ldi’rap jasi’l japi’raqlar

---

[1] Тәжимуратов С. Кеўил тербенислери. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986. 99-б
[2] Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1987. 155-б
[3] Тәжимуратов С. Кеўил тербенислери. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986. 100-б

Bi’g’-ji’g’ jug’i’rlasar – quslar, shi’mshi’qlar”.

1-mi’salda avtor ba’ha’rdin’ wog’ada jawi’n-shashi’nli’ boli’p kelgenin «un yelegen yelekke» yamasa «tu’bi tesik shelekke» ten’eydi. 2-mi’salda ta’biyat ko’rinisi ku’ta’ suli’w si’zi’p berilgen, japi’raqlardi’n’ i’rg’ati’li’p, si’ldi’rlasi’p turg’an ko’rinisin qi’zlardi’n’ qulag’i’ndag’i’ si’rg’alarg’a ten’eydi.

Metafora – (grekshe “meta”-qaytadan, “fora”-ko’shiremen) yeki predmet yaki ha’diyse arasi’ndag’i’ uqsasli’qqa tiykarlanadi’, uqsti’li’p ati’rg’an predmetke uqsawshi’ predmettin’ qa’siyetleri, si’pati’, belgileri ko’shirilip wo’tkeriledi. Mi’sali’:

Lekin ko’klem ku’lmes, jadi’ramas ku’n,
Mo’ldir ko’kti buli’t qaplag’an qashshan,
Bul ba’ha’r wo’zgeshe, bul ba’ha’r g’amgun,
No’ser jawi’n quyi’p zarlanar aspan.[1]

İnsaniyatqa ta’n sezimlerdin’ ta’biyat qubi’li’slari’na sin’diriliwi arqali’ yele won gu’linen bir gu’li ashi’lmag’an qi’zdi’n’ ayani’shli’ wo’liminen pu’tkil jer ju’zi qi’ynali’p qalg’anli’g’i’ obrazli’ bayanlanadi’.

Balladada metaforalar do’retiwshinin’ niyetin, alg’a qoyg’an ideyalari’n, woy-pikirin toli’q ha’m ko’rkem jetkerip beriw ushi’n qollani’ladi’.

Aynala sag’i’m ko’k ten’iz,
Ko’k ten’iz tolqi’nlani’wda
Biraqta sonnan bir urtlam
Bir tamshi’ jetpes ari’wg’a.[2]

Sho’ldegi sag’i’mni’n’ ko’k ten’izge megzetiliwi arqali’ shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ tarti’p kiyati’rg’an azabi’n woqi’wshi’ ko’z aldi’na keltiriw, shi’g’arma dramatizmligin asi’ri’wda qollani’ladi’. Qulag’i’zi’p qulag’an qi’z aynalag’a qarap «ko’k ten’iz»din’ tolqi’nlani’p turg’ani’n ko’redi, biraq qansha uri’nsa da wog’an jete almaydi’.

Giperbola. Ko’rkem shi’g’armada anaw yaki mi’naw na’rselerdi, sha’rayatlardi’, ko’rinislerdi, wolardi’n’ is-ha’reketlerin shennen ti’sqari’ bo’rittirip ko’rsetiw giperbola dep ju’ritiledi. Balladalarda giperbolalar

---

[1] Сонда, 101-б
[2] Сейтназаров Ғ. Сырласыў. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977. 96-б

shi’g’armadag’i’ keskinlikti, ko’terin’kilikti ku’sheytiw ushi’n qollani’ladi’. Mi’sali’:

“Basi’lg’an ayaqlar qang’a mali’ndi’,
Jas penen so’ndirdik jang’an jali’ndi’”.[1]
“An’sat wolja qanli’ qolg’a ilindi,
Tisler-tiske qayrali’si’p jelindi”.[2]
“Sebebi Xiywag’a shaqi’rti’pti’ xan,
Ti’rnaqti’n’ ushi’nda ko’rinipti jan.”[3]

Janlandi’ri’w – adamg’a ta’n bolg’an qa’siyetlerdi jansi’z predmetler, ta’biyat ha’diyseleri, haywanat ya quslarg’a ko’shiriw arqali’ payda bolatug’i’n su’wretlew qurali’. Bul termin grek tilinen ali’ni’p, «kelbet jasayman» degen ma’nisti an’latadi’. Balladada janlandi’ri’w insaniyat qi’yali’ na’tiyjesinde jasaladi’. Mi’sali’, Saparbay Ta’jimuratovti’n’ «Adam ha’m A’miw» balladasi’nda adam A’miw menen wo’z-ara so’ylesedi, adam wo’z da’rtlerin bayan yetedi:

Adam aytti’: «Bul du’nyada joq ten’in’.
Sen wo’zegi İnsan su’rer wo’mirdin’!»
A’miw aytti’: «Kewilin’di bas adam,
Keregin’nen arti’q bolar bermegim!»[4]

Sonday-aq balladada syujettin’ sheshiliwinde janlandi’ri’w wo’nimli qollani’ladi’. Bir toqtamg’a kele almay ati’rg’an qaharmang’a avtor ta’repinen ta’biyat qubi’li’slari’na jan yendirip wog’an ja’rdemge jiberiledi.

Wol tek i’mlar sag’an ya jani’p wo’sh dep,
«Meylin’ ya bunda qal, ya wonnan ko’sh», - dep,
«Men sendey mi’n’larg’a guwa bolg’anman» -
Dep yeskertip qoyar tek sag’an, sag’an…[5]

Bunda wo’mir joli’n tan’lay almay yekilenip turg’an qi’zg’a ay simvolikali’q obrazi’ni’n’ ja’rdemge keliwi arqali’ shi’g’armani’n’ sheshimi ayqi’nlasadi’.

---

[1] Қарабаев М. Жүректе қалған саза. // «Әмиўдәрья», 2000. №5
[2] Пиржанов У. Онда бәҳәр еди. Нөкис «Қарақалпақстан», 1977. 49-б
[3] Тәжимуратов Ә. Саўға. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1983. 43-б
[4]Тәжимуратов С. Кеўил тербенислери. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986. 86-б
[5] Пиржанов У. Гүзги жапырақлар. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1983. 82-б

Ha’r bir jazi’wshi’ tili wo’zine ta’n quri’li’sqa iye. Yeger woni’n’ so’z bayli’g’i’ ana tilinin’ so’zligi ta’repinen belgilense, qollaytug’i’n ga’p du’zilisinin’ wo’zine ta’n formalari’ ha’m sol tildin’ sintaksislik quri’li’si’ ta’rtibi menen ju’zege keledi. «Ko’rkem sintaksiste ha’r qi’yli’ usi’llar qollani’ladi’. Mi’sali’, ritorikali’q sorawlar, intonaciya, pauza, ritorikali’q qaratpa, u’ndewler, ta’kirarlawlar, antiteza, inversiya ko’p qollani’ladi’. Bulardi’ sintaksislik figuralar yamasa stilistikali’q figuralar dep te ju’ritiledi».

Ballada ushi’n ta’n bolg’an wo’zgesheliktin’ biri – bul ko’rkem ta’kirarlar boli’p yesaplanadi’. Wolar ballada waqi’yasi’ni’n’ rawajlani’wi’n, dramatik keskinlikti payda yetiwde, waqi’yani’ bayanlawdi’n’ tez rawajlani’wi’nda u’lken ro’l woynaydi’. Du’nya a’debiyati’nda do’retilgen xali’q balladalari’nda ta’kirarlar da’slep ha’r ba’nt son’i’nda sha’rtli tu’rde qollani’latug’i’n bolg’an bolsa, son’i’n ala bul qag’i’yda wo’zgertilip a’piwayi’ ta’kirarlar (ayi’ri’m so’z ha’m so’z dizbeklerinin’ ta’kirarlani’wi’) paydalana basladi’. Qaraqalpaq balladalari’nda ha’r ba’nt son’i’nda qaytalanatug’i’n ta’kirarlar da ushi’raydi’. Mi’sali’, J.Aymurzaevti’n’ «Gu’lba’ha’rim ko’rindi mag’an» balladasi’nda ta’kirardi’n’ usi’ tu’ri qollani’ladi’:

Bu’lbiller sayrag’an sha’men bag’i’nda,
Uyqi’lap jatqan yedim ba’ha’r shag’i’nda,
Seskenip woyandi’m tan’ni’n’ wag’i’nda,
**Tu’simde Gu’lba’ha’r ko’rindi mag’an**.[1]

Sonday-aq qatarlar arasi’nda da poetikali’q ta’sirshen’likti ku’sheyttiriw ushi’n da ta’kirarlar qollani’ladi’. Mi’sali’:

G’amgun qosi’q woqi’r bir woyshan bala,
**Si’bi’rlap ji’laydi’ la’bi dirildep,**
**Si’bi’rlap ji’laydi’ la’bi dirildep,**
Son’ appaq to’sekke atadi’ boyi’n.[2]

Yamasa:

**Sen awi’l qi’zi’ yedin’ a’piwayi’ g’ana,**
Wo’mir girdikari’n tatpag’an yele,
**Sen awi’l qi’zi’ yedin’ a’piwayi’ g’ana.**

---

[1] Аймурзаев Ж. Жетпис тоғызыншы бәҳәр. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1989. 27-б
[2] Реймов К. Бала ҳаққында ғамгун баллада // «Әмиўдәрья», 1988, №10

Ju’zin’ nurg’a toli’p jasnag’an yele.[1]

«Ballada waqi’yasi’, - dep jazadi’ V.Jirmunskiy, -epikali’q ta’kirarlani’wlar joli’ menen rawajlani’p baradi’. Ballada da ta’kirardi’n’ sonday tu’ri isletiledi, wol shi’g’arma waqi’yasi’n bir basqi’shtan yekinshi basqi’shqa ali’p wo’tiwge xi’zmet qi’ladi’…»[2]

Antiteza – (grekshe, “antithesis” – qarama-qarsi’ degen ma’nisti bildiredi) ko’rkem shi’g’armada waqi’yalar, obrazlar, tu’sinikler bir-birine qatan’ qarama-qarsi’ qoyi’lsa, antiteza usi’li’ kelip shi’g’adi’[3]. Ma’selen, J.İzbasqanovti’n’ «Yeki wo’lim balladasi’»nda wo’mirdegi jaqsi’li’q ha’m jamanli’q tuyg’i’lari’ wo’z-ara kontrastqa qoyi’p su’wretlengen.

Won’ gu’linen bir gu’l ashi’lmag’an qi’z,
Keshe ku’tpegende ko’z jumdi’.
Gu’zgi aqsham payi’ti’ siyreksip juldi’z,
Gu’zgi dalalarg’a telmirdi mun’li’…[4]

Shi’g’arma yeki bo’limnen ibarat boli’p, 1-bo’lim bir qi’zdi’n’ wo’liminin’ na’tiyjesinde arti’nda qalg’an insanlari’ni’n’ qayg’i’-ha’siret shegip qalg’anli’g’i’ ayti’ladi’, al 2-bo’limde bolsa adamlarg’a ha’r dayi’m jamanli’q woylap ju’riwshi insanni’n’ qazasi’. Bul yeki wo’lim wo’z-ara kontrastqa qoyi’li’w arqali’ jaqsi’li’q ha’m jamanli’qqa adamlardi’n’ mu’na’sibeti ashi’ladi’.

Shi’n. Wo’mir bar jerde qaza bar deser,
Bu’gin tag’i’ biri a’lemnen wo’tti.
A’sirlerden beri gezgen da’rdeser,
Woni’n’ ha’m basi’na jetti.[5]

Bunda yeki insanni’n’ biymezgil wo’limi ha’m lirikali’q qaharmanda wolardi’n’ wo’liminen payda bolg’an ta’siri na’tiyjesinde shi’g’armani’n’ bir pu’tin mazmuni’ kelip shi’g’adi’.

Ritorikali’q soraw. Jazi’wshi’ woqi’wshi’ni’n’ di’qqati’n belgili bir ha’diysege yaki mashqalag’a qarati’w, wo’zinin’ ku’shli sezimlerin bildiriw

[1] Нурыллаев Ж. Дүньяда жүрек бар // «Әмиўдәрья», 2000, №5
[2] Жирмунский В. Английская народная баллада. http://feb-web.ru/feb/litenc/encyclop/le2/le2-0491
[3] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Қарақалпақстан, 1994. 18-б
[4] Избасқанов Ж. Өмирге куштарлық. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987. 81-б
[5] Сонда, 81-б

ha’m ko’terin’ki pafosti’ ku’sheytiw maqsetinde shi’g’armada bazi’da ritorikali’q sorawlar beredi. Shi’g’armada ritorikali’q soraw beriledi yeken, wog’an kimnendur juwap talap yetilmeydi, ba’lkim usi’ arqali’ woqi’wshi’ni’n’ so’z yetilip ati’rg’an ha’diysege ayri’qsha itibar menen qarawdi’ u’ndeydi, yag’ni’y wo’zinin’ ku’shli sezimlerin woqi’wshi’g’a sin’diredi. Mi’sali’:

“Aytshi’ seniki ne bunshelli nali’w,
Qi’zlarg’a qi’yi’nba kelinshek boli’w?!”

“Senin’ i’qti’yari’n’, yerkin’ wo’zin’de,
Arti’n’a qaraysan’ ne bar izin’de?!”[1]

Avtor ritorikali’q soraw arqali’ lirikali’q qaharmang’a teren’ woy taslaydi’, woni’ wo’z muhabbati’na sadi’q qali’wg’a shaqi’radi’.

Ritorikali’q qaratpa. Ayi’ri’m waqi’tlar shayi’r yaki jazi’wshi’ shi’g’armag’a qatnasi’wshi’ personajlarg’a, na’rse-ha’diyselerge mu’ra’ja’a’t yetedi. Buni’ a’debiyatta ritorikali’q qaratpa dep ataydi’. Mi’sali’:

“Ayaday jer u’sti kewlime ayan,
Sen wo’zge qushaqta qalg’i’ma woyan!”

“Mag’an mun’ayasan’, sen nege jalg’i’z,
Yendi qi’yali’n’di’ tu’sindim, a’y qi’z…!” [2]

Uli’wma, biz balladalarda seslik wo’zgesheligin analizley woti’ri’p, B,Qayi’pnazarovti’n’ «Jetim» balladasi’nda alliteraciyali’q su’wretlew usi’li’ menen birge Shi’g’i’s poeziyasi’nan kirgen ko’rkem forma – muashshaq lirikali’q formasi’ni’n’ quramali’ tu’ri qollang’ani’ni’n’ guwasi’ boldi’q. Sonday-aq balladalardi’n’ leksikali’q wo’zgesheligi menen sintaksislik xi’zmetin de ashi’p ko’rsetiwge ha’reket yettik.

Degen menen, biz jumi’si’mi’zda ko’rkem til ma’selesine baylani’sli’ wo’zgesheliklerge azi’-kem toqtap wo’ttik. Balladalar ko’rkem til jag’i’nan ju’da’ bay janr. Biz izertlew obektine wolardi’n’ ayi’ri’m tu’rlerin g’ana tarta aldi’q. Bizin’she bul ma’sele wo’z aldi’na izertlewdi talap yetedi dep woylaymi’z.

---

[1] Пиржанов У. Гүзги жапырақлар. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1983. 79-б
[2] Сонда, 79-б

## JUWMAQ

XX a’sirdin’ 30-ji’llari’nan baslap qaraqalpaq a’debiyati’nda ballada janri’ndag’i’ shi’g’armalar payda bola basladi’. Shayi’rlari’mi’z insan wo’mirinin’ ayri’qsha bir momentin joqari’ pafosta keskin dramatik syujet tiykari’nda beriwde ballada janri’na ju’gindi ha’m bul bag’darda bir qansha tabi’slarg’a yeristi.

Ballada janri’ni’n’ du’nya a’debiyati’nda da’slepki ko’rinisleri awi’zeki xali’q do’retpelerinde ko’rinedi. Da’slepki balladalarda qosi’q teksti, muzi’ka ha’m ayaq woyi’nni’n’ qosi’li’wi’nan payda bolg’an. Balladalardi’n’ mazmuni’ yeki jasti’n’ muhabbati’, azap-aqi’retleri si’yaqli’ ma’seleler ji’rlani’p, wol ko’binese ba’ha’r bayramlari’nda atqari’lg’an. Da’wirler wo’tip xali’q balladalari’ni’n’ yekinshi basqi’shi’nda ayaq woyi’nnan aji’raladi’ ha’m ha’zirgi tiptegi balladalar payda boladi’.

Jazba a’debiyati’nda ballada janri’ da’slep Franciya qublasi’ Provans xalqi’ ma’deniyati’nda payda boli’p, wol wo’zine ta’n qatan’ ni’zamli’qlarg’a boysi’ng’an ha’m ha’r bir shayi’r wog’an boysi’ni’wi’ sha’rt yesaplang’an. Gilom de Masho, Estash Deshan, Fruassar, Xristina Pizanskaya, Alen Sharte bul janrda shi’g’armalar jazg’an. Du’nya a’debiyati’nda balladalardi’n’ jan’a tipi nemec shayi’ri’ Gotfrid Byurgerdin’ «Lenora» balladasi’ menen baylanasli’. Rus a’debiyati’nda usi’ tiptegi ballada XVIII a’sirdin’ aqi’ri’nda payda boldi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda ballada janri’ni’n’ da’slepki qa’liplesiw basqi’shi’ – XX a’sirdin’ 40-60-ji’llari’na tuwra keledi. Bul ji’llari’ qaraqalpaq a’debiyati’nda B.Qayi’pnazarovti’n’ balladalari’ u’lken wori’ndi’ iyeleydi. Woni’n’ 1937-ji’li’ jazi’lg’an «Jetim» balladasi’ qaraqalpaq a’debiyati’nda usi’ janrdi’n’ da’slepki u’lgisi si’pati’nda bahalandi’.

Sonday-aq talantli’ shayi’r İ.Yusupovti’n’ «Bulaq haqqi’nda ballada», «Shetkeridegi xata» balladalari’ janrdi’n’ qa’liplesiwine u’lken u’les qosti’. M.Qarabaevti’n’ da bul ji’llari’ birneshe balladalari’ jazi’ldi’. Soni’ da ayri’qsha atap wo’tiw kerek, qaraqalpaq a’debiyati’na ballada janri’ni’n’ kirip keliwi bir ta’repten a’debiy baylani’s ma’seleleri menen de baylani’sli’ boldi’. B.Qayi’pnazarov, İ.Yusupov M.Qarabaevlar bul ji’llari’ ja’ha’n a’debiyati’ndag’i’ yen’ jaqsi’ balladalardi’ qaraqalpaq tiline awdardi’ ha’m bul na’rse qaraqalpaq a’debiyati’nda ballada janri’nin’ rawajlani’wi’na tu’rtki boldi.

Bul da’wirde da’slepki ret balladalarda simvolli’q obrazlar payda boldi’. B.Qayi’pnazarovti’n’ «Ko’k yemen», İ.Yusupovti’n’ «Bulaq haqqi’nda ballada»si’ simvolli’q xarakterde boli’p tabi’ladi’. Bul ji’llari’ balladalarda ko’rkemlik jaqtan sa’tsiz jazi’lg’an balladalar da jazi’ldi’. A’.Ta’jimuratovti’n’ «Bes perde», B.Qayi’pnazarovti’n’ «Yeki soldat» balladalari’nda bayanlawshi’li’q xarakter basi’m yekenligi a’debiyattani’w iliminde de wori’nli’ si’ng’a ali’ndi’. Degen menen, bul shi’g’armalar qaraqalpaq a’debiyati’nda do’retilgen da’slepki balladalar bolg’anli’qtan – bunday kemshiliklerdin’ boli’wi’ ta’biyiy jag’day yekenligin yesapqa ali’p, wolardi’ qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ da’slepki balladalar si’pati’nda bahalaymi’z.

XX a’sirdin’ 70-80-ji’llari’na kelip qaraqalpaq a’debiyati’nda ballada janri’ a’dewir rawajlandi’. Bul ji’llar wo’zine ta’n «balladali’» ji’l boldi’. Qaraqalpaq a’debiyati’nda do’retilgen balladalardi’n’ basi’m ko’pshiligi usi’ ji’llari’ jazi’ldi’. Bul ji’llari’ shayi’rlar B.Qayi’pnazarov, İ.Yusupov, M.Qarabaevlardi’n’ qatari’na jas shayi’rlar J.İzbasqanov, K.Karimov, X.Da’wletnazarovlar kelip qosi’ldi’.

Sonday-aq talantli’ shayi’rlar J.Aymurzaev, X.Seytov T.Sa’rsenbaevlarda ballada janri’nda wo’zlerin si’nap ko’rdi. Balladalardi’n’ ko’rkemligi de a’dewir wo’sti. Syujet quri’w, wonda dramatik keskinlikti qollani’w, bul ji’llari’ ballada da ayqi’n ko’zge taslandi’. Wo’z gezeginde bul rawajlani’wlar balladalardi’n’ janrli’q tu’rleniwine de ta’siyrin tiygizdi. Lirikali’q, liro-epikali’q ha’m epikali’q xarakterdegi balladalar payda bola basladi’.

Balladada obraz jarati’w sheberligi de a’dewir wo’sti. Obrazlarda buri’ng’i’ miynet adami’, uri’sta qaharmanli’q ko’rsetken insanlar tiykarg’i’ temag’a aylanbay yendi insan psixologizmin ji’rlawg’a, woni’n’ ruwhi’y halatlari’n ashi’p beriwge itibar ku’sheydi. Bul ji’llari’ balladalarda ko’rkem psixologiyali’q xarakterdegi balladalar payda boldi’. Sonday-aq ko’pshilik balladalarda obrazlar simvolikali’q su’wretlew tiykari’na ko’ship, poetikali’q obrazdi’n’ polifanik ma’nislerin keltirip shi’g’aradi’. Bunday su’wretlewler tiykari’nan pikirdi obrazli’ jetkeriw menen birge, ko’p ma’nililikke de mu’mkinshilik jaratadi’. Ja’ne de ko’rkem detal arqali’ waqi’yani’ keltirip shi’g’ari’w ha’m usi’ tiykarda obrazli’li’qti’ asi’ri’w basli’ tiykar boli’p xi’zmet yetti. Soni’n’ menen qatar balladalarda ideya-tematikali’q jaqtan da

wo’siwshilik bayqaldi’. Yendi Watandarli’q uri’s, social-turmi’s ma’seleleri menen birge, muhabbat temasi’ da balladalardi’n’ basli’ temasi’ni’n’ birine aylandi’.

G’a’rezsizlik da’wir balladalari’ ushi’n xarakterli wo’zgeshelik – bul ji’llari’ balladalarda insan psixologizmin, insanni’n’ jeke ko’zqaraslari’n, woni’n’ ja’miyetke mu’na’siybetin ashi’p beriw tiykarg’i’ ma’sele boldi’. Bul ji’llari’ balladalar aldi’n’g’i’ ji’llarg’a qarag’anda az jazi’ldi’. Woni’n’ worni’na insan turmi’si’n ken’nen su’wretleytug’i’n, insan psixologiyasi’n teren’nen ashi’p beretug’i’n poemalarg’a ko’birek za’ru’rlik artti’. Degen menen, balladalarda da insan psixologiyasi’n ashi’p beriw ma’seleleri sa’tli shi’qti’. Bul da’wirge kelip balladalarda formali’q wo’siwshilik sezildi. M.Qarabaevti’n’ «Tariyxi’y tulg’alar», «Ju’rekte qalg’an saza» balladalar du’rkinleri jarati’ldi’. Sonday-aq jas shayi’rlar N.To’reshova, J.Nuri’llaev, X.U’bbiniyazov ballada janri’nda qa’lemin si’nap ko’rdi. G’a’rezsizlik da’wirge kelip balladalar tematikali’q jaqtan tu’rlendi. Tariyxi’y temadag’i’ balladalar jazi’ldi’. Bul bag’darda talantli’ shayi’r M.Qarabaevti’n’ worni’ ayri’qsha. Woni’n’ «Tariyxi’y tulg’alar» balladalar du’rkinine kirgen «Alp-Ana Tomaris», «Ha’mre-zada Yedige», «Qulpi’tastag’i’ tariyx» balladalari’ tariyxi’y temadag’i’ sa’tli jazi’lg’an balladalar boldi’. Uli’wma balladashi’li’qta M.Qarabaev yen’ ko’p ballada janri’nda qa’lem terbetip, janrdi’n’ qaraqalpaq a’debiyati’nda qa’liplesiwine, rawajlani’wi’na ken’ jol ashi’p berdi. Bul da shayi’rdi’n’ bir g’ana ballada janri’ndag’i’ do’retiwshilik evolyuciyasi’nan derek beredi.

Uli’wma g’a’rezsizlik ji’llari’ ballada janri’nda shi’g’armalar jazi’li’w biraz pa’seygen bolsa da, bul ji’llari’ balladalar formali’q ha’m mazmunli’q jaqtan, ko’rkemlik ta’repten ha’m ideya-tematikali’q bag’darda a’dewir wo’sti.

Balladani’n’ ko’lemi qi’sqa syujetke quri’lg’anli’qtan, wonda pikirdi awi’spali’ ma’nige quri’w, az so’z benen ko’p ma’ni bere ali’w, ko’binese pikirdi jasi’ri’n halda berip woqi’wshi’lar fantaziyasi’na qaldi’ri’w basli’ a’hmiyetke iye. Bul funkciya, a’sirese ko’rkem til elementleri ja’rdeminde a’melge asi’ri’ladi’. Ko’rkem fonetika - ko’binese shi’g’armada pikirdi ju’zege shi’g’ari’wda tiykarg’i’ qural boli’p qoymay, al, ha’r bir sestin’ xi’zmeti shi’g’armada u’lken wazi’ypani’ atqari’p keledi. Mi’sali’, B.Qayi’rnazarovti’n’

«Jetim» balladasi’nda seslik qaytalawlar arqali’ Shi’g’i’s a’debiyati’nan kirip kelgen muashshaq formasi’ jasalg’an. Bunnan basqa da balladalarda aliteratsiyalar, anaforalar shi’g’armada emotsional ta’sirshen’likti asi’ri’w ushi’n qollani’lg’ani’n bayqadi’q.

Balladada ko’rkem leksikali’q birlikler antonim, amonim, sinonim, frazeologizm, varvarizm, vulgarizmlerdin’ sonday-aq troplardan ten’ew, epitet, metafora, giperbola, janlandi’ri’wlar wo’nimli qollang’anli’g’i’n ani’qladi’q. Jane de ko’rkem su’wretlew usi’llari’ da balladalarda sheber qollani’ladi’. Wolardan ritorikali’q sorawlar, intonaciya, pauza, ritorikali’q qaratpa, u’ndewler, ta’kirarlar, antiteza, inversiya si’yaqli’ sintaksislik birliklerdi de analiz yetiwge ha’reket qi’ldi’q.

Biz jumi’si’mi’zda ko’rkem til ma’selesine baylani’sli’ wo’zgesheliklerge azi’-kem toqtap wo’ttik. Balladalar ko’rkem til jag’i’nan ju’da’ bay janr. Biz izertlew obektine wolardi’n’ ayi’ri’m tu’rlerin g’ana tarta aldi’q. Bizin’she bul ma’sele wo’z aldi’na izertlewdi talap yetedi dep woylaymi’z.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, ja’ha’n a’debiyati’nan bizge kirip kelgen bul yeski janr qaraqalpaq a’debiyati’nda wo’z hawazi’na, wo’z formasi’na ha’m wo’zine ta’n qa’siyetlerine iye bola aldi’, ha’r ta’repleme tu’rlenip, qaraqalpaq a’debiyati’n janrli’q jaqtan ja’ne de bayi’tti’. Shayi’rlari’mi’z xalqi’mi’zdi’n’ neshe-neshe a’sirlerden kiyati’rg’an bay ma’deniyati’n, u’rp-a’det da’stu’rlerin, turmi’s-ta’rizin so’z yetiwshi balladalardi’ janr talaplari’na say ra’wishte sheber do’retip woti’rdi’ ha’m janrdi’n’ bay mu’mkinshiliklerin milliy kolarit penen «suwg’ari’p», qayta islep shi’qti’. Biz a’ne usi’ wo’zinsheliklerdi bul ilimiy jumi’si’mi’zda azi’-kem so’z yetiwge ha’reket qi’ldi’q. Degen menen, joqari’da ayti’p wo’tkenimizdey, janrdi’n’ ashi’lmag’an ti’n’ ma’seleleri ju’da’ ko’p. Biz tek g’ana jumi’si’mi’zda XX a’sirdin’ 40-ji’llari’nan baslap g’a’rezsizlik ji’llari’nda do’retilgen balladalardi’n’ ayi’ri’mlari’n evolyuciyali’q jaqtan analizlep, wolardi’n’ ko’rkemlik, ideya-tematikali’q bag’dari’n g’ana ko’rip shi’g’i’wg’a ha’reket yettik. Al, balladalardag’i’ ko’rkem til ma’selesi, awi’zeki xali’q do’retpeleri menen ko’rkem sintezi, woni’n’ bazi’ bir janrlardan ayi’rmashi’li’g’i’, qosi’q quri’li’si’ ma’seleleri h.t.b. bir qansha wo’zinshelikleri wo’z aldi’na u’lken izertlew jumi’si’n talap yetedi dep woylaymi’z.

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar


**I. Wo’zbekstan Respublikasi’ Ni’zamlari’:**

1. Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 2000.
2. Билимлендириў ҳаққында Нызам. –Нөкис: Билим. 1997

**II. Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti pa’rmanlari’ ha’m qararlari’. Wa’zirler Mekemesinin’ qararlari:**

1. «Миллий истиқлол мафкураси халқ этиқоди ва буюк келажакка ишончдир». // «Фидокор». 2000. 8-июнь
2. «Бас мақсетимиз – кең көлемли реформалар ҳәм модернизациялаў жолын булжытпай даўам еттириў. // «Еркин Қарақалпақстан». 2012. 18-январь

**III. Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti I.A.Karimov shi’g’armalari’.**

1. Karimov I.A. Joqari ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. –Tashkent: Manaviyat. 2008.
3. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. 8-жилд. –Тошкент: Ўзбекистон. 2000.

**IV. Teoriyali’q a’debiyatlar:**

1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис: Билим. 1994.
2. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1988.
3. Балашов Д.М. История развития жанра русской баллады. –Москва: Петрозаводск. 1966
4. Белинский В.Г. Собр. Соч. в III томах. –Москва. 1948.
5. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. –Тошкент: Ўзбекистон. 2002.
6. Бондоренко Тимофей. Источник: Правда Горькая. 2004
7. Гуляев Н.А., Богданов А.Н., Юдкевич Л.Т. Теория литературы в связи с проблемами эстетики. –Москва: Высшая школа. 1970.

8. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. –Нөкис: Билим. 1998.
9. Ёқубов. Ҳ.И. Адибнинг маҳорати. –Тошкент: Фан. 1966.
10. Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. –No’kis: Qaraqalpaqstan. 2012.
11. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. –Нөкис: Билим. 1995.
12. Залесская Л.И. Поэзия советской Белоруссии: Лирика, поэма, баллада. –Москва. 1960.
13. Иванов В.А. Русская литературная баллада 1840-1890-х годов: Канд.дисс. —Смоленск. 2000.
14. Иезутова Р.В. Из истории русской баллады 1790-первой половины 1820-х гг. (Жуковский и Пушкин): Канд.дисс. афтореф. –Ленинград, 1966.
15. Иброҳимов М. Ўзбек балладаси. (жанрнинг келиб чиқиши ва хусусиятлари). –Тошкент: Фан. 1974.
16. Ковылин А.В. Русская народная баллада: происхождение и развитие жанра: Канд.дисс. —Москва. 2003.
17. Қабдолов З. Сөз өнери. –Алматы: Санат. 2007.
18. Қарақалпақ совет әдебияты тарийхының очерклери. –Тошкент: Фан. 1968.
19. Қарақалпақ совет әдебияты. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979.
20. Квятковский А. Поэтический словарь. –Москва: Советская энциклопедия. 1966.
21. Лазарева М.А. Теория литературы. –Москва: изд. МГУ. 1998.
22. Лекеров К. Развитие баллады в казахской литературе: Канд.дисс. афтореф. –Алма-Ата. 1967.
23. Мәмбетниязов Т. Поэзия ҳаққында ойлар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1985.

24. Насруллаев Ә. Заман ҳәм лиро-эпикалық поэзия. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1965.
25. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. –Нөкис: Билим. 1992.
26. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. –Нөкис: Билим. 2004.
27. Словарь старофранцузского языка, составили М.А.Бородина, М.В.Гордина, В.Ф.Шишмарев. –Москва-Ленинград. Академии наук. 1955.
28. Толстой О. О литературе. –Москва. 1956.
29. Тимофеев Л.И. Основы теории литературы. –Москва: Просвещение. 1940.
30. Тимофеев Л., Венгеров Н. Краткий словарь литературоведческих терминов. – Москва. 1958.
31. Томашевский Б.В. Теория литературы. Поэтика. –Москва: Аспект-Пресс. 2001.
32. Томашевский Б. Краткий курс поэтики, –Москва-Ленинград. 1931.
33. Умуров Ҳ. Адабиётшунослик асослари. –Тошкент: А.Қодирий номидаги «Халқ мероси» нашриёти. 2004.
34. Ҳализев В.Е. Теория литературы. Изд. 2. –Москва: Высшая школа. 2000.
35. Худойбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. –Тошкент: Иқтисодиёт ва молия. 2007.
36. Ҳамидова А. И.Юсупов творчессвосы ҳәм Европа әдебияты (Әдебий байланыслар ҳәм әдебий тәсирлер мәселеси): Канд. дисс. –Нөкис. 1999.
37. Шишмарев В.Лирика и лирики позднего средневековья, Очерки по истории поэзии Франции и Прованса. –Париж. 1911:

**2. Ko'rkem a'debiyatlar:**


1. Аймурзаев Ж. Жетпис тоғызыншы бәҳәр. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1989.
2. Дәўлетназаров Х. Хат. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1980.
3. Дилмуратов Ж. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1992.
4. Жапақов Н. Шығармаларының 2 томлығы. I том. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1978.
5. Избасқанов Ж. Тулпар ҳаққында баллада. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1975.
6. Избасқанов Ж. Өмирге қуштарлық. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1987.
7. Избасқанов Ж. Өмирге қуштарлық. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1987.
8. Каримов К. Ўақыт минарасы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1981.
9. Каримов К. Аралықлар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1981.
10. Қайыпназаров Б. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1981.
11. Қайыпназаров Б. Нәрўан. –Нөкис: Қарақалпақастан. 1972.
12. Қайыпназаров Б. Шығармалары (Таңламалы шығармаларының 1 томлығы). –Нөкис: Қарақалпақстан. 1993.
13. Қайыпназаров Б. Шығармалары (Таңламалы шығармаларының 1 томлығы). –Нөкис: Қарақалпақстан. 1993.
14. Қарабаев М. Алтын Босаға. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1982.
15. Қарабаев М. Жүректеги жаңғырық. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1984.
16. Қарабаев М. Алып-Ана Томарис // – «Әмиўдәрья». 2004. №3.
17. Қарабаев М. Зерде // – «Әмиўдәрья». 2000. №5.
18. Қарабаев М. Шейит // – «Әмиўдәрья». 2000. №5.
19. Қарабаев М. Дәрт // – «Әмиўдәрья». 2000. №5.
20. Пиржанов У. Гүзги жапырақлар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983.
21. Пиржанов У. Онда бәҳәр еди. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1977.

22. Сәрсенбаев Т. Қайнаўыт. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983.
23. Сейтназаров Ғ. Сырласыў. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1977.
24. Тәжимуратов Ә. Саўға. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983.
25. Төрешова Н. Перийзат. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1991.
26. Юсупов И. Шығармаларының 2 томлығы. I том. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1992.
27. Юсупов И. Жети асырым. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1961.
28. Юсупов И. Кеўилдеги кең дүнья. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1989.
29. Юсупов И. Тумарис ҳәм басқа поэмалар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1974.
30. Юсупов И. Тумарис ҳәм басқа поэмалар.–Нөкис: Қарақалпақстан. 1974.

**VI. Maqalalar, tezisler:**

1. Жирмунский В. Английская народная баллада:. —Северные записки, 1916. № 10.
2. Қошжанов М. Көркем сюжет: —«Өзбек тили ҳәм әдебияты» журналы, –Ташкент. 1963, №6.
3. Норматов У. Балладада давр ва қалб драмаси. –Тошкент: «Шарқ юлдузи». 1967, №3.
4. Поспелов Г.Н. К вопросу о поэтических жанрах, Доклады и сообщения филологического факультета МГУ, вып. 5 –М., 1948

**VII. Internet saytlari’:**

1. http: webpoet. narod/ru/workshop/1/fhtm/@copyright/
2. http://feb-web.ru/feb/litenc/encyclop/le2/le2-0491
3. http://cheloveknauka.com/
4. http://www.dissercat.com/content

## Bibliografiyali’q ko’rsetkish


1. Аймурзаев Ж. Ғарры палўан балладасы // Шығармаларының 2 томлығы. I том. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1980. –Б. 240-241.
2. Аймурзаев Ж. Ана балладасы // Шығармаларының 2 томлығы. I том. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1980. –Б. 241-243.
3. Аймурзаев Ж. Балладалық баянлама // Шығармаларының 2 томлығы. I том. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1980. –Б. 243-245.
4. Аймурзаев Ж. Ақ терек балладасы // Шығармаларының 2 томлығы. I том. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1980. –Б. 245-246.
5. Аймурзаев Ж. Қос балдақлы Қосымбет // Совет Қарақалпақстан. 1985. 26-апрель.
6. Аймурзаев Ж. Гүлбәҳәрим көринди маған // Жетпис тоғызыншы бәҳәр. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1989. –Б. 27-28.
7. Айтмуратов Р. Сур бойдақ // Жүрегимде жасап қал. –Нөкис: Қарақалпақстан. 2001. –Б. 51-53.
8. Айымбетов Ҳ. Айлық // «Әмиўдәрья». 1988, №10.
9. Дәўлетназаров Х. Жалғызлық // Хат. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1980. –Б. 10-15.
10. Дилмуратов Ж. Сырлы көл // Таңламалы шығармалары. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1992. –Б. 148-157.
11. Дилмуратов Ж. Ветеран еске түсиргенде // Сен мениң илхамымсаң. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1988. –Б. 77-84.
12. Дилмуратов Ж. Балалықтағы достым ҳаққында // Сен мениң илхамымсаң. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1988. –Б. 85-89.
13. Доспанов Қ. Арал шақырады // Саҳра шәшмелери. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. –Б. 38-48.
14. Доспанов Қ. Булақ жағасында // Саҳра шәшмелери. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. –Б. 53.

15. Доспанов Қ. Жети терек балладасы // Саҳра шәшмелери. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. –Б. 71-72.
16. Доспанов Қ. Үстирт балладасы // Саҳра шәшмелери. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. –Б. 73-78.
17. Доспанов Қ. Грузия сулыўы // Саҳра шәшмелери. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. –Б. 78-84.
18. Доспанов Қ. Машук дөгерегинде // Саҳра шәшмелери. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. –Б. 84-89.
19. Есемуратов Г. Ерназар алакөздиң төбеси // Алақанымдағы сызықлар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1981. –Б. 79-83.
20. Жаббарбергенов Р. Баяғыда… // Жағыс. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979. –Б. 46.
21. Жапақов Н. Қос терек ҳаққында баллада // Шығармаларының 2 томлығы. I том. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1978. –Б. 209-216.
22. Жумамуратов Т. Ушырасыў // Өмиримниң өзи философия. –Нөкис: Қарақалпақстан. 2005. –Б. 33-38.
23. Жумамуратов Т. Шымбайлы қыз // Өмиримниң өзи философия. –Нөкис: Қарақалпақстан. 2005. –Б. 77-79.
24. Жумамуратов Т. Отырыспа // Өмиримниң өзи философия. –Нөкис: Қарақалпақстан. 2005. –Б. 152-157.
25. Зияўов С. Биринши баслық // Шағала. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1984. –Б. 45-47.
26. Избасқанов Ж. Жаўынгер // «Әмиўдәрья». 1970. №2. –Б. 115.
27. Избасқанов Ж. Муҳаббат ҳаққында баллада // Лирика дәптеринен. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1982. –Б. 3-4.
28. Избасқанов Ж. Тулпар ҳаққында баллада // Тулпар ҳаққында баллада. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1975. –Б. 12-13.
29. Избасқанов Ж. Шыдам ҳаққында баллада // Лирика дәптеринен. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1982. –Б. 86.

30. Избасқанов Ж. Еки өлим балладасы // Өмирге куштарлық. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1987. –Б. 81.
31. Избасқанов Ж. Сынған тал ҳаққында баллада // Өмирге куштарлық. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1987. –Б. 46.
32. Избасқанов Ж. Кишкене баллада // Өмирге куштарлық. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1987. –Б. 59.
33. Изтурғанов Е. Алымбай батыр // «Әмиўдәрья». 2007. №3. –Б. 26-29.
34. Каримов К. Алма ҳаққында баллада // Ўақыт минарасы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1981. –Б. 46-47.
35. Каримов К. Уры сай // Аралықлар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1981. –Б. 24-26.
36. Кирқабақов А. Әке туўралы баллада // – «Әмиўдәрья». 1968. №11.
37. Кирқабақов А. Турақлылық // Өмир жыры. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1981. –Б. 21-22.
38. Қабулов Т. Избан қарақшы // Пәндиў нәсият. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1995. –Б. 79-81.
39. Қабулов Т. Қәўендер бала //Пәтулла зор. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1975. –Б. 51-57.
40. Қайыпназаров Б. Жетим // Таңламалы шығармалары. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1981. –Б. 9-11.
41. Қайыпназаров Б. Көк емен // Нәрўан. –Нөкис: Қарақалпақастан. 1972. –Б. 137.
42. Қайыпназаров Б. Көк емен ҳәм Зоя ҳаққында баллада // Шығармалары (Таңламалы шығармаларының 1 томлығы). –Нөкис: Қарақалпақстан. 1993. –Б. 98-100.
43. Қайыпназаров Б. Варшава ҳаққында аңыз // Шығармалары (Таңламалы шығармаларының 1 томлығы). –Нөкис: Қарақалпақстан. 1993. –Б. 100-102.

44. Қайыпназаров Б. Шоқ гүл // Шығармалары (Таңламалы шығармаларының 1 томлығы). –Нөкис: Қарақалпақстан. 1993. –Б. 103-106.
45. Қайыпназаров Б. Қан тамған қайың // Шығармалары (Таңламалы шығармаларының 1 томлығы). –Нөкис: Қарақалпақстан. 1993. –Б. 107-109.
46. Қайыпназаров Б. Мөлдир булақ // Мөлдир булақ. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1989. –Б. 70-82.
47. Қайыпназаров Б. Бағ ҳәм бағман // Мөлдир булақ. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1989. –Б. 64-69.
48. Қайыпназаров Б. Еки солдат // Шығармалары (Таңламалы шығармаларының 1 томлығы). Нөкис: Қарақалпақстан. 1993. –Б. 94-97.
49. Қайыпназаров Б. Қурбан коммунист // Гүлдәсте. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1974. –Б. 78.
50. Қарабаев М. Жаңа қостарлық // Алтын Босаға. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1982. –Б. 111-113.
51. Қарабаев М. Атам мениң дилўар болған // Алтын Босаға. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1982. –Б. 114-116.
52. Қарабаев М. Ақ периште // Алтын Босаға. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1982. –Б. 117-121.
53. Қарабаев М. Жаўынгердиң қалыңлығы // Алтын Босаға. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1982. –Б. 122-124.
54. Қарабаев М. Баласын таўып қайтқан әке ҳаққында баллада // Алтын Босаға. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1982. –Б. 125-127.
55. Қарабаев М. Қарақалпақ қызы // Жүректеги жаңғырық. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1984. –Б. 185-187.
56. Қарабаев М. Жаўынгердиң соңғы сөзи // Жүректеги жаңғырық. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1984. –Б. 214-215.

57. Қарабаев М. Ядымда турар күлимлеп // Жүректеги жаңғырық. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1984. –Б. 224-227.
58. Қарабаев М. Алақанымдағы жулдыз // «Әмиўдәрья». 1996. №11-12.
59. Қарабаев М. Зерде // – «Әмиўдәрья». 2000. №5. –Б. 36-37.
60. Қарабаев М. Шейит // – «Әмиўдәрья». 2000. №5. –Б. 37-38.
61. Қарабаев М. Кек // – «Әмиўдәрья». 2000. №5. –Б. 38.
62. Қарабаев М. Дәрт // – «Әмиўдәрья». 2000. №5. –Б. 39.
63. Қарабаев М. Алып-Ана Томарис //–«Әмиўдәрья». 2004.№3.–Б. 82-84.
64. Қарабаев М. Қулпытастағы тарийх //«Әмиўдәрья».2004.№3.–Б.84-87
65. Қарабаев М. Ҳәмире-зада Едиге // – «Әмиўдәрья». 2004.№3.–Б.87-89
66. Қурбанбаев И. Әўладларға бир әпсана // Ырғалыслар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1982. –Б. 102-112.
67. Нийетуллаев С. Сырлы терек // Әрманым мениң алдымда. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. –Б. 22-24.
68. Нурыллаев Ж. Дүньяда жүрек бар //«Әмиўдәрья». 2000.№5.–Б. 40-42.
69. Пиржанов У. Қыз муҳаббети ҳаққында баллада // Гүзги жапырақлар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. –Б. 70-84.
70. Пиржанов У. Тоғыз жигит ҳаққында баллада // Онда бәҳәр еди. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1977. –Б. 48-52.
71. Реймов К. Бала ҳаққында ғамгун баллада // «Әмиўдәрья». 1988, №10
72. Реймов К. Сантьяго Насарға хат // – «Әмиўдәрья». 1988, №10.
73. Сәрсенбаев Т. Шопан туўралы аңыз // Шабыўыл. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1989. –Б. 96-99.
74. Сәрсенбаев Т. Анам Зулхияның келини Зәҳуўраға тәселлиси // Шабыўыл. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1989. –Б. 99-102.
75. Сәрсенбаев Т. Қаўын қорық ямаса Сейтим ғарры туўралы сөз // Қайнаўыт. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. –Б. 59-67.
76. Сәрсенбаев Т. Қалықпа көпир ҳаққында баллада // Таңырқант. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1995. –Б. 117-119.

77. Сәрсенбаев Т. Айланба дүрре ҳаққында баллада // Таңырқант. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1995. –Б. 135-141.
78. Сәрсенбаев Т. Әйсе кемпир ҳаққында әпсана ямаса Әбдиқәдир ағамның айтқанлары // Таңырқант. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1995. –Б. 119-126.
79. Сәрсенбаев Т. Туттырмай кеткен пери ҳаққында баллада // Таңырқант. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1995. –Б. 141-143.
80. Сәрсенбаев Т. Балықшының баласы // Таңырқант. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1995. –Б. 126-128.
81. Сәрсенбаев Т. «Ешай паңқылдақ» ҳаққында баллада // Таңырқант. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1995. –Б. 129-134.
82. Сейтов Х. Жетим қыз ҳаққында баллада // Таң жулдызы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1977. –Б. 197-203.
83. Сейтов Х. Сөкит терек. // Таң жулдызы –Нөкис: Қарақалпақстан. 1977. –Б. 203-205.
84. Сейтов Х. Бекжан батыр ҳаққында баллада // Таң жулдызы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1977. –Б. 206-209.
85. Сейтов Х. Баймурат батырақ ҳаққында баллада // Таң жулдызы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1977. –Б. 209-210.
86. Сейтов Х. Қара таў қыссасы // Таң жулдызы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1977. –Б. 210-216.
87. Сейтов Х. Жаўынгер достым ҳаққында баллада // Таңламалы шығармалары. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1984. –Б. 181-183.
88. Сейтов Х. Негр баласы ҳаққында баллада // Таңламалы шығармалары. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1984. –Б. 184-187.
89. Сейтназаров Ж. Тыртықтың тарийхы // Өмир мурады. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1976. –Б. 49-58.
90. Сейтназаров Ж. Естелик // Өмир жолы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979. –Б. 129-133.

91. Сейтназаров Ж. Батырлық ҳаққында баллада // Өмир жолы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979. –Б. 133-138.
92. Сейтназаров Ж. Дүўденши // Өмир жолы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979. –Б. 138-146.
93. Сейтназаров Ж. Мурат // Өмир жолы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979. –Б. 146-150.
94. Сейтназаров Ғ. Қыз булақ // Сырласыў. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1977. –Б. 95-100.
95. Сейтназаров Ғ. Сүйиў жыры // Темир қазық. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1982. –Б. 50-56.
96. Сейтназаров Ғ. Наденька // Темир қазық. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1982. –Б. 56-62.
97. Сейтназаров Ғ. Атпас болар аққыўды // Темир қазық. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1982. –Б. 62-68.
98. Султанов К. Солдат ҳаққында баллада // Мәдели. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1984. –Б. 27-28.
99. Султанов К. Бирлик ҳаққында баллада // Мәдели. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1984. –Б. 70-74.
100. Тәжимуратов С. Назлы бәҳәр ҳаққында баллада // Кеўил тербенислери. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1986. –Б. 99-108.
101. Тәжимуратов С. Адам ҳәм Әмиў // Кеўил тербенислери. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1986. –Б. 85-99.
102. Тәжимуратов Ә. Бес перде // Саўға. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. –Б. 43-47.
103. Төрешова Н. Әсте-ақырын бола береди // Перийзат. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1991. –Б. 15-27.
104. Үббиниязов Х. Ана әрманы // –«Әмиўдәрья». 2009. №1. –Б. 101.
105. Хошниязов Ж. Қосық ҳәм гөззал қыз // Абылайсаң. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1984. –Б. 57-59.

106. Хошниязов Ж. Жаслықтың бир сәти // Абылайсаң. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1984. –Б. 59-62.
107. Хошниязов Ж. Таң ҳаққында баллада // Абылайсаң. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1984. –Б. 63-64.
108. Хожаниязов Ө. Разлив балладасы // Пәрўаз. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979. –Б. 85-92.
109. Хожаниязов Ө. Жүрек ҳаққында баллада // Пәрўаз. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979. –Б. 92-93.
110. Хожаниязов Ө. Тас ойыўшы ҳаққында баллада // Пәрўаз. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979. –Б. 93-96.
111. Хожаниязов Ө. Белгисиз солдат ҳаққында баллада // Пәрўаз. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979. –Б. 97-102.
112. Хожаниязов Ө. Бронза ҳаққында баллада // Пәрўаз. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979. –Б. 102-103.
113. Хожаниязов Ө. Тарас ҳаққында баллада // Пәрўаз. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979. –Б. 103-108.
114. Юсупов И. Шайыр ҳәм әжел //Шығармаларының 2 томлығы. I том. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1992. –Б. 53-59.
115. Юсупов И. Градустник ҳаққында баллада // Жети асырым. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1961. –Б. 24-28.
116. Юсупов И. Булақ ҳаққында баллада // Кеўилдеги кең дүнья. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1989. –Б. 39-40.
117. Юсупов И. Шеткеридеги хата // Тумарис ҳәм басқа поэмалар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1974. –Б. 236-242.
118. Юсупов И. Арзыгүл балладасы // Тумарис ҳәм басқа поэмалар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1974. –Б. 179-189.
119. Юсупов И. Таллы жағыстағы еске түсириўлер // Бүлбил уясы. –Нөкис: Билим. 1997. –Б. 23-25.